Á.QOSHANOV, O.DOSPANOV,
T.UZAKHBERGENOVA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ

7-KLASS

(V — XVI ÁSIRLER)

Ulıwma orta bilim beriw mektepleri ushın tolıqtırılǵan hám qayta islengen basılım

*Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

NÓKIS
«BILIM»
2018

UOK 94(575.172)(075.3)
KBK 63.3(5Qar)
Q-84

Qaraqalpaqstan tariyxı. 7-klass (V ásirden XVI ásirdiń baslarına shekem). Nókis. «Bilim» 2018-j. 104 bet.

UOK 94(575.172)(075.3)
KBK 63.3(0=Qar)
Q-84

Bul qollanbada V ásirden XVI ásirdiń baslarına shekemgi úlkemizge tiyisli maǵlıwmatlar berilgen. Onda erte orta ásirlerden baslap, orta ásirlerdegi qaraqalpaqlar tariyxı sóz etiledi. Qollanba ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 7-klass oqıtıwshıları hám oqıwshıları ushın arnalıp, keltirilgen tariyxıy derekler tiykarında, olar ótmish tariyxımız haqqında keń túsinikke iye boladı.

Pikir bildiriwshiler:

**Ismetullaev J.A** — *Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw minisrtligi ROMO metodisti;*
**Tajimuratov M.B.** — *Shımbay rayonı 10-sanlı mekteptiń tariyx páni muǵallimi;*
**Uzaqov B.S.** — *TashMAU Nókis filialı akademiyalıq liceydiń tariyx páni oqıtıwshısı.*

ISBN 978-9943-4190-8-7

© «Bilim» baspası, 2018.

# KIRISIW

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń aymaǵı ashıq aspan astındaǵı muzeyge uqsaǵan úlke bolıp, ol tariyxıy esteliklerge oǵada bay. Qaraqalpaqstan xalqınıń tariyxı ájayıp waqıyalarǵa tolı. V—XVI ásirlerde bul úlkede dóretilgen tariyx hám keyingi áwladlarǵa miyras etip qaldırǵan ata-babalarımızdıń ótmishi oǵada qızıqlı. Olardıń dóretiwshilik xızmeti arqalı payda bolǵan materiallıq mádeniyat úlgileri, ápsanalarǵa aynalǵan tariyxıy qaharmanları búgingi küngi áwladlardıń dıqqatına ılayıq.

Mıń jıldan aslamıraq waqıttı óz ishine alǵan bul dáwirde miynetkesh ata-babalarımız shólistanlıqlarǵa suw aparıp, bul úlkede diyqanshılıqtı rawajlandırǵan. Tıń hám partaw jerlerdi ózlestirip, olardı baǵı-bostanǵa aylandırǵan. Danıshpan xalıqtıń aqıl-oyı, sheberligi, mańlay teri, jumırı bileginiń kúshi menen awıllar hám qalalar boy tiklegen, ónermentshilik rawajlanǵan. Qalalar sawat ashıp xattanıw, ilimdi meńgeriw, bilimlendiriw, kásip hám óner úyreniw orayına aynalǵan. Bul dáwirde ájayıp jerleslerimiz Abu Rayxan ál-Beruniy hám basqa da danıshpanlardıń atları hám ilimi pútkil dúnyaǵa tanıldı. Óz dáwirine say mádeniyat rawajlandı.

Sociallıq turmısta qatlamlanıw jáne de tereńlesti. Tariyxıy rawajlanıwdıń talabına say diyqanshılıqta mayda feodallıq iyelikler payda boldı. Bul dáwirde Eftaliyler, Túrk qaǵanlıǵı, Samaniyler, Xorezmshahlar, Temur mámleketleri boldı. Usı mámleketler Ullı Jipek jolınıń orayında bolıp, Qıtaydı Jer Orta teńizi mámleketleri menen baylanıstırıp turǵan. Bul mámleketlerdiń átirapında bolsa, sawdanıń kúshli rawajlanǵanlıǵı kózge túsedi. Bul dáwirde Uzaq hám Jaqın Shıǵıs mámleketleri Evropa mámleketleri menen elshiler jiberip, baylanıslar ornatqan. Solay etip, bul dáwirde Orta ásirlik dáwirge hám onıń tártiplerine say oǵada bay tariyx dórendi.

Orta ásirlerdiń dáslepki dáwirinde pútkil Orta Aziya mámleketleri sıyaqlı Xorezm mámleketi de Arab xalifalıǵı

tárepinen basıp alındı. Bul úlkede islam dini hám musılman ideologiyası ornadı. Xalıqtıń burıńǵı dini hám isenimleri, ásirler dawamında qáliplesken ruwxıy baylıǵı joq etildi.

Qaraqalpaqstan jerindegi Xorezm mámleketi Xalifatlar ústemliginen qutılıp, ǵárezsiz rawajlanǵan jılları ilim, mádeniyat keń rawajlandı.

Házirgi Qaraqalpaqstan jeri XIII ásirdiń basında ullı Xorezmshahlar qol astında bolıp, soń Shıńǵısxan mámleketiniń quramına kirdi hám XIV ásirdiń aqırında Temur mámleketiniń quramında boldı. Bul dáwirde xalqımız ullı tariyxıy waqıyalardıń dóretiwshisi hám gúwası boldı.

Jergilikli xalıq hár qıylı sırt el basqınshılarınan azap kórdi. Hár saparı xalıq óziniń dóretiwshilik miynetiniń arqasında qıyraǵan xojalıǵın qayta tikley aldı, tirishilik dawam etti. Óz dáwirine sáykes mádeniyatı rawajlanıp bardı. Mıń jıldan aslam ájayıp tariyxtı óz ishine alǵan bul dáwir biziń ata-babalarımızdıń ótmishtegi turmısın kóz aldımızǵa sáwlelendiredi.

Bul sabaqlıq úsh bap ham óz nawbetinde temalarǵa bólingen. Temadaǵı maǵlıwmatlardı úyreniwdi jeńillestiriwge qaratılǵan hárbir tema sońında qadaǵalaw ushın sorawlar hám tapsırmalar berilgen. Bul tapsırmalardı orınlaw arqalı sizler tema mazmumn ózlestirip barasız. Soraw hám tapsırmalardıń juwapların erinbey sabaqlıq tekstinen izlep tabıń hám bul arqalı siz, muǵallimniń úyretken bilimine qosımsha óz betinshe úyrenesiz. Adamnıń óz betinshe úyrengen bilimi heshqashan umıtılmaydı. Sonday-aq, sabaqlıqta hárbir temada berilgen túsinikler, sáneler menen bir qatarda zárúr waqıyalarda xronologiyalıq kesteler, kartalar menen súwretlerge dıqqat awdarıp, úyrenip barsańız temanıń mazmunın túsiniwge járdem beredi. Sabaqlıq súwretler, sızılmalar, atamalardıń túsinikleri, klass jumısı hám úyge tapsırmalar menen tolıqtırılǵan. Hárbir temanıń aqırındaǵı soraw hám tapsırmalardı qosımsha dápterlerge jazıp barǵanıńız maqsetke muwapıq boladı.

# I BAP. QARAQALPAQSTAN ERTE ORTA ÁSIRLER DÁWIRINDE

## §1. Qaraqalpaqstanda erte orta ásirler dáwirinde dáslepki feodallıq qatnasıqlar

**Siyasiy jaǵdaylar**

I—IV ásirlerde jáhán xalıqları tariyxında úlken siyasiy ózgerisler júz berdi. Oraylıq Aziyada, Kushan imperyasınıń ómir súriwi toqtadı hám ornına mayda feodallıq mámleketler dúzildi. Bular Xorezm, Buxara, Kerder hám Shash mámleketleri edi. III—V ásirlerde Aral boyları hám Xorezmge, Altay, Jetisúw, Batıs Sibir, Shash (Tashkent) jerlerine túrk etnosları kelip jergilikli xalıqlar menen aralasıp jasay basladı. Siyasiy-ekonomikalıq jaqtan hálsiregen Xorezm mámleketi kóship kelgen qáwimlerdiń el ishine aralasıwına qarsılıq kórsete almadı. Aral átiraplarına kelgennen keyin túrklerdiń bir bólegi bul jerde mákan basıp qalǵan. Arab tariyxshısı Tabariy Kaspiy teńiziniń qubla-shıǵıs átiraplarına Iran xanları salǵan qorǵanıw bekinislerin táriyiplep jazıp qaldırǵan hám onıń ishinde túrkler «Xorezm arqalı júrip, Gúrgenge deyin baradı», — dep kórsetken. Orta Aziyanıń basqa jerlerindegi xalıqlar sıyaqlı Aral átirapı xalıqlarınıńda túrkler menen qońsılas aralasıp jasaǵanı bul jerlerdegi xalıqlardıń qáliplesiwine óz tásirin tiygizgen. Bul jaǵday jergilikli xalıqlardıń til qatnasıqlarınıń túrklesiwine, túr sıpatınıń antropologiyalıq tipiniń mońǵollasıwına alıp keldi. Xorezmde kóshpeli hám yarım kóshpeli qáwimlerdiń aralasıwı jergilikli xalıqtıń mádeniyatına tásir etti. Degen menen, bul waqıtları bunday aralasıw menen ózgerislerdiń kólemi júdá aytarlıqtay bolmaǵan. Mısalı ushın ónermentshilikke aldıńǵı dáwirdegi islep shıǵarılǵan gúlal ıdıslarǵa qaraǵanda olardıń

***III—V ásirlerde túrk etnosları kelip, jergilikli xalıqlar menen aralasıp jasawı menen jergilikli xalıqlar túrklesti***

forması ózgerdi, ılaydı tayarlaw usılları jetilistirildi, ıdıslardı soğıw hám olarğa nağıslar salıwda ózgerislerge ushıradı. Antik dáwirlerde keń taralğan bakallar, suw salıp júretuğın ıdıslar burınğıday islenbegen. Idıslardıń ustağıshların arıslan súwretleri menen bezew usılları gezlespeydi.

Gónewaz, Xanqaqala hám Mizdakxan qalalarınıń III ásirdiń aqırı menen IV ásirge tiyisli qatlamlarındağı qoyımshılıqlardan tabılğan materiallar arqalı Xorezmge usı dáwirlerde jańa etnikalıq toparlardıń kelgenligi anıqlandı.

V ásirdiń ortalarınan baslap Orta Aziyada siyasiy ústemlik eftallar qolına ótedi. Olar óz mámleketin Orta Aziyanıń qubla walayatlarında payda etedi. Tariyxshı alımlardıń pikiri boyınsha, eftalitler — jergilikli Orta Aziya qáwimlerinen esaplanıp, xionitlerge tuwısqan, áyyemgi massagetlerdiń áwladları bolğan hám gunnlar menen azğana aralasqanlıqtan olar aq gunnlar dep atalğan. S. P. Tolstovtıń pikirinshe eftalitler háreketiniń dáslepki dáwirinde eftalitler menen Xorezm baylanısta bolğan. Usı jerden olar qublağa qaray jılısqan. Xorezm Orta Aziyanıń arqa shetinde jaylasqan mámleket bolıp, onıń bir bólimi sahranıń ortasında jaylasqanlıqtan, sahra qáwimleriniń hújimlerine birinshi bolıp ushırağan. IV ásirde Ishki Mongoliyanıń dalalarınan gunnlardıń ordaları kóship shığa baslağan. Dáslep olar Aralğa, sońınan Batıs Evropağa shekem barıp jetken. Xorezmniń arqasındağı keń-paytaxt keńisliklerde alan qáwimleri qomslasqan. Olar, sondayaq, Kaspiy teńizi menen Aral teńiziniń aralığındağı barlıq jerlerdi hám Aral teńiziniń arqa-shığıs tárepindegi aymaqlardı da iyelegen. Bul jerler tariyxıy dereklerde Yancay jılnamaları boyınsha massagetler dep atalğan qáwimlerdiń jerleri bolğan, al biziń eramızdıń baslarında alan qáwimleriniń kelip ornalasıwına baylanıslı Alanlar eli (Alanstan) dep atalğan.

### IV—VI ásirlerdegi Xorezmniń social ekonomikalıq turmısı

III — IV ásirlerdegi dağdarıslardan keyin Xorezmniń birneshe qalaları bosap qaldı. Qoyqırılğanqala, Aybúyirqala, Janbasqala, Bazarqala, Iyshan, Aqshaqan tağı basqa qalalarda tirishilik toqtaydı. Kelteminar, Tazabağjap, Xeykanik (Palwan jap) kanalları boylarındağı egislik maydanları

qısqaradı. IV — V ásirlerde ishki siyasiy hám jámiyetlik ekonomikalıq dağdarıstan keyin Orta Aziyada, sonıń ishinde Aral boylarında ertede orta ásirlerdegi feodallıq óndirislik qatnasıqlar qáliplese baslaydı. Qaraqalpaqstannıń áyyemgi xalıqlarınıń turmısında qul ielewshilik qatnasıqları úlken orın iyelegen bolsa da, óndiriste, ayrıqsha awıl xojalığında qullarğa qarağanda jámáattiń erkin ağzaları jetekshilik orında boldı. Sociallıq qatlamlamwlar tereńlesti. Nátiyjede, tiykarınan qollarında kóplegen qullar bar, úlken-úlken jer maydanların, sawda kárwanların iyelep otırğan áskerbasıları, qul iyelewshi baylar hám ruwxaniyler júzege keledi. Qatardağı jámáát ağzaları olarğa hár qıylı jağdayda ğárezli awhalğa túsip qalğan. Endi usı eki qatlam arasındağı shiyelenisken qarsılıqlar tereńlesiwin dawam etti. Mámleketlik hákimiyat qollarında armiyası bar patshalardıń basshılığındağı aqsúyekler menen ruwxaniylerdiń qolına toplandı. Kúshli oraylıq hákimiyatqa súyene otırıp, ústemlik súrip otırğan joqarğı qatlam qullardı hám jámáattiń erkin ağzaların qattı ezip otırdı. IV — VI ásirler Xorezmde qullıq jámiyet penen feodallıq jámiyettiń aralığı bolğan. Usı eki ásirdiń ishinde eldiń xojalığında hám qala turmısında eń áhmiyetli ózgerisler boldı. Feodalizmniń júzege keliwin támiyinlewshi tiykar jaratıldı. Óndiristegi alğa ilgerilewshi jetiskenlikler eldiń sociallıq hám ekonomikalıq turmısına unamlı tásir etken hám rawajlanıw ushın paydalı tájriybeler kem-kemnen toplanıp barğan. Suwğarıw tarawları jetilistirilgen, kanallar tereńlestirilip, tarnawları kóbeytilgen. Bul jağdaylar miynetkesh diyqanlardıń atızlardı burınğıdan jaqsıraq suwğarıwına, jańa jerlerdi ózlestirip, egislik jer maydanların keńeytiwine múmkinshilik bergen. Dándi unğa aylandırıw usılı da birqansha jetilistirilgen. Eki tastıń arasına dándi salıp, ısqılap unğa aylandırıwdıń ornına, endi eki dóńgelek tastı aylandırıw arqalı un tartıwğa, yağnıy digirmandı qollanıwğa ótken. I ásirde kishkene digirmanlardan paydalanğan bolsa, endi úlken digirmanlar da qollanılğan.

***IV — VI ásirler qullıq jámiyeti menen feodallıq jámiyettiń aralığı boldı***

IV — VI ásirlerdegi digirmanlar iri dóńgelek taslardan qurılǵan. Bunday digirmanlarda dán tartıw birqansha ónimli boldı.

### *Sorawlar hám tapsırmalar*

1. Xorezm, Buxara, Kerder hám Shash mámleketleri qaysı imperyanıń ornında payda boldı?
2. Qul iyelewshilik dúzim menen feodallıq dúzimniń parqın aytıp beriń. Qaysı dúzim aldıǵa ilgeriledi hám ne ushın? Qaraqalpaq jerinde feodallıq qatnasıqlardıń bolǵan waqtı qashan?
3. III—V ásirlerde Aral boylarına qaysı etnoslar kelip jergilikli xalıqlar menen aralasıp jasay basladı?
4. IV ásirde Ishki Mongoliyanıń dalalarınan kimlerdiń ordaları kóship shıǵa baslaǵan?
5. Sociallıq qatlamlanıwlar tereńlesti degende nenı túsinesiz?
6. Feodlizmniń júzege keliwin payda etiwshi negiz qaysı asirlerde qáliplese baslaǵan?
7. Digirmandı ne ushın qollanǵan?

## §2. Qaraqalpaqstan aymaǵın afrigiyler basqarǵan dáwirde

#### Afrigiyler áwladı haqqında maǵlıwmatlar

B.e.sh. IV—I ásirler—eramızdıń I—XIV ásirlerine tiyisli esteliklerdiń qarabaxanaların Burıngı Awqam Ilimler akademiyasınıń Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyası izertledi. Bular Tórtkúl, Ellikqala hám Beruniy rayonlarında házirgi kúnge deyin saqlanǵan. Usı esteliklerdi izertlew nátiyjesinde alınǵan kóplegen qızıqlı materiallar arqalı feodallıq jámiyettiń dáslepki dáwirindegi afrigiyler áwladı (dinastiyası) tariyxı aytarlıqtay tolıqtırıldı. IV—VIII ásirlerde Qaraqalpaqstannıń házirgi aymaǵınıń bir bólegi jergilikli xorezmli áwlad (dinastiya) tárepinen dúzilgen hám X ásirge deyin ústemlik súrgen Afrigiyler mámleketine qaraslı bolǵan.

Bul mámleket ataması oǵan tiykar salǵan, Afrigqa baylanıslı bolıp, bul haqqında Beruniy óziniń «Ótken áwladlardıń estelikleri» degen shıǵarmasında eske túsirip ótedi. Beruniydiń atap kórsetiwine qaraǵanda, 305-jılları Xorezmdi Afrig basqarǵannan baslap Xorezmde jańa áwlad (dinasti-

yanıń) dáwiri baslandı. Ol patsha Afrigtiń atı menen ataldı. Ol paytaxttı Topıraqqaladan, Qıyatqa kóshiredı (Kat) hám qala janınan Al-Fir (Al-Fil) atlı bekinis háwli-sarayın saldıradı. Onıń qaldıqların búgingi kúni Beruniy qalasınan kóriwimizge boladı. Afrigiyler áwladı 305—995-jıllar aralığında Xorezmdi basqarğan. Usı jıllar ishinde Xorezmde 22 shah ózgeredi. 995-jılı Qıyat qalasın Gurgandj húkimdarı Mamun basıp aladı hám paytaxt Qıyat qalasın Gurgandjge (Góne Úrgenishke) kóshiredi. Beruniy Afrigti Irannıń jawız patshası Ezdegerd penen teń boldı dep jazğan. Afrigtiń patshalıq etken dáwirinde eldegi jağday oğada qıyınlasqan, iri jer iyeleri bolğan aqsúyekler patshadan ğárezsiz jasawğa umtılğan.

***Afriygidlerdiń áwladı 305—995-jıllar aralığında ústemlik súrgen***

**Turaq jaylar**

Usı waqıtlardağı awıllıq turaq jaylardıń hám qonıslardıń kórki keskin ózgeriske ushradı. Turaq jaylardıń maydanı aytarlıqtay úlkeygen. Úlken háwliler menen saraylar payda bolğan. IV ásirde hám V ásirdiń aqırında úlken jaylardıń sırtına bekinisler salına baslağan, ayırım jaylardı bir, hátteki eki qatar diywal menen qorshağan. IV—VI ásirge tiyisli bekinis qorğanlar: Yakke-Parsan, Búrkitqala, Atsızqala, Tesikqala, Kishi Qabatqala, Úyqala, Adamlıqalaları boldı. Qorğanlarda jekke, siyrek minaralar ushırasadı, dárwazalardı júdá bekkem qurğan. IV—V ásirlerde óz aldına bekinisli qonıslardıń payda bolıwı awıllıq jámáátlerdiń qatlamlanıwınan derek beredi. IV—VIII ásirlerge tán qurılıslardıń sırtqı diywalları tórtmúyesh bolıp olardan Yakke-Parsan qurılıs qaldıqları respublikamızdıń házirgi Ellikqala rayonında jaylasqan. Qalanıń kólemi 74x54, kv.m, diywallarınıń uzınlığı 3 m bolıp saqlanğan. Átirapları minárlar menen bekkemlenip, diywalları yarım kolonnalar menen bezelgen. Estelikte bolıp ótken arxeologiyalıq qazılmalar nátiyjesinde terige jazılğan Xorezm qol jazbası, ağashqa oyılğan Tawıs qusı sáwlelengen

## IV—VI ásirge tiyisli bekinis qorǵanlar: Yakke-Parsan, Búrkitqala, Atsızqala, Tesikqala, Kishi Qabatqala, Úyqala, Adamlıqala

tamǵa, shiyshe hám tas monshaqlar, jún, paxta hám jipek kiyimler qaldıqları, qola buyımları, gúlal ıdısları hám sol dáwirlerge tán teńgeler tabılǵan. Úlken xojalıqlardıń ósip-ónip, kem-kemnen kóbeyiwi, olardıń keńeyiwine alıp kelgen. Jańa etnikalıq toparlardıń kelip qosılıwı eldiń ishindegi social-etnikalıq qatnasıqlardıń ósiwi hám basqa da sebeplerdiń tásiri awıllardaǵı turaq jaylardıń kórkine ózgerisler engizgen. Usı dáwirdegi Xorezmniń qorshaǵan qáwimler menen óz ara qatnasıqların bildiretuǵın esteliklerdiń biri Taxtakópir rayonında jaylasqan Baraqtam (IV—V ásir) qonısı hám Uzboydıń boyındagı Igda (IV ásir) qorǵanı bolıp esaplandı. Baraqtam eki qabatlı biyik etip salınǵan turaq jay bolıp, ol sharwa adamınıń buyırtpası boyınsha salınǵan. Jaydıń bastırılıwı qara úydi eske túsiredi. Bul jaylar tiykarǵı kásibi mal sharwashılıǵı bolǵan, yarım kóshpeli sharwa xalıqlardan qalǵan. Olardıń jaylarınıń hár qıylılıǵına qarap bul xalıqlardıń jámiyetlik turmısında keskin sociallıq qatlamlarǵa ajıralıwı baslanǵanlıǵın kóremiz. Baraqtam menen Igda qorǵanın házirgi ilimpazlar, arxeologlar xionitler bas bolǵan qáwimlerdiń birlespesinen qalǵan estelikler dep




Yakke-Parsan qorǵan

boljaydı. Bir qatar izertlewshiler xionitlerdi Aral átiraplarııı jaylağan sarmat massaget xalıqları qáwimleriniń hám ol qáwimlerge aralasqan gunnlardıń áwladları dep esaplaydı. IV—V ásirlerde Orta Aziyada en jayğan siyasiy waqıyalarda xionitler belgili orın tuttı. IV ásirdegi xionit sasaniylerdiń urısları waqtında Uzboydıń (Ámiwdáryanıń Kaspiy teńizine quyğan tarmağı) orta boyındağı tik jarlıq taslaqtağı arnanıń boyına Igdaqala qorğanınıń salınıwı buğan dálil. Bul qala Xorezm qurılısshıları óneriniń kúshli tásiri menen salınğan.

**Qalalar**

Erte orta ásirde diywallar menen qorshalğan biyik minaralar bar háwliler janınan, ónermentlerdiń qonıs basıwı hám sawdanıń rawajlanıwı nátiyjesinde Xorezmde orta ásir qalaları rawajlandı. Mısalı, Búrkitqala, Úyqala, Xazarasp, Iyshanqala hám Tesikqala usınday jol menen qáliplesken. Bul qalalar eki bólimnen ibarat bolğan. Birinshi bóliminde tığız jaylasqan turaq jaylar ornı bolsa, ekinshi bóliminde ónermentler, olardıń ustaxanaları hám bazar jaylasqan. Afrigiyler dáwirinde qala qurılısı júdá joqarı dárejede rawajlanğan. Feodallardıń háwlileri, saraylar sol dáwirdiń óz zamanındağı arxitekturalıq qurılıs tarawı boyınsha toplanğan tájriybeleri tiykarında, qorğanıw texnikaların esapqa alıp qurğan. Eger, sırtqı dushpan háwli qorğanlardı qorshap alğanda, qala ishindegi qamaldağı xalıqtı belgili waqıtqa shekem suw menen támiyinleytuğın qala ishinde suw tolğan háwizler hám qudıqlar bolğan. Usınday erte orta ásir qalalarına: Yakke-Parsan, Tesikqala, Atsızqala, Búrkitqala, Adamlıqala kiredi. Qala ishindegi turaq jaylar diywaldı jağalap, sekciyalarğa bólindi. Turaq jaylar úsh-tórt bólmeden turğan hám ortasında oshaq, diywal qaptallarında sıpalar bolğan.

Tesikqala turaq jayları ılaydan oyıp islengen nağıslar frizler (*francuz tilinen alınğan bolıp — arxitekturalıq qurılıs*

> ***Qalalar eki bólimnen ibarat bolğan. Birinshi bóliminde tığız jaylasqan turaq jaylar ornı, ekinshi bóliminde ónermentler, olardıń ustaxanaları hám bazar jaylasqan.***

*diywallarında gipske yamasa ılayğa oyılğan dekorativlik kórinis)* menen bezelgen. Tesikqala ójirelerinen hár túrli gúlli gilem nusqaları tabıldı. Yakke-Parsandağı turaq jaylar gúmbez tárizli etip bastırılğan. Bul háwli jaylarda erte orta ásirlerde atalar basqarğan úlken shańaraq ağzaları jasağan. Jaylardıń arnawlı bólmelerinde qullar hám kediverler turğan hám olar úlken shańaraqqa xızmet etken.

**IV—VI ásirlerdegi awıl xojalıq**

Usı dáwirlerde eldegi hám oń jağalıqtağı egislik jerlerdiń maydanı ádewir qısqarğan. Oń jağalıqtağı Xorezmniń áyyemgi **Kelteminar hám Qıyat** kanallarınan suw ishetuğın jerlerinde suwsızlıqtan tirishilik joq bolğan, sonday-aq, áyyemgi **Tazabağjap** kanalı alabında (Házirgi *Tórtkúl, Beruniy* rayonlarınıń jerleri) xojalıqtıń birqansha tómenlegeni seziledi. Shep jağalıqtağı **Shermenjap** kanalınıń boylarındağı egislik jerleri de qısqarıp ketken. Erte orta ásirlerde awıl xojalıq eginlerinen júweri, biyday, arpa, salı, paxta, temeki, jońıshqa, tut ağashları, bağshılıqta shiye, erik, alma, qáreli, shabdal hám anar múywelerin ekken. Bul eginlerdiń házirgi eginlerden ayırmashılığı júdá az bolğan. Sonday-aq, júzimgershilik rawajlanğan hám olardan ishimlikler islengen. IV — VI ásirlerde awıl xojalığında tóginlerden keńnen paydalanğan, ásirese góne jaylardıń diywalların hám gerbishlerin atızlarğa shığarğan. Bul ilajlar awıl xojalığınan mol zúráát alıwğa múmkinshilik jarattı. Miynet qurallarınan burınğıday bel, ketpen, oraq, júzim qırqatuğın temir qayshılardan hám pıshaqlardan paydalanğan. Jerlerdi paznalı, ağash gúnde qoslarğa eshek, ógiz qosıp aydap awdarğan. Dánlerdi dóńgelek tas digirmanlardan paydalanıp un etken, ayırım jerlerde haywan hám suw kúshleri menen aylanatuğın qarazlardan paydalanğan. Aral boyı xalıqları qolaylı tábiyat sharayatında ańshılıq penen shúğıllanğan jabayı haywanlardan: kiyik, qulan, Buxara suwını, qoyan, túlki hám dońızlardı uslaw jergilikli xalıqtıń dásturine aylanğan. Amiwdárya boyları hám kóller balıqlarğa bay bolğanlıqtan balıq awlağan. Olardıń xojalıqlarında tiykarınan sharwashılıqta iri qara mallar, mayda mallar (qoy, eshki), at, túye, eshek, shoshqa asırağan. Úylerde quslardan tawıq hám ğaz asırağan.

Jol kóligi esabında hám diyqanshılıqta jılqı, túye, ógiz eshek h.b paydalanǵan.

**Sıpalar — eski qalalardıń kópshiliginde diywallar boylap uzın shubayı otırǵıshlar keń tarqalǵan. Olardı jıyınlarda otırǵıshlar sıpatında paydalanılǵan.**

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Xorezmde Afrigiyler áwladı qansha ásir basqarǵan?
2. Xorezmde Afrigiylar áwladı basqarǵan dáwirde qanday estelik qaldıqları házirgi kúnge shekem saqlanıp kelgen?
3. Bul dáwirdegi gúlal ıdıslardaǵı ózgeshelikler qanday boldı?
4. Afrigiyler dáwirindegi feodal turaq jayları haqqında aytıp beriń.
5. Afrigiyler áwladı Qaraqalpaqstannıń qaysı rayonında húkimdarlıq etken?
6. IV—XI ásirlerde xalıq digirman hám shıǵırlardan qalay paydalanǵan?
7. Patsha Afrig paytaxt qalanı qaysı qalaǵa kóshirgen?
8. Erte orta ásirlerde awıl xojalıq eginlerinen nelerdi ekken?

## §3. Qaraqalpaqstan jerindegi afrigiyler áwladı basqarǵan xorezm mámleketiniń VII — VIII ásirdegi xojalıǵı

**Xalıqtıń kásibi. Diyqanshılıqtıń túrleri**

Xorezm mámleketindegi sociallıq qatlamlanıwlar VI ásirdiń aqırında elde júz bergen feodallıq qatnasıqlardıń qáliplese baslawına baylanıslı Xorezm mámleketi eldegi daǵdarıslı awhaldan áste-áste shıǵa baslaǵan. Mámlekettegi feodallıq qatnasıqlardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı eldi sociallıq qatlamlanıwǵa alıp keldi. Awıllıq jámáát aǵzalarınıń ayırım bólekleri jarlılandı hám gedeyler qatarına ótti. Al, jámááttiń ayırım aǵzaları áskerlikte xızmet etkeni ushın mámleketten sıylıqqa alǵan jerlerdiń esabınan hám basqa da jollar menen óz baylıqların arttırdı. Jámááttiń miynetkesh qatlamın olarǵa jerden óngen zúráttiń belgili bir bólegin beriw shárti menen jumsap otırǵan. Solay etip, jeri bar baylar, jersizlerdi ezip olardıń miynetinen paydalanıp otırǵan.




Xorezmniń III — VI ásirlerdegi suwǵarıw tarmaqları kartası (Ya. Ǵulomov) Shártli belgiler:

A) suw aǵıp turǵan kanallar

B) Sol dáwirdegi Amiwdárya

V) Batpaqlıqlar hám tasqınlar

D) qalalar

Afrigiyler mámleketiniń social-ekonomikalıq turmısı haqqında jazba mağlıwmatlar joq. Sonlıqtan xojalıqtıń rawajlanıwı haqqında tek arxeologiyalıq materiallarğa súyeniwge tuwra keledi. VII—VIII ásirlerge tiyisli Xorezm mámleketi awıllarınıń qonısların arxeologiyalıq jaqtan izertlew arqalı olardıń diyqanshılıq penen shuğıllanğanlığı hám olar jasağan awıllardıń qonıslanıwında ayırım ózgesheliklerdiń bar ekenligi anıqlandı.

Xalıq baslı kanal tarmaqlarınıń boylarına awıl-awıl bolıp mákan basqan. Mısalı, Qaraqalpaqstannıń Ellikqala rayonındağı áyyemgi Búrkitqala jerindegi diyqanshılıq orınlarındağı esteliklerdi aytıwğa boladı. Sol dáwirdegi eń iri jer iyeleri bolğan diyqanlar kanallardıń sağa betinde mákan basqan hám kanallardıń suwın óz qadağalawına alıp otırğan. Olar óz jaylarınıń sırtına kúshli bekinisler salıp, olardı qorğanğa aylandırğan. Usı iri qorğanlar ájayıp arxitekturalıq usıllar menen sulıw etip salınğan.

Qorğanlardıń kólemindegi ayırmashılıqlar awıllıq jámáátlerdiń ishinde iri social-ekonomikalıq qatlamlanıwshılıqtıń bolğanlığın bildiredi.

Eldegi xalıqtıń baslı kásibi diyqanshılıq bolğan. Turaq jaylardı qazıp izertlegen waqtında tabılğan dán tuqımlardıń, ósimliklerdiń qaldıqlarına qarağanda VII—VIII ásirlerde Xorezmliler aldıńğı dáwrlerdegidey biyday, arpa, tarı, júweri, salı ekken. Sonday-aq, baqsha hám palız eginleri de egilgen. Tarı egiw keń taralğan. Sonday-aq, jińishke talshıqlı paxta da ósirgen. Bul paxtadan joqarı sapalı gezlemeler toqılğan. Arab ásker basshısı Kuteyba Xorezmnen salıq alğanda altın-gúmis ornına usı joqarı sapalı paxta gezlemelerin alıp ketken. Xorezm haqqında jazba dereklerdiń kópshiligi X ásirge tiyisli. Al, X ásirge tiyisli jazba mağlıwmatlardıń ishinde Xorezmnen sırtqa shığarılğan zatlardıń arasında paxtadan toqılğan gezlemelerdiń barlığı atap ótiledi.

**Ónermentshilik**

Usığan qarağanda Xorezm VII—VIII ásirlerde Orta Aziyadağı atağı shıqqan gezlemelerdi toqıw orayı bolğan. Qaraqalpaqstannıń házirgi Ellikqala rayonınıń aymağındağı Yakke-Parsan qorğanınan jún hám paxta gezlemeleriniń qaldıqları tabılğan. Hár qıylı



VII—VIII ásirlerge iyisli gezleme qaldıqları



Afrigidler dáwirine tiyisli shiyshe ıdıs. VIII ásir Búrkitqala

ráńbáreń etip toqılǵan bul gezlemelerdiń ústine anıq etip salınǵan naǵıslar hám súwretler jaqsı saqlanǵan. Bul maǵlıwmatlarǵa súyenip, biz VII—VIII ásirlerdegi Xorezmdi Orta Aziyadaǵı eń atı shıqqan toqımashılıq oraylarınıń biri boldı dep ayta alamız. Yakke-Parsan, Tesikqala, Búrkitqalalardıń mádeniy qatlamlarınan tabılǵan jún, paxta, jipekten toqılǵan kiyim nusqalarınıń tabılıwına qaraǵanda, toqımashılıqtıń rawajlanǵanlıǵınan derek beredi. Bul gezlemeler hár túrli naǵıslar menen bezelgen. Olar qoshqarmúyiz, qumırısqabel, atanaq, rombo, úshmúyesh naǵıslar bolǵan. Bunday naǵıslar qaraqalpaq turaq jaylarınıń diywallarına salınǵan reńli súwretler de ushırasadı.

Erte orta ásirlerde ónermentshiliktiń baslı tarawı gúlalshılıq bolǵan.

Ónerment ǵulalshı ustalar gúlal ıdıslardı tayarlap, qumbız peshlerde pisirgen. Gúlal ıdıslardı tayarlaytuǵın qumbızlar: Búrkitqala, Qırqqız hám Ardaxushmitan dógereginde tabılıp izertlegen. Gúlalshı ustalar diyqanlardıń hám kóshpeli sharwalardıń gúlal ıdıslarǵa bolǵan talabın qanaatlandırıp otırǵan.

VI—VIII ásirlerde temirshilik penen zergershilik rawajlandı. Temirlerdi Volga boyı bolgarlarınan alıp kelgen, olardı peshlerde eritip, miynet quralların hám qural-jaraqlar tayarlaǵan. Esteliklerde temirdiń sınıq bólekleri ushırasadı. Demek, temir ustaxanaları bolǵan.

**Qalalardıń rawajlanıwı**

Ámiwdáryanıń oń jaǵasında, Qaraqalpaqstannıń házirgi Ellikqala rayonınıń aymaǵında áyyemgi Taza-baǵjap kanalı boylap sozılǵan Búrkit qala oazisi hám onıń menen qońsılas Yakke-Parsan, Topıraqqala oazislerindegi tariyxıy estelikler júdá jaqsı saqlanǵan. Házirgi Beruniy qalasınıń Kishi Sim-Ata hám Úlken Sim-Ata qorǵanlarınıń qarabaqanaları elege shekem saqlanǵan. Bul qorǵanlar Afrigiyler áwladı zamanındaǵı Xorezmniń paytaxtı bolǵan Qıyat qalasınıń átirapındaǵı awıllardıń ornı. Al, Xorezm mámleketiniń arqa shegarasında Kerder qalası bolǵanlıǵı málim. Kerder qalasına onıń átirapındaǵı keń paytaxt jerler qaraslı bolǵan. Bul wálayattıń xalqı Xorezm menen qońsı bolǵanlıqtan, olar yaǵnıy eki el arasında siyasiy-ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslar ornatılǵan.



KITAPXANA № 17

Ámiwdáryanıń shep jaǵasında, Xorezmniń qublasındaǵı Xazarasp, Zamaxshar hám Xiywa qalaları sol dáwirge sáykes bekkem bekinisler qurıp, gúllene baslaǵan. Ámiwdáryanıń úlken salasınıń jaǵasında Djurjaniya (Úrgenish) qalası jaylasqan. Ol X ásirden baslap Xorezm mámleketiniń paytaxtı bolǵan. Al, Mizdakxan qalası Úrgenishten onsha alıs bolmaǵan. Mizdakxannıń qarabaxanası házir Xojeli qalasınıń qubla batısında elege shekem saqlanǵan. Sońǵı waqıtları jergilikli xalıq onı Gáwirqala dep ataǵan. X ásirdegi Ál-Makdisidiń kórsetiwi boyınsha, Mizdakxannıń keń diyqanshılıq awıllarında (rustaklarında) 12 mıń qorǵan bolǵan.

Ol dáwirde Xorezmdegi úlken qalalardıń qatarına Qıyat, Xazarasp hám Úrgenish kirgen. Usı úsh qalanıń aynalasında kúshli qorǵan bekinis-diywalları bolǵan hám onıń sırtın aylandırıp tereń or qazıp ishine suw toltırıp qoyǵan. Ál-Belazuridiń maǵlıwmatı boyınsha, Xorezmniń paytaxtı Qıyat (VII—IX) Xorezmniń eń úlken qalası esaplanǵan. Arab basqınshılarınıń eldi jawlap alıw aldındaǵı Qıyat qalasınıń jer maydanı Samarqand qalasınıń jer maydanı menen barabar bolǵan.

Ál-Istaxriydiń X ásirde jazıp qaldırǵan maǵlıwmatları boyınsha arablar eldi basıp alǵan waqtındaǵı Xorezmniń paytaxtı da sol zamandaǵı kóplegen shıǵıs elleri qalalarınıń úlgisinde bolǵan. Soǵan sáykes bul qala úsh bólimnen turǵan. Xorezmniń paytaxtı Qıyat qalası da usınday etip salınǵan. Ol qalanıń tayanısh-tiregi bolıp esaplanatuǵın biyik qorǵannan (Al-Fir), góne qaladan (Shaxristannan) hám jańa qaladan (Rabadtan) quralǵan. Patsha Afrig qala shegarasınıń ishine óziniń qorǵanın saldı, — dep jazadı Beruniy.

**Teńge pullar**

VII — VIII ásirlerde eldiń ekonomikasınıń kóteriliwine baylanıslı qala sawdagerleri sawda islerin rawajlandırǵan. Solay etip, elde tovar qatnasıqlarınıń kóteriliwine jaǵday jaratılǵan. Buǵan sol dáwirde oǵada kóp shıǵarılǵan mıs teńgelerdiń (qara baqır) aylanısqa túsiwi dálil boladı. VIII ásirde Xorezm ushın sawdanıń úlken áhmiyeti tuwralı tariyxıy jazba dereklerde hám shejirelerde jaqsı kórsetilgen. Olarda sawdagerler minip, el gezetuǵın, úlken dóńgelekli arbalar tek ǵana Xorezm elinde bar, — dep jazılǵan.

Buğan Yakke-Parsandı qazıp izertlegen waqıtta tabılğan diametri 1,7 m bolğan úlken dóńgelekli shala jańğan arbanıń qaldığı ayqın dálil boladı.

Afrigiyler áwladı tusındağı Xorezmniń sırtqı sawda baylanısları I ásirge salıstırğanda birqansha azaya baslağan. Sawda tiykarınan arqa átiraplardağı kóshpeli xalıqlar menen júrgizilgen. Ural tawı átiraplarınan Xorezmde islengen gúmis keselerdiń sonday-aq, Uraldıń arqa-batıs átiraplarınan Xorezm teńgeleri menen gúlal ıdıslarınıń sınıqları kóplep tabılğan.

VII — VIII ásirlerde xorezmliler Qara teńiz átiraplarındağı qalalar, Soğd, Shash, Jetisuw elleri menen mádeniy qatnasıqlarda bolğan.



VIII ásir ortasındağı Savshafan hám Kannik patshalarınıń gúmis teńgeleri

VII—VIII ásirdegi Afrigiyler dáwirine tiyisli Búrkitqala, Tesikqala, Adamlıqala, Anqaqala, Ayazqala, Qumqala (eski Jańadárya jağaları boylap) hám Yakke-Parsan qalalarında gúmis hám mıs teńgeler ushırasadı. VII ásirde Xorezmde teńge reforması ótkeriledi. Burınğı mayda mıs teńgeler ornına sheńberi 19 — 27 mm bolğan gúmis teńgeler basıp shığarıladı. Biraq, gúmis teńgelerdiń awırlığı azayadı. VIII ásirdiń 60-jıllarınan qala bazarlarına Xorezm patshası Savshafan teńgeleri aylanısqa shığadı, bul teńgelerdiń awırlığı 1,3 gramm, al sheńberi 2,4 sm bolğan mıs hám gúmis teńgeler bolğan.

### *Sorawlar hám tapsırmalar*

1. VII — VIII ásirlerdegi Qaraqalpaqstan jerinde jasaǵan xalıqlardıń arasında qanday qatlamlar bolǵan?
2. Awıllar qanday jerlerge ornalasqan. Ne ushın olar kanallardıń saǵa betin iyelep alǵan?
3. Qaraqalpaqstan jerin VII—VIII ásirlerde mákan etken xalıqlar qanday kásip penen shuǵıllanǵan?
4. Xorezmde qashan hám qaysı patshalar óz atları menen teńgeler quyıp shıǵarǵan?
5. Siz jasap atırǵan jerlerdiń xalqı qanday kásip penen shuǵıllanadı?
6. Qaraqalpaqstan jerindegi áyyemgi Xorezm mámleketinde qanday qalalar bolǵan hám qalalar qalay rawajlanǵan?
7. Xorezmde teńge reforması qashan ótkeriledi?
8. Erte orta ásir qalaları neshe bólimnen turǵan?

## § 4. VII—VIII ásirlerdegi Xorezm mámleketiniń mádeniyatı

**Arxitektura hám arxeologiyalıq tabılmalar**

VII — VIII ásirlerde Xorezmde qurılıs isleri, arxitektura hám jeke fortifikaciya (fortifikaciya — francuz tilinen alınǵan bolıp, áskeriy ilim, qorǵan hám qalalardıń sırtqı diywalların dushpannan saqlaw usılları degen mánisti bildiredi) joqarı dárejede boldı. Xorezm feodallarınıń háwli-háremleri hám sarayları naǵız qorǵanǵa uqsaǵan. VI — VIII ásirlerde feodal háwlileri donjonlı, yaǵnıy úshekli (Donjon — francuz tilinen alınǵan). Orta ásirlerdegi qala hám qorǵanlardıń orayında jaylasqan minár tárizli qurılıs. Olardıń ishinde bahalı nárselerdi saqlaw ushın hám dushpannan eń sońǵı




Donjonlı feodal háwlisi (biyik turaq jay)



Donjonlı jay

bekiniw ornı retinde paydalanǵan) hám úsheklersiz salınǵan. Minaralı adamlar jasaytuǵın bul háwliler paqsalardan hám gerbishlerden órilgen.

Tókqala menen Mizdakxan qalalarınan arnawlı jerlew ıdıslarınıń sırtına tush penen jazılǵan xorezm tilindegi 100 den aslam jazıw tabıldı. Bul jazıwlardıń tabılıwı nátiyjesinde Xorezm jazıw-sızıwınıń rawajlanıw tariyxı, Xorezm jıl sanawı, Xorezm shańaraǵınıń dúzilisi boyınsha oǵada bahalı maǵlıwmatlar alındı. Jazıwda úlken bir tuwısqan jámáát aǵzalarınıń atları jazılǵan.

Afrigiyler zamanındaǵı Xorezmniń Kerder wálayatındaǵı Mizdakxan hám Tókqaladan mór hám onıń ılayǵa túsken nusqası, jáne súwretshilik óneriniń qaldıqları tabıldı. Yakke-Parsannan tabılǵan úlken aǵash mórdiń ortasına gúldástesin yamasa dizbe monshaqtı tumsıǵına tislep alıp ushıp kiyatırǵan tawıstıń súwreti úlken sheberlik penen oyıp salınǵan.

Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı birqansha qalalardan zardushtiylik dininiń qaldıqları tabıldı.



Tawıs túsirilgen ağash tamğa (Yakke-Parsan VIII ásir).

Qaraqalpaqstan aymağındağı ossuariyler qábiristanlıqları: Qıyat qalası, Shılpıq, Tókqala, Mizdakxan, Qusqana hám Sultan Wayis tawları.

Tókqala, Mizdakxan qalalarınıń qábirstanlarınan tabılğan marhum adamlardıń súyeklerin salıp jerleytuğın ıdıslardıń (ossuariylerdiń) qaptallarına, qaqpaqlarına salınğan reńli súwretlerdiń korinisleri bar. Izertlewshiler buğan hár qıylı túsindirme beredi. Olardıń birewleri óli jerlew dástúrleri boyınsha matam tutıw dep tastıyıqlasa, basqaları bayramğa arnalğan salt dástúrleriniń kórinisleri degen boljaw aytadı. Bul kórinis oğada dál hám úlken sheberlik penen salınğan.

Marhumlardıń súyeklerin salıp jerleytuğın ıdıslardıń sırtı tolı jazıw-sızıwlar menen bezelgen hám olar belgili bir diniy dástúrge, salt-dástúrge qatnası bar hár qıylı belgilerdi bildiretuğın bolğan. Usı kórinislerde ushırasatuğın adamlardıń kiygen kiyimlerinde Orta Aziyağa tán belgiler basım bolıp keledi, al ayırım belgileri Orta Aziya xalıqlarınıń milliy kiyimlerinde házirgi kúnge deyin saqlanğan.

Qábirstanlardı izertlewlerdiń nátiyjesinde VII—VIII ásirdegi Xorezm xalqınıń arasında marhumnıń súyegin arnawlı ıdıslarğa salıp jerlew dástúriniń keń taralğanlığı belgili boldı. Óliniń súyekleri salınğan ıdıslar arnawlı túrde jerdiń betine salınğan yamasa ayırım waqıtları yarımına deyin jerge qazıp salınğan, al yarımı jerdiń betinen biyik etip salınğan qábirstan jaylardıń (nauslardıń) ishine qoyılğan. Óliniń súyegin arnawlı ıdıslarğa salıp jerlew yamasa jerdiń ústine saqana etip jerlew hám jerdi qazıp kómiw sol dáwirlerde



Tók tawınan tabılǵan ossuariydegi súwretler

Xorezm elinde zardushtiylik dásturleriniń ele áhmiyetli orın tutqanlıǵın kórsetedi.

**Ruwxıy mádeniyat**

V—VIII ásirlerde Xorezmde «Avestodaǵı» Axuramazda qudaydan tısqarı ata-babalar ruwxına, zardushtiylerdiń Mitra, Farn, Siyavushqa, hasıldarlıq qudayı Anaxitaǵa hám suw qudayı Xubbiǵa sıyınıw dawam etti. Mitra (quyash) hám (dáwlet) qudayı. «Anaxita» zúráátshilik hám abadanshılıq hayal qudayı. Ol bir qolında anar yamasa alma uslap turǵan hám uzın kóylekli jegde jamılǵan gózzal hayal sıpatında súwretlenedi. «Xubbi — suw qudayı, qayıqshılar murablar qáwenderi hám záberdes jigit túrinde súwretlenedi. Aral boyı xalıqları usı dáwirde, qudaylarǵa arnap, diniy ırımlardı ótkergen. Jıl máwsimleriniń ózgeriwinde hám jańa jıl — Nawrızdıń keliwi menen baylanıslı bayramlar ótkergen.

Ámiwdárya alabında jasawshı xalıqlar, áyyemgi túrkiy xalıqları dini dep esaplanǵan shamanizm dinine iseniw taralǵan. Yakke-Parsannan tabılǵan kishkene tas tulǵa, belgili túrk tas tulǵalarına (tas analarǵa) uqsaǵan. Qaraqalpaq folklorında, dástanlarda ata babalarımızdıń Kók táńirge sıyınǵanın kóriwimizge boladı. Aldıńǵı úrp-ádetler bir-biri menen aralasıp, sińisip hám xalıqtıń ruwxıy turmısında úlken áhmiyetke iye bolǵan.

VI—VIII ásirlerde «Ullı jipek jolı» arqalı Aral boylarına jaqın shıǵıs ellerinen xristian dini taraydı. Mizdakxanda xristianlardıń qábirleri tabılıwı bunıń dálili boladı. Biraq, orta ásirlerdiń dáslepki dáwirinde Xorezmde úlken shirkewlerdiń qanday bolǵanlıǵı ele belgisiz.

Bul diniy isenimler negizinde Aral boyı xalıqlarınıń kóp qırlı materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı qáliplesip rawajlandı.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. VII—VIII ásirlerdegi turaq jaylardıń arxitekturalıq qurılısı qanday bolǵan?
2. Saray qalay qorǵalǵan?
3. Bul dáwirge tiyisli súwretshilik ónerinin rawajlanǵanlıǵın kórsete alatuǵın qanday arxeologiyalıq tabılmalar tabılǵan?
4. Usı dáwirde marhumlar qalay jerlengen?
5. VII—VIII ásirlerdegi Qaraqalqaqstan aymaǵında jasawshı xalıqlardıń dástúrlerinde qanday dinlerdiń belgileri bar?

## §5. Arab xalifatlıǵı hám orta ásirdegi Qaraqalpaqstan jerleri

**Arablardıń bastırıp keliwi**

Arablar Ámiwdáryanıń arqa tárepindegi jerlerdi Mawarawnnaxr, yaǵnıy «eki dárya aralıǵı» dep atadı. Arablar usı aymaqlardı VII ásirdiń ishinde basqınshılıq háreketlerin basladı. Bul dáwirde Orta Aziyada kúshli oraylasqan mámleket bolmadı, sonıń ishinde Xorezm bir qatar kishigirim ǵárezsiz iyeliklerge bólingen edi. Bul iyeliklerdiń hárbiri qala hám onıń átirapındaǵı awıllar menen birigip óz aldına ǵárezsiz jaǵdayda jasaǵan. Qubla Aral boyında da birneshe iri feodallıq iyelikler bolǵan. Ámiwdárya deltasınıń oń tárepinde Kerder, al shep tárepinde

Hamjerdde (Gúrgandj) Afrigiyler iyelikleri ómir súredi. Bul iyeliklerdi Qıyat qalasında turıp basqarǵan. Mámleket awıllıq wálayatlardıń birlespesinen quralǵan. Bunday iri awıllardı iri jer iyeleri — diyqanlar hám knyazlar basqardı, — dep jazǵan IX — X ásirlerde jasaǵan Tabariy. Xorezmdegi úsh iyelikler óz ara urıslar júrgizip, bir-biri menen tez-tez jánjellesip turǵan. Usınday siyasiy bóliniwshilikten paydalanǵan arablar VII ásirdiń ortasında Ámiwdáryanıń tómengi alabındaǵı ónimdarlı jerli Xorezmdi basıp alıwǵa háreket etken. Arablardıń Xorezmge bolǵan dáslepki atlanısları tabıslı bolmaǵan. 649-jılı arab áskér basısı Ál-Axnab Xorezm paytaxtın jawlap ala almaǵanlıqtan Balx qalasına qaray shegingen. Ekinshi bir áskerbası Salma Ziyadtıń atlanısı burınǵılarǵa qaraǵanda tabıslıraq boldı. Xorezmliler Salma ibn Ziyad penen 400 mıń dirham salıq tólew shárti menen kelisimge kelgen. Parsı hám arab tilinde jazǵan tariyxshı Belazuri, xorezmliler bul aqshanı Salma ibn Ziyadqa ózleri aparıp berip turǵan, dep kórsetedi.

712-jılı arab áskerbasısı Kuteyba ibn Múslim Xorezmdi jawlap aldı. Xorezm mámleketine arab áskerleriniń basıp kiriwin mámleket ishindegi qarama-qarsılıqlar, atap aytqanda, Xorezmshahtıń óz inisi Xurzad penen bolǵan óz ara jánjelleri tezletip jibergen. Tabariydiń aytıwı boyınsha, Xorezmshah Shaǵan mámleket ishindegi daw-jánjellerdi óz kúshi menen bastıra almaǵanlıqtan Kuteybadan járdem soraǵan. Beruniydiń aytıwı boyınsha, Kuteyba kóterilisshilerdi jawızlıq penen qatań jazalaǵan. 4 mıń adamdı qırıp jibergen hám Xurzadtı qıynap óltirgen. Kuteyba Xurzadtı qıyratqannan keyin Xorezmshah Shaǵandı elge hákim etip qaldırǵan. Biraq, Kuteyba ketiwden-aq xorezmliler kóterilis shıǵarǵan hám satqın hákimdi ornınan túsirgen. Bunı esitip Kuteyba Xorezmge óziniń inisi Abdullaxtı jibergen. Al, ózi Samarqandtı qıyratıp kóp ásker jıynap, Xorezmge jańadan kelgen. Bul saparı eldi oǵada qatań qıyratqan. Xorezmdi arablardıń qoyǵan adamı — hákim basqarǵan. Usı waqıttan baslap Xorezm ekige bólinip, Qıyat qalası burınǵıday xorezmshahlardıń paytaxtı bolıp qalǵan, al Úrgenish arablardıń hákimi turatuǵın Xorezm mámleketiniń paytaxtı bolǵan. Jazba dereklerge qaraǵanda arablardıń Xorezmdi jawlap alıwı, Orta Aziyanıń basqa wálayatları sıyaqlı jergilikli xalıqlardı oǵada awır azaplarǵa duwshar

etken. Jawlap alıngan jerlerdegi ózleri qoygan hákimleri menen basıp alıwshı arablar kelisim dúzip, eldi basqargan. Al, bul kelisimler bolsa xalıqtı awır jagdayga salgan. Olar dúzgen kelisimlerdiń shártleri boyınsha jergilikli hákimler arablarga jıl sayın júz mıń dirham salıq-aqsha, jas, deni saw, kúshli qullar hám basqa da sogan usagan salıqlardı aparıp beriwge minnetli bolgan.

Kelisim boyınsha, Xorezmshah arablarga on mıń adam, som altın (altın quyması) hám gúmis quyması t.b. zatlar berip turıwga minnetli bolgan. Bunnan tısqarı, xorezmliler arablardı ásker menen de támiyinlep turgan. Mısalı, Kuteybanıń Shash (Tashkent) penen Ferganaga atlanısı ushın Keshtiń, Naxshabtıń hám Xorezmniń xalıqları 20 mıń ásker bergen. Ayrıqsha musılman emes xalıqlardan alınatugın jiziya hám xiraj dep atalatugın alım-salıqlar arablar jawlap algan elleriniń qutın ketirip, xalqın diywanashılıq awhalga túsirgen.

**Islam dininiń taralıwı**

Arab basıp alıwshıları ózleri iyelegen aymaqlarda siyasiy hákimiyattı bekkemlew hám eldegi siyasiy awhaldıń turaqlılıgın támiyinlew maqsetinde islam dinin taratıwga kiristi. Olar xalıqtıń qaysı sociallıq qatlamındagı adamlar ekenin ayırıp otırmastan jergilikli xalıqtıń arasında islam dinin keńirek násiyatlawga ayrıqsha áhmiyet berdi. Usı waqıtqa shekem hár qıylı diniy isenimlerge sıyınıp kelgen jergilikli xalıqlar sózsiz boysındırıwga islam dini járdem bere alatugınlıgına olar isendi. Óytkeni, bul bir qudayga sıyınatugın birden bir din edi.

Usınday jagdaydı esapqa alıp, jergilikli xalıqtıń ruwxıy turmısında áhmiyetli orın iyelep kelgen diniy isenimlerge qarsı gúres júrgizdi. Solay etip, arablar el ishinde ómir súrip kelgen otqa tabınıwshılıq, xristian, moniy, buddizm hám shaman sıyaqlı dinlerdi eski jaramas dinler dep dagazalagan. Ásirese, eki dárya aralıgı (Mawarawnnaxr) hám Xorezm xalıqlarınıń tiykargı dini bolgan otqa tabınıwshılıqqa (zardushtiylıqqa) qarsı qatań gúres júrgizgen. Xorezm qalaları bolgan Xiywa, Qıyat, Xazarasp, Yakke-Parsan, Almaatısqan, Tesikqala, Voengan hám Búrkitqalalarda burıngı muqaddes ot ibadatxanalar qulatılıp, olardıń ornına meshitler saldırgan.

Bul átiraptaġı barlıq diniy kitaplar, atap aytqanda otqa tabınıwshılıqqa tiyisli dóretpeler, Xorezm jazıwı menen jazılġan xalıqlıq ádebiyatlar otqa jaġılıp órtep jiberilgen. Ol haqqında Abu Rayxan ál-Beruniy ózinin ilimiy miynetlerinde Kuteyba basshılıġındaġı arab basqınshıları xalıqtıń eń bahalı kitapların Qıyat qalasınıń orayındaġı maydanġa úyip, órtep jiberdi, — dep jazıp qaldırġan. Eldegi alımlar, dilwarlar, sheshenler, kóziashıqlar, ibadatxanalarda xızmet etiwshiler, jergilikli jazıwdı hám xalıqlıq ádebiyattı jaqsı biletuġın adamlar quwġınġa ushıraġan.

Xalıqqa islam dinin tezirek qabıl ettiriw maqsetinde siyasat júrgizilgen. Mısalı, islam dinin qabıl etip musılman bolġan jergilikli xalıqlardıń wákilleri birneshe jıllar dawamında xiraj hám jiziya salıqlarıńan azat etilgen hám olarġa basqa da jeńillikler berilgen.

**Xiraj** — jer salıġı. Ol dáslep musılman emeslerden alınġan. Soń hámmeden de alına beretuġın bolġan.
**Jiziya** — musılman emeslerden alınatuġın jan salıġı.

**Arablarġa qarsı xalıq kóterilisleri**

Arablardıń basıp alġan jerlerinde xalifatlıq tárepinen ornatılġan tártipler, talawshılıq siyasat, jergilikli xalıqlardıń barlıq huqıqlarınıń, mádeniyat úlgileriniń ayaq astı bolıwı hám hádden zıyat zulımlıqları xalıqlardıń narazılıqların keltirip shıġardı. Sonday-aq, islam dini, arab tili jáne jazıwı, xalifatlıq tárepinen shıġarılġan nızam hám qádeler zorlıq penen engizildi hám úyretildi. Usınday zorlıq-zombılıqlarġa shıdamaġan jergilikli xalıqlar basqınshılarġa qarsı kóterilisler shıġardı.

Sırt el basqınshılarınıń hádden tıs qısımına shıdamaġan Xorezm mámleketiniń xalıqları da ġárezsizlik ushın gúreske kóterildi. Bul kóterilisler iri xalıq azatlıq háreketlerine aylanġan. Arablarġa qarsı Qubla Aral boyı xalıqlarınıń kóterilisi Kerderde kelip shıġadı. Mısalı, 728-jılġı Kerder jerinde kelip shıqqan arablarġa qarsı kóterilis Ámiwdáryanıń qu-

yarlığındağı xalıqlardıń arab xalifatlığı tutımına shıdamağanlığının belgisi edi.

VIII ásirdiń ortasındağı Xorasan jerindegi omeyadlar (ummaviyler)ge qarsı Abu Múslim háreketi waqtında olarğa járdem beriw ushın Xorezmshah óz jiyenin basshı etip ásker jibergen. Xorezmliler otryadı kóterilisshilerdiń tiregi bolğan. Usı Xorezmshahtıń atı jazba dereklerde Shaoshifen, al teńgelerdegi jazıwda Savashfan bolıp ushırasadı. Tek VIII ásirdiń aqırında ğana arablardıń Xorezmdegi ústemligi burınğığa qarağanda birqansha bekkemlene baslağan. VIII ásirde Qaraqalpaqstan jerinde húkimlik súrgen Xorezm mámleketi hám onıń aymağındağı xalıqlar awır búlginshiliklerge alıp kelgen urıslardı basınan keshirgen. VIII ásirde arablar Orta Aziyanı jawlap alğannan keyin Qubla Aral boyı Qaraqalpaqstan hám Xorezm islam dúnyasınıń ajıralmas bólegi bolıp qaldı. Islam dini, arab tili mámleketlik tilge aylandı hám jergilikli xalıqlardıń ruwxıy mádeniyatlarına tásirin tiygizdi. IX ásirde Qubla Aral boyı otırıqshı xalıqları islam dinin hám mádeniyatın qabıl etti. Xorezmshah Afrigiyler paytaxt qalalarında (Qabatqala), Kerder wálayatınıń paytaxt qalaları (Kerder, Bograxan) da musılman meshitleri, minaraları, mavzoleyleri hám monshaları qurıldı. Arab xalifatlığınıń eń arqa regionındağı el-jurtı Afrigiyler, Kerder wálayatları xalıqları ózleriniń túrkiy tilin, ata-babalarınıń úrp-ádetlerin hám milliy dástúrlerin saqlap qaldı.

### *Sorawlar hám tapsırmalar:*

1. Xorezm mámleketin arablar qashan hám kim tárepinen jawlap aldı?
2. Arablardıń Xorezmdi ańsat jeńip alıwına ne sebep boldı?
3. Xorezmshah Xurzadtıń qılğan isin qalay bahalaysız?
4. Arablar jawlap alğannan keyingi Xorezm xalıqları haqqında aytıp beriń.
5. Arablar bastırıp kelgennen keyin Xorezm mádeniyatı qanday awhalğa tústi hám kimler quwdalandı?
6. Islam dini qalay taratıldı?
7. Ne ushın arablarğa qarsı xalıq kóterilisleri boldı?

## II BAP. RAWAJLANĠAN FEODALIZM DÁWIRINDEGI QARAQALPAQSTAN (IX – XV ÁSIRLER)

### § 6. Qaraqalpaqstan IX – X ásirlerde

**Taxiriyler, dáwirinde**

Taxiriylerden Abdulla ibn Taxir (830–844-jj) Xorasan hákimligin basqarġan waqtında onıń xalifatlıqtan ǵárezsizligi burınġıdan da beter kúsheygen. Sol waqıtları Xorasan hákimliginiń quramına Mawarawnnaxr hám Xorezm kirgen.

IX ásirdiń 30-jıllarında Abdulla ibn Taxir Balxan tawı menen Ústirtte jasap atırġan oġuz qáwimleriniń shabıwıllarınan óziniń iyelep otırġan jerlerin qorġaw ushın óz soramınıń shegarasında birneshe bekinis-qorġanlar salıwġa májbúr bolġan. Solardan Dixistannıń (Túrkmenstandaġı házirgi Meshedi-Misiriyan qarabaqanası), Farabanıń (házirgi Qızıl arbatqa jaqın) hám basqa da bir qatar qorġanlardıń qarabaqanaları házirge deyin saqlanġan.

***Xorezm eli 873-jılġa deyin Taxiriyler soramında bolġan***

873-jılı Xorasanda jańa Saffariyler áwladı ústemligi ornadı. Bul mámleketke aġalı-inili Yaqıp hám Ámir binni Lays tiykar saldı. Ol Iran-Seystannıń qubla rayonlarınan shıqqan edi. Ústemlik ushın talasqan el basqarıwshılarınıń usınday gúresleri óz ara urıslarġa alıp kelgen. Bunday urıslarġa Xorezm mámleketi de qatnasqan. Mısalı, Xorezm áskerleri Marvtı basqarıp turġan Taxiriyler áwladınıń wákilin quwatlap urısqa qatnasqan. Sonday-aq, Buxaradaġı kóterilisshilerdiń háreketin bastırıw ushın atlanġan Taxiriy áwladınan shıqqan áskerbasılardıń jazalawshı atlanısına Xorezm mámleketi áskerleri de qatnasqan.

**Xorezm samaniyler dáwirinde**

Xorezm IX – X ásirlerde Samaniyler mámleketiniń quramında boldı. Sol dáwirdegi Xorezm mámleketiniń (996-jıl) jeri eki iyelikte bólingen. Bas

qalası Qıyat (házirgi Beruniy qalası) bolǵan Ámiwdáryanıń tómengi jaǵınıń oń jaǵalıǵındaǵı Xorezm dep atalǵan wálayatlardı afrigiyler áwladınıń dawamshıları Xorezmshahlar basqarǵan. Al, Ámiwdáryanıń tómengi jaǵınan shep jaǵalıǵın Samaniylerdiń qoyǵan adamları ámirler basqarǵan. Onıń paytaxtı Gurgandj—Úrgenish qalası bolǵan. Bul qalanıń qarabaqanası Góne Úrgenishtiń qasında házirge deyin saqlanǵan. Aral átirapınıń shıǵıs bólegindegi, Ámiwdáryanıń quyarlıǵındaǵı Kerder wálayatı xalqınıń ishinde oǵuz qáwimleri kóp bolǵan. Olar jergilikli xalıq penen aralasıp jasaǵan. Eldiń orayı bolǵan Kerder qalasınıń atı orta ásirdegi geograflardıń shıǵarmalarında ushırasadı. Al, jańa arxeologiyalıq izertlewlerdiń maǵlıwmatları boyınsha bul qala házirgi Qaraqalpaqstannıń Nókis rayonındaǵı Haywanqala qarabaqanasınıń ornında bolǵan, degen boljaw aytılmaqta.

***Xorezm 996-jılǵa deyin Samaniyler mámleketiniń quramında boldı. Onıń paytaxtı Qıyat qalası boldı.***

Ámiwdárya quyarlıǵınıń (deltasınıń) tómengi jaǵındaǵı jerler, teńiz átirapları Xalijan eli dep atalǵan. Bul haqqında IX—X ásirlerdegi geograflar—Ibn Rusta, Ál-Istaxri hám basqalar óz shıǵarmalarında jazıp qaldırǵan. Olar Ámiwdáryanıń teńizge quyar jerindegi kóplegen batpaqlıq jerlerde Xalijan wálayatı bar, onıń xalqı balıqshılıq penen shuǵıllanadı dep jazǵan. V.V.Bartold óz miynetlerinde Xalijan qalası házirgi Aybúyir qalasına sáykes keledi,—dep juwmaq shıǵarǵan. Y.G.Gulyamov Qaraqalpaqstannıń Moynaq rayonınıń házirgi aymaǵınıń eń arqa tárepleri Xalijan jeriniń quramında bolǵan, dep atap kórsetedi.

Xorezm Samaniyler mámleketinen yarım ǵárezli halda bolǵan. Mısalı, ol diyqanlardan jıynap alınǵan salıqtı (Xiraj) Samaniylerdiń ortalıq qaznasına bermegen. Samaniyler mámleketiniń shetki átirapındaǵı wálayatlarda, sonıń menen birge Xorezm mámleketlerinde de social-ekonomikalıq ózgerisler kelip shıqqan, feodallıq qatnaslar rawajlanǵan.

**Xorezmlilerdiń xojalıǵı**

Erkin diyqanlar kem-kemnen jersizlengen hám iri jer iyelerinen, aqsúyeklerden ǵárezli bola baslaǵan. Iri jer iyelewshilerdiń arasında jergilikli xorezmlilerden basqa arablar menen túrkler de kóplep ushırasatuǵın edi. Samaniylerden shıqqan hákimler mámleketlik jerlerdi óz áskerbasılarına, saraydaǵı hámeldarlarına, sawdagerlerge, din iyelerine saqıylıq penen sılıqqa berip otırǵan. Bul siyasat feodallardı ekonomikalıq jaqtan kúsheytken hám eldiń ishinde olardıń tásirin arttırǵan. Bulardan tısqarı, jerlerdi shártli túrde sılıqqa beriw qollanılǵan. Jerlerdi hám awıllardı sılıqqa beriw Xorezmde taralǵanlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmatlar orta ásirlerdegi jazba dereklerde kórsetilgen. Mısalı, 992-jılı Axmed ibn Muwsa ál-Xorezmiy degen adamnıń Xorezmdegi Ardaxushmitan degen awıldı sılıqqa alǵanlıǵı sol zamannan qalǵan jazba dereklerden belgili. Bunday jaǵdaylarda Xorezm diyqanlarınıń awhalı burınǵıdan da beter awırlasqan. Biraq, Xorezmdegi feodallasıw Mawarawnnaxrda oraylıq wálayatlarındaǵıday tez pátlerde bolmaǵan. Mawarawnnaxrdaǵı feodallardıń qala hám awıl xalıqlarına bolǵan ústemligin túrk kóshpelilerinen jallap alınǵan áskerler hám qurallanǵan qullardan dúzilgen Samaniylerdiń armiyası quwatlap otırǵan. Al, Xorezmde áskerler jergilikli xalıqtan — miynetkesh diyqanlardan alınǵan. X ásirdegi Xorezm áskerleriniń qaharmanlıǵın, mártligin, sawashlardaǵı jawıngerlik jeńislerin maqtaǵan. Xorezmde feodallardan ǵárezli bolıp, qullıq halǵa túsken diyqanlar menen ónermentlerdiń sanı ósip ketiwine qaramastan Samaniyler mámleketiniń orayındaǵı wálayatlarǵa salıstırǵanda xalıqtıń ishinde ele puqaralıq jaqtan huquqlı, erkin qatlam kóbirek saqlanǵan.

Xorezm tili de soǵdiyanlılardıń tili sıyaqlı indoevropalıq tillerdiń shıǵıs Iran shaqabına kiredi. Ol soǵdı tiline qaraǵanda turaqlıraq bolǵan. Xorezmshahlardıń sarayında bul til XI ásirge deyin keń qollanılǵan. Ol sóylew tili bolıp ǵana qoymastan, arab hám parsı-tájik tilleri menen bir qatardaǵı jazba tillerdiń biri sıpatında óziniń áhmiyetin XIII ásirdiń aqırına deyin saqlaǵan. Biraq, joqarıda aytılǵanınday, Xorezm xalqınıń kópshilik bólegi IX — X ásirlerde túrk tilinde

sóylegen, sebebi erte waqıtlardan baslap túrkiy qáwimleriniń usı oaziske kelip qonıs basıp alıwına baylanıslı, olardıń tili jergilikli xalıq arasında keń taralǵan.

X ásirdiń aqırında bul jerde xojalıq turmısı hám mádeniyatı kem-kemnen qayta tiklene baslaǵan. Orta ásirlerdegi Xorezmde suwǵarıw sisteması tez pát penen rawajlandı. Ayırım kanallardıń úlkenligi sonshelli, olarda úlken kemeler júzgen. Ámiwdáryanıń shep jaǵasındaǵı eń úlken kanal — Kanal-Vadax dep atalǵan. Ol dáryadan tikkeley saǵa alıp, eldiń paytaxtı Gurgandj qalasın hám onıń átirapındaǵı jerlerdi suw menen támiyinlep otırǵan. Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵındaǵı eń úlken kanallardıń biri Gáwhar kanalı bolǵan. Ol Qıyat wálayatınıń suwǵarıp otırǵan. Ol házirgi Paxtaarna kanalına sáykes keledi. Al, Qıyattıń tómenireginen baslanatuǵın Kerder kanalı Ámiwdáryadan tikkeley saǵa alǵan. Kerder kanalı Ámiwdáryanıń eski bir salasınıń ańǵarı boylap qazılǵan óz dáwiriniń ádewir uzın kanalı bolǵan. Bul kanal Kerder qalasına barıp jetken qala xalqın hám quyarlıqtaǵı keń paytaxt egislik jerlerdi suwǵarǵan.

Orta Aziyada erte waqıtlardan baslap-aq suwdı joqarıǵa shıǵarıp, atızlıqqa quyatuǵın qurılmalardı qollanǵan. Arxeologiyalıq izertlewlerge qaraǵanda, IX ásirde Xorezmde atızlarǵa suw shıǵarıwda góze-digirleri bar shıǵırlardan paydalanılǵan.

**Qalalardıń rawajlanıwı**

X ásirdegi Xorezmde otızdan aslam qalalar bolǵan. Olardıń bir qatarları ózleriniń burınǵı atların házirge deyin saqlaǵan. Oǵan Xazarasp, Xiywa, Gurgandj (Góne Úrgenish), Shoraxanlar kiredi. Al, basqa qalalarınıń tek qarabaqanaları ǵana qalǵan. Olarǵa — Darǵan, Mizdakxan, Zamaxshar hám basqalar kiredi. Kóp qalalardıń qarabaqanaların jergilikli xalıq házir basqasha atap ketken. Olardıń naǵız tariyxıy atları umıtılıp ketken. IX — X ásirlerdegi Xorezm jerinde, diyqanshılıqtıń, baǵshılıqtıń, júzimgershilik qalalarda ónermentshilik hám sawda ádewir ósti.

Xorezmniń qublasında, Ámiwdáryanıń shep jaǵasında bekkem qorǵan hám iri qala Darǵan bolǵan. Onıń qarabaqanası házirgi Darǵanata awılınan 3 km qashıqlıqta



Suw shıġırı

saqlanġan. Qalanıń jaylasqan jeri Ámiwdáryanıń eń baslı ótkelleriniń biri bolġan. Buxaradan, Amulden (Sharjawdan) hám Marıdan (Marvtan) Xorezmge keletuġın jollar usı jaġıs arqalı Ámiwdáryanı kesip ótken. Bul qala usı jollardıń kesisken jerindegi áhmiyetli orında jaylasqan. Solay etip, Úrgenishten keyingi ekinshi úlken qala Xorezmniń shep jaġalıġındaġı Dargan esaplanġan.

Samaniyler dáwirindegi Xorezmniń oń jaġalıqtaġı paytaxt qalası Qıyat bolġan. Qıyat qalası házirgi Beruniy qalasınıń qasında jaylasqan, sol waqıtları onı Xorezm qalası yamasa Al-Fir qalası dep ataġan. Ámiwdáryanıń jaġasında salınġanlıqtan Qıyat qalasın birneshe mártebe dáryanıń degishi alıp ketken. X ásirdiń aqırında qalanıń eski bólegin Ámiwdáryanıń suwı aġızıp ketken. Qıyat jerinde tuwılıp ósken orta ásirdiń ullı

ilimpazı qaraqalpaqlardıń babası Beruniy kórkem sóz benen jazıp qaldırǵan. Onıń aytıwı boyınsha, qala bekkem qorǵan bolıp hám ılaydan, hám gerbishten úsh qatar etip salınǵan biyik diywallar menen qorshalǵan. Usı úsh qatar biyik diywallardıń ústinen hákimniń sán-saltanatlı, záwlim biyik sarayı kórinip turǵan. Basqa avtorlar Qıyat xalqınıń ishinde ilimpazlar, oqımıslı adamlar, sheber qurılısshılar, taqmaqshılar, sázendeler kóp bolǵan, — dep kórsetedi.

X ásirde Qıyattıń qubla-shıǵısında onsha úlken bolmaǵan Shoraxan awılı jaylasqan. Onıń qarabaqanası Qaraqalpaqstannıń Tórtkúl rayonında házirge shekem saqlanǵan. Qıyattıń arqa-shıǵısında Gáwhar kanalınıń boyında samaniyler dáwiriniń kóplegen qalaları, awılları, sarayları hám qorǵanları bolǵan. Olardıń bir qatarları házir Qızılqum keńisliklериniń eski qumlar menen jarım-jartı kómilgen hám qarabaqana halında saqlanǵan. Olar Ellikqala rayonındaǵı Gúldirsin, Qabatqala, Nárinjan qalalarınıń góne orınları esaplanadı.

Ol qalalardıń ornında afrigiyler dáwirinen erterekte salınǵan qonıslar bolǵan, biraq, olar afrigiyler zamanında qańırap, adamsız qalǵan. Al, X — XI ásirlerde bul mákan jerlerge jáne xalıq kelip qonıs basqanlıqtan taǵı da elatlıqlar payda bola baslaǵan. Solay etip, bul jerler gúllenip qalalarǵa aylanǵan. Nárinjan — dep atalatuǵın góne qalanıń ornında tek samaniyler dáwiriniń diywalları menen minaraları ǵana saqlanǵan. Qalanıń ortasındaǵı úlken saray qulap, biyik tóbeshikke aylanǵan. Al, XIV ásirde ol tóbeshiktiń ústine Nárinjan baba qábirstanı salınǵan. Bul áwliye orındı jergilikli xalıq «káramatlı mazar», «áwliye orın» dep esaplaǵan. Arxeologiyalıq izertlewler arqalı IX — X ásirlerdegi Xorezm qalaları jobalarınıń ózine tán ózgeshelikleri anıqlandı hám Xorezm ónermentshilik zatlarınıń sıpatları haqqındaǵı jazba dereklerdegi maǵlıwmatlar tolıqtırılǵan. Ayrıqsha gúlalshılıq óneriniń gúllenip óskenligi ayqın kózge túsedi. Eger, IX ásirdegi Xorezmde sırlanǵan gúlalshılıq ıdısları siyrek ushırasatuǵın bolsa, X ásirde gúlalshılıq óneri júdá joqarı dárejege kóterilgen, ónıń sapası jaqsılanǵan.

Endi hár túrli kórkem naǵıslar menen jıltıratılıp sırlanǵan gúlalshılıq zatların kóplep ushıratıwǵa boladı. Sırlı naǵıslar oǵada kórkem bolıp, olar ósimliklerdiń súwretlerinen hám

geometriyalıq nağıslardan ibarat bolğan. Mawarawnnaxrdağı ayaqlı, olardıń nağısları da güreń-qońır qızıl, sarı reńler menen sırlanğan. Gúlalshılar hár qıylı zatlar: keseler, qumlar, güzeler, digirler hám tağı basqa zatlar islep shığarğan. Gúlalshılıq islerinde afrigiyler zamanındağığa qarağanda kóp ózgerisler bolğan. Endi gúlal ıdıslar gúlalshılıq ásbaplarınıń járdemi menen jasalğan hám olar arnawlı kórikleri bar oshaqlarda, qumbızlarda pisirilgen.

Orta Azyadağı orta ásir qalalarınıń qurılıwına hám rawajlanıwına ayırım jağdaylar óz tásirin tiygizdi. Xorezmdegi qalalardın ósiwi X — XI ásirlerge tuwra keledi, qalalarda sawda, ónim shığarıwshı kúshlerdiń hám mádeniyattıń rawajlanıwı sol dáwirdegi ekanomikanıń, siyasattıń óskeninen derek beredi.

**Gáwirqala hám Mizdakxan**

Qaraqalpaqstannıń Xojeli rayonınıń batısında tábiyiy tóbelikte Mizdakxan jergilikli xalıq Gáwirqala dep ataytuğın tariyxıy arxeologyalıq estelik búgingi kúnimizge shekem jaqsı saqlanğan. IX — X ásirlerdegi Ámiwdáryanıń salası házirgi ağısınan batısqa qaray aqqan hám bul qala sol waqıttan baslap Ámiwdáryanıń oń jağında jaylasqan. Erte orta ásirlerdegi Mizdakxan óz dáwiriniń ájayıp qurılıs úlgisinde jaqsı salınğan qala bolıp, maydanı 8 gektardan kóbirek bolğan. Bul qala haqqında arab sayaxatshısı al-Makdisi (985-j) bılay dep jazadı: — Mizdakxan úlken qala, onıń átirapında 12 mıń qorğan bar. Xorezm qalaları jaqsı bekinisken, biraq Mizdakxan olardıń ishindegi eń úlkeni. Onıń kólemi Djurdjaniyağa teń, átirapı diywal menen qorshalğan — dep atap ótken. Mizdakxandı 1928 — 1929-jilları A.Yu. Yakubovskiy birinshi mártebe izertlegen hám súwretke alğan.

Qala úsh dáwirge bólinedi: áyyemgi Gáwirqala qorğanınıń, tiykarğı mongollarğa deyingi qala, úlken qábirstanlıq hám Altın Orda dáwirindegi qala. Mizdakxannıń qubla — batıs bóleginde qurılıslar kóbirek bolğan. Qalanıń batıs qorğanı el basqarıwshısınıń sarayı bolğan, onda bayram ótkeriletuğın xanalar bolıp, olardıń ishki diywalları túrli súwretler hám nağıslar menen bezelgen monshalar bolğan, kóp sandağı bólmeler bolğan, bular qonaqlarğa hám xojalıqlarğa arnalğan. Gáwirqala úlken tábiyğıy biyiklikte qurılğan. Onıń shığıs tárepi



Mizdakxan A.Yu.Yakubovskiy tárepinen alıngan súwret



Mizdakxannan tabılgan bronza aynalar



Mizdakxannan tabılǵan ıdıs

orta ásirde diywallar menen qorshalǵan hám onda qorǵanıw minaraları qurılǵan. Qala diywalları sırtınan aylandırıp, dushpan óte almaytuǵınday etip orlar qazıp qoyılǵan. Qorǵanǵa kiriw jolı shıǵıs tárepte bolıp, sırtqı diywallardıń qalıńlıǵı 2,3 — 1,3 metr, al ishki diywallardıń qalıńlıǵı 1 — 1,2 metr bolǵan.

Ulıwma aytqanda XI ásirdiń basları hám XIII ásirlerde qalalardıń rawajlanıwına tiykar boldı. X — XI ásirlerdegi qalalardıń kópshiligı musılman qalalarındaǵıday belgilerge iye boldı.

### *Sorawlar hám tapsırmalar:*

1. Taxiriyler dáwirindegi Xorezm mámleketi haqqında aytıp beriń.
2. Samaniyler mámleketi menen Xorezmniń baylanısların táriyiplep beriń.
3. Samaniyler dáwirindegi sociallıq awhal qanday edi?
4. Xorezmlilerdiń xojalıǵı haqqında ne bilesiz?
5. Xorezm qalalarına táriyip beriń.
6. Mizdakxan qalası haqqında aytıp beriń.
7. X — XI ásirlerdegi qalalardıń kópshiligınde qanday belgiler bar?

## § 7—8. VIII—XI ásirdegi Kerder mádeniyatı

**Kerder elatı**

VI—VII ásirlerde Sırdáryanıń eski arqa-batıs tarmaǵı bolǵan Quwandárya, eski dáryalardıń suwınıń kemeyiwinen, ekologiyalıq jaǵday tómenleydi. Usı aymaqta jasaǵan Jetiasar qáwimlerinin bir toparı Sırdárya delta alabına kóship baradı hám «Batpaqlı qalalar» mádeniyatın payda etedi. Olar Sırdárya delta alabında Altınasar, Jankent hám Keskenkúyik qalaların (Sırdáryanıń arqa tómengi quyar jerinde jaylasqan) saladı. Ekinshi bir bólegi Ámiwdárya deltasınıń oń tárepine kelip jergilikli qáwimler menen hám ásirese, xorezmliler menen aralasıp Kerder mádeniyatın payda etedi. Sonlıqtan da, Sırdáryanıń tómengi boyında jasawshı Jetiasar xalıqlarınıń mádeniyatına, Kerder mádeniyatı júdá uqsaydı.

Ámiwdárya quyarlıǵınıń oń jaǵalıǵında Xorezmniń arqa tárepindegi keń paytax sahralar «Kerder jeri» dep atalǵan. Kerder jeri tuwralı XI ásirdegi arab-parsı tariyxıy-geografiyalıq miynetlerde Kerder (kurder, kardar) atamaları kóplep ushırasadı. Kerder wálayatınıń bas qalası da Kerder dep atalıp, kanalı hám Aral teńizi de Kerder kóli dep atalǵan.

Kerder wálayatındaǵı barlıq qonıslar Ámiwdáryanıń Aral teńizine quyar jerindegi tarmaqlarınıń boylarında jaylasqan. Kerderdiń sońǵı dáwirinde deltanıń shıǵıs tárepi suwlandırılǵan. Biraq, jazba maǵlıwmatlarǵa hám arxeologiyalıq maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda X ásirde Ámiwdárya óz aǵısın ózgertken. Nátiyjede, onıń batıs tarmaqlarınıń suwı molayǵan, al shıǵıs tarmaqları qurǵap qalǵan. Usınday tábiyiy apatshılıqtıń aqıbetinen, Kerder wálayatınıń xalqı suwsız qalǵan. Biraq, xalıq qanday da bir gidrotexnikalıq qurılıstıń járdemi menen eski salalardıń birewine suw aǵızǵan. Ol tariyxıy dereklerde Kerder kanalı degen at penen belgili bolǵan.

| Kerder wálayatınıń VII — XI ásirlerdegi tariyxı eki dáwirge bólinedi | |
|---|---|
| Birinshi dáwir: VII — VIII ásirdiń ortaları | Ekinshı dawir: VIII ásirdiń ortalarınan — XI ásir ortalarına shekem |
| Kerder qalaları | |
| Birinshi dáwir esteliklerine: Tókqala, Gáwirqala, Kúyikqala, Qırqjigit qala, Qıran-taw, Haywanqala, Aqjarma hám Sovetqudıq, Bağdatqala mákan jayları kiredi. | Sońğı dáwirde: Darsan (Tókqala), Kerder (Haywanqala), Mizdakxan, Bardarag (Qırantaw), Darıqala hám Kókshiqalaları |

Kerder jeri Xorezm menen tığız baylanısta bolıwına qaramastan, bir qatar ózgesheliklerge, ásirese, fizika-geografiyalıq jaqtan ayırmashılıqlarğa iye bolğan. Bul jerdiń hawa rayı ığallı bolğan. Qalıń toğaylıqlarına pıshıq murnı batpağan. Ol jerdegi dáryalardıń salaları bir-biri menen kesisip, bir-birine qosılıp ağatuğın bolğan. Usınday tábiyiy jağday ol jerlerde kómpleksli xojalıqtıń rawajlanıwına alıp kelgen hám bul jerdegi xalıqtıń kún kóriw tirishiligine aylandı.

***Kompleksli xojalıq-sharwashılıq, diyqanshılıq, balıqshılıq hám ańshılıq penen birdey shuğıllanıw***

Soğan qaramastan, kerderlilerdiń ekonomikasınıń baslı tarawı diyqanshılıq boldı. Olar diyqanshılıqta biyday, júweri, arpa, másh, tarı ekken.

Qubla Aral boyları qalalarında eki ret sayaxatta bolğan sayaxatshı Abu Xamad al-Gartaniy (1135 — 1136-jj) «Qubla Aral boyında (Xorezmde) mazalı aq hám qızıl júzimler kóp, olardı qısta asıp saqlaydı. Qala bazarlarınıń kórkin alma, almurt hám anarlar shığarıp turadı», — dep jazadı.

Sharwashılıqta, tiykarınan mayda mallar qoy-eshkiler hám qara mallar asırağan. Bulardan basqa kerderliler xojalıqta shoshqa, jılqı, túye hám qus asırağan.

Ańshılıqta bolsa, jeyran, qulan, qoyan, túlki, porsıq hám basqa da haywanlarǵa ańshılıq etken. Olar qımbat bahalı qamar terilerin qońsı eller bazarlarına shıǵarǵan. Sonıń menen birge, xalıqtıń kún kóris derekleriniń biri balıqshılıq bolǵan. Kerder qalalarındaǵı jaylardıń mádeniy qatlamlarında balıqshılıq qural-saymanlarınan shanıshqı, qazı, aw, balıq súyek qaldıqlarınan sazan, sıla, súwen, shortan, ılaqa hám shabaqlardıń tabılıwı xalıqtıń balıqshılıq penen de shuǵıllanǵanınan derek beredi.

**Kerderlilerdiń VIII — XI ásirdegi mádeniyatı**

Erte orta ásirler dáwirinde Kerder wálayatı Xorezmshahlar qol astında boldı. Ámiwdáryanıń oń jaǵasında VI ásirdiń aqırı — VII ásirdiń basında Kerder mádeniyatı ózine tán xojalıq usılları, teńge basıp shıǵarıw hám gúlalshılıq ónermentshiligi payda boldı. Onıń orayı Kerder qalası bolıp, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis rayonı aymaǵında jaylasqan házirgi Haywanqala qaldıqları ornında jaylasqan.

**Haywanqala** házirgi Nókis rayonı aymaǵında «Shortanbay» arnasınıń shep jaǵasında jaylasıp, tórtmúyesh qorǵan diywallarına iye. Bul qala Kerder mádeniyatınıń eń ájayıp hám eń iri esteligi bolıp esaplanadı. Házir bul úlken góne qalanıń qarabaqanası saqlanǵan.

Kerderlilerde ruwlıq dúzim bekkem saqlanıp qalǵan. Olar atalar basqarǵan úlken shańaraqlarda, 4 — 5 bólmeli jaylarda jasaǵan. Darsan, Haywanqala esteliklerin qazıp izertlegende jaylardıń diywallarınıń bir-birine jabıstırıp salınǵanı anıqlandı.

**Qorǵansha qalashası** Respublikamızdıń Taxtakópir rayonı orayınan shıǵısqa qaray 17 km qashıqlıqta jaylasqan. Jergilikli xalıqlar arasında onı «Qoblandı qala» dep te ataydı. Sebebi, xalıq ápsanalarında epikalıq qahraman bolǵan Qoblan batır menen de baylanıstıradı. Qalasha ashıq qumlıq jerde jaylasıp, qorǵan diywalları juwılıp ketip, maydanı 12 gektardı iyelegen. Qorǵansha qalashası VII — VIII ásirlerge tán bolıp, izertlewler nátiyjesinde anıq bolǵanınday órteniw aqıbetinde qıyrap qalǵan. Qorǵansha qalashası kerderlilerdiń awıllıq qonıslarınıń qáliplesiwiniń ayqın mısalı bola aladı.



Kúyikqaladan tabılǵan bronzadan islengen qanatlı at túrindegi taǵınshaq

Respublikamızdıń Shımbay rayonınıń arqa tárepinde Qusqanataw átirapında **Kúyikqala** esteligi jaylasqan. Orta ásirlerde qalashanıń átirapları Shortanbay (Kerder), Iyshanjap, Bekjap hám Arzıjap kanalları menen suwǵarılǵan. Qalashanıń aymaǵı 41 gektar.

Qala diywalları qam gerbishten órilip, qalıńlıǵı 5—6. metrden ibarat. Kúyikqala Kerder elindegi eń úlken qalalardan esaplanadı.

Qalada temir eritiw, qola hám gúlalshılıq óndirisi bolǵan. Qusqanatawdaǵı Kúyikqalada jasaǵan xalıq qara úylerdiń tırnaǵına gerbish tósegen. Jáne de sonı aytıp ótiwimiz kerek, VI—VIII ásirlerge tiyisli astına gerbish tóselgen qara úydiń ornı usı qaladan tabılǵan.



Kúyikqaldan tabılǵan ıdıslar. XV ásir



Tókqala ossuariyleriniń diywallarında jazılǵan qol jazba derekler

Nókis rayonı aymaǵında jaylasqan **Tókqala** atlı qalashası jaylasqan bolıp, 11 metr biyiklikte salınǵan, jergilikli xalıqlar onı Darsan dep te ataydı. Tókqala Tóktawınıń ústine salınǵan. Tókqala haqqında birneshe márte Abul-Ǵaziy, Munis hám Agahiy qoljazba dereklerinde aytılǵan. XX ásirdiń 60 — 70 jılları A.V.Gudkova tárepinen tereńnen izertlenip, onıń «Tókqala» atlı miyneti jarıq kórdi. Bul esteliktiń ózinde saqlanıp kelgen ossuariyler qoyımshılıǵı hám olardaǵı shendeshen ushırasatuǵın qoljazba hám súwret úlgileri dıqqatqa ılayıq boldı. Bul jerden tabılǵan ossuariyler erte orta ásirlerge tán. Mısalı, qoljazbalar arqalı «Ossuariy»lerdi jergilikli xalıqlar **«Tapankuk»** dep ataǵanı (tiykarǵı mazmunı *«qutı»* degen mániste), al, súyek saqlaǵısh ıdıslardıń jaylasqan jerin «**Fravartik**» (babalar ruwxı) dep ataǵanı anıqlandı.

Qala mádeniyatınıń ózine tán ózgesheligin hám belgili bir xalıqtıń qaysı etnikalıq toparǵa qaraslı ekenligin kórsetetuǵın gúlalshılıq zatları bolıp esaplanadı. Kerderliler VI — XI ásirlerde gúlal ıdıslardı qumbız peshlerde hám tandır oshaqlarda tayarlaǵan. Idıslardıń sapasın jaqsılaw ushın arnawlı saz ılaylarǵa mayda qum, mayda tas hám gúlal ıdıslardıń sınıqların untap qosatuǵın bolǵan. Tókqaladan da mine usınday peshler hám gúlal ustaxanalar tabılǵan.

X — XI ásirdegi qalalarǵa tiyisli gúlal ıdıslardıń ishi, geyde sırtı jıltır (lazur) etip boyalǵan boladı. Bul dáwirdegi gúlal ıdıslardıń sapası artqan. Bunıń ushın ónermentler boyawlarǵa temir, mıs hám gúmis eritpelerin qosqan. IX — XI ásirlerde

Kerder wálayatında islam dininiń taralıwı menen janlı maqluqlardıń súwretin salıwdı qadaǵan etiwge qaramastan, ónerment ustalar burıngı dástúrin dawam ettirip, ıdıslarǵa haywanlardıń hár túrli kórinistegi súwretlerin salıwdı dawam etken.

Kerder qalaların izertlewler waqtında gúlalshılıqtan tısqarı temirshilik, zergerlik, toqımashılıq hám shiyshe islep shıǵarıw rawajlanǵan. Usı dáwirde paxtadan, júnnen gezleme kiyimler kiygen, kiyiz basqan. Qural-jaraqlardan temirden islengen pıshaqlar, oraq, bizler hám taǵı basqa zatlar tabıldı. Ayırım qural-jaraq buyımlarınıń sapları suwınnıń, eshkiniń hám qoshqardıń shaqları menen bezelgen. Bezeniw buyımlarınan bronzadan sırǵa, bilezik, júzik, óńirge taǵatuǵın zatlar, belbew hám jaǵalar tabılǵan.

Kerder wálayatında VIII ásirdiń basında ǵárezsiz túrde Kerder wálayatınıń hákimi Xusırawdıń teńgesi basılıp shıǵadı. Teńgeniń oń tárepinde basına qos órkeshli túyeniń kórinisindegi taj kiyip otırǵan hákimniń súwreti, al teńgeniń shep tárepine shanıshqı tárizli tamǵa salınǵan Bunnan tısqarı, qalalarda mıs teńgeler kóplep ushırasadı. Bul Kerder wálayatınıń social-ekonomikalıq jaqtan rawajlanǵanlıǵın hám olardıń bazarlarında aqsha qatnasıqlarınıń óskenligin dálilleydi. Xorezmliler Kerder wálayatına aralasıp sawda júrgizgen. Xorezmniń Gurgandj hám Qıyat qalalarınan shıqqan gúzar kárwan jolları Mizdakxan, Darsan, Kerder, Kúyikqala, Qorǵansha arqalı Araldıń shıǵıs jaǵaları menen Sırdárya boylap ótetuǵın «Ullı jipek jolına tutasqan». Nátiyjede, Kerder wálayatı Ferǵana, Buxara, Yangikent, Taraz hám Otırar arqalı Qıtay menen sawda baylanısları da bolǵan.

VII — XI ásirlerde kerderlilerde túrk jazıwı menen bir qatarda Xorezm jazıwı da keńnen taralǵan. Biraq, bul pikirge qayshı keletuǵın derekler de bar. 1219-jılı Mawarawnnaxrda bolǵan orta ásirdegi arab geografı Yakut al-Hámayi ar-Rumi «Kerder, Xorezmniń túrkler menen shegarasında jaylasqan elat. Olardıń tili túrkshe de, xorezmshe de emes. Kerder wálayatında kóp sanlı awıl elatlar bar. Kerderlilerde mallar kóp, olar molshılıqta jasaydı», — dep jazıp qaldırǵan.

Orta ásirlerde Kerder wálayatında ónermentshilik, mádeniyat, ilim hám sawda joqarı dárejede rawajlanǵan.

Kerderden de óz waqtında óziniń ilimiy miynetleri menen dúnyaǵa tanılǵan alımlar jetilip shıqtı. Olardan Ebd al-Ǵafur bin Lukman bin Muhammed Abu Mufaxir al-Kerderi. Ol Baǵdad hám Damask qalalarında oqıǵan, XI ásirde ómir súrgen.

XIII — XV ásirlerde jasap ótken alımlar haqqında maǵlıwmatlar biziń kúnimizge shekem jetip kelgen olardan: Muhammed al-Kerderi hám Xafizaddin Muhammed addin Muhammed al-Kerderiyler bolıp esaplanadı. 1317-jılı Edil boyındaǵı Bulgar qalasınan tabılǵan jazıwda Muhammed Sheyx al-Kerder atı ushırasadı. Bular islam dinin, táliymatların jaqsı bilgen hám sháriyatqa baylanıslı túrli máselelerge túsinik bergen. Kerderi laqabı jerdiń atınan alınǵan.

Kerder qalasınıń mádeniy qatlamlarınan tabılǵan hár túrli formadaǵı shiyshe ıdıslarınıń tabılıwı IX — XI ásirlerde shıpakerlik isleri hám ximiyalıq tájriybeler ótkerilgenligin dálilleydi. Suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq jaǵdayındaǵı awıl xojalıq jumıslarınıń ámeliy talapları, uzaq jerlerge sayaxatlar, keń kólemde sawda júrgiziw isleri astronomiyanı, geografiyanı rawajlandırıwdıń zárúrligin keltirip shıǵarǵan. Qalalardı hám iri arxitekturalıq qurılıslardı salıw, sawda islerin júrgiziw geometriya menen algebranıń rawajlanıwına tásirin tiygizgen. Sol dáwirdegi Xorezmniń, Buxaranıń hám Orta Aziyanıń basqa da mádeniy oraylarınıń ilimpazları kúndelikli turmısqa kerek bolǵan ámeliy bilimleri menen bir qatarda, hár qıylı teoriyalıq máselelerdi de úyreniw menen shuǵıllanǵan. Iri ilimpaz Abu Abdullah Muhammed ibn Muwsa ál-Xorezmiydiń ilimiy xızmeti IX ásirdiń basına tuwra keledi. Ol shıǵısı boyınsha xorezmli Abbasiyler zamanındaǵı Xalif Mamunnıń sarayında jasaǵan.

Barlıq túrk tilles xalıqlar sıyaqlı kerderlilerdiń de zıyanlı ruwxlardan saqlanıw dástúrleri bolǵan. Olar balalardıń kiyimlerine jılanbas, tumar hám saǵaqlardı taǵıp júrgen. Olar temirlerdiń de káramatlarına isenip, kiyimlerge mayda dóngelek temirlerdi taǵıp júrgen. Kerderlilerdiń baslı bayramı jańa jıldıń keliwi Nawrız bolıp, onı júdá úlken kóterińkilik ruwxta ótkergen.

Kerderliler bir dinge sıyınbaǵan, olar tábiyat qubılıslarına túsinbey, ottıń káramatlılıǵına, aspan táńirine, totemizm hám

shamanizm dinlerine sıyıngan. Túrk tilles qáwimleri sıyaqlı olar, joqarıdağı kók aspan, tómendegi qara jer hám bul ekewiniń arasında adamlar jasaydı dep túsingen. VI ásirdiń aqırı, VIII ásirdiń ortalarına shekem kerderlilerdiń bir bólegi, ásirese qalalarda jasawshı xalıqlar, xorezmlilerdiń mádeniy tásirinde bolıp, zardushtiylik dinin qabıl etedi.

VIII ásirdiń aqırı — IX ásirden baslap Qubla Aral boyı xalıqları arasında islam dini tarala baslaydı. Biraq, soǵan qaramastan, kerderlilerdiń ruwxıy turmısında burıngı ruwxıylıq jámiyetlik dúzim dástúrleri hám diniy isenimler uzaq saqlanadı.

Xorezmniń óz átirapındağı eller menen óz ara qatnasıqları bir-birine bárhama topılıs jasaw hám urıslar ashıwdan ǵana ibarat bolmaǵan. Ámiwdáryanıń quyarlıǵındağı sharwalar menen Xorezm diyqanları hám ónermentleri arasında sawda qatnasıqları júrip turǵan. Bul baylanıslar sol ellerdiń ekonomikasınıń rawajlanıwı ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan. Sonıń menen birge, eki tárepke de kúshli dushpannıń topılıs jasaw qáwpi dóngen waqıtta, oǵan qarsı birigip góres júrgizgen. Mısalı, VIII ásirdiń basında Aral átirapınıń pútkil qubla aymaqlarında arab basıp alıwshılarına qarsı ǵalaba sawash maydanı dúzilgen.

**Xorezmlilerdiń basqa eller menen qatnasıqları**

Xorezm sawdagerleri qońsı eller menen Volgadağı bulgarlar patshalıǵı, Xazarstan, Rus jerleri hám Kaspiy jáne Aral átirapındağı sahralıq túrk qáwimleri menen qızǵın sawda qatnasıqların júrgizgen. Shıǵıs elleriniń sawda jolı boyındağı sawda orayı bolǵan. Xorasannan Volga boylarına jaqın elatlarǵa hám Rus jerine baratuǵın sawda jolı Xorezm arqalı ótken. Sawda tarawında Gurgandjdıń tutqan ornı úlken bolǵan. Sebebi, ol Irak penen Irannıń Shıǵıs Evropaǵa baratuǵın eń tuwrı qısqa sawda jolınıń boyında jaylasqan. Xorasannan Xorezmge keletuǵın bir jol Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵı boylap Amuldıń (házirgi Sharjaw) ústi menen Darǵan, Xazarasp arqalı Gurgandjǵa kelgen. Ekinshi jol Marıdan baslanıp, arqaǵa qaray ısıldaǵan espe qum tóbeshikleri arqalı Xorezmdegi Taxariya qalasına kelip jetken. 922-jılı Gurganjdan óz kárwanı menen arqaǵa qaray Ústúrttiń tik jarlıqların jaǵalap ótken Ibn Fadlan Xorezmnen

Volga boylarına baratuğın joldı táriyiplep jazıp qaldırğan. Gurganjdan shıqqanınan keyin Qarawımbetke kelip, jol Ústirt tegisligine shığadı hám Ústirt arqalı Embağa baradı, onnan armağan Volgağa baratuğın jolğa tutasqan. Volgağa barıp, ol eki bağdarğa ayrılğan. Birinshisi xazarlarğa, al ekinshisi bulgarlarğa barğan. Xorezmnen Volgağa qaray júretuğın bul eski joldan IX—X ásirlerden keyingi orta ásirlerdiń sońğı dáwirlerinde de paydalanılğan. Usı joldıń boyına salınğan kóplegen qorğanlardıń, kárwan saraylardıń, meshitlerdiń, jonılğan taslardan órilgen qudıqlardıń qarabaqanaları elege deyin saqlanğan. Ústirtlikler menen shól-giyaban sahradan ótetuğın bul jol óz waqtında jaqsı xızmet etken.

Xorezm Buxara arqalı Mawarawnnaxr menen sawda júrgizilgen. Bul tárepke eki jol menen qatnaytuğın bolğan. Birinshisi Qıyattan baslap Qızılqum arqalı Buxarağa barsa, al ekinshisi Ámiwdáryanıń shep jağalığı menen Faravtağı jağıstan dáryanı kesip ótip, Buxarağa barğan. Xorezmniń sawda kárwanları tek Buxarağa ğana barıp qoymastan, al onnan arman ótip, Orta Aziyanıń ishkeri túpkirlerine shekem barıp jetken. Xorezmnen Sırdáryanıń quyarlığındağı hám onıń tómengi ağısındağı jerlerge, oğuzlardıń paytaxtı Yangikentke baratuğın jollardıń da Xorezmde sawda isin júrgiziw ushın úlken áhmiyeti bolğan. Bul jollardıń birewi Aral teńizınıń jağalarına júdá jaqın jerden seksewiller menen qalıń toğaylıqlardı kesip ótken. Ekinshi jol Beltawdıń (ol Bórshinintawı dep te ataladı) túsligi menen Jańadáryanı jağalap ótken. Satılatuğın hám satıp alatuğın zatlar hár qıylı jáne oğada kóp bolğan. Xorezmliler diyqanshılıq ónimlerin, bağshılıqtan óngen miywelerdi, jemislerdi, gezlemelerdi, oqjaylardı hám basqa da soğan usağan bir qatar ónermentshilik zatların sırtqı sawdağa shığarğan. Shığıs Evropadan Orta Aziyağa mamıq júnli ań terileri (sobol, qundız, tıyın, aq suwsar hám basqalardıń), aq mum, pal, oqjay oqları, qılıshlar, sawıtlar hám ańshı quslar alıp kelingen. Tariyxıy dereklerde Xorezmniń qul satatuğın bazarları bolğan, dep kórsetiledi. Qul bazarlarına slavyan, xazar, túrk hám basqa da hár qıylı qáwimlerden qullar alıp kelinip satılğan.

Xorezm mámleketi ózi menen qońsı ellerdiń kópshiligi menen sawda hám mádeniy baylanıslardı ornatqan. Ásirese,

Xorezm-Xazarstan áyyemgi waqıtlardan baslap Evropa hám Oraylıq Aziya ellerin baylanıstırǵan. Xorezmniń siyasiy turmısında onıń X ásirdegi Xazarstan menen baylanısları ayrıqsha úlken áhmiyetke iye. Batıs Túrk qaǵanatlıǵı ıdıraǵan dáwirde Shıǵıs Evropada dúzilgen Xazar qaǵanatlıǵı mámleketi VIII ásirde-aq Xorezm menen tıǵız baylanıs jasaǵan. Arablardıń jawlap alǵan dáwirinde Kuteyba tárepinen quwǵınǵa ushıraǵan Xorezm ilimpazları Xazarstanǵa qashıp barıp baspanalaǵan.

VII ásirdiń ortalarında Xazar mámleketi dúzilip hám ol X ásirdiń aqırına shekem ómir súrdi. Onı qaǵan basqarǵan. Xazarstannıń paytaxtı VIII ásirdiń ortasına deyin Arqa Kavkazda bolǵan, al onnan soń Edildiń (Volganıń) tómendegi Itil qalasına kóshirilgen. Ol óz waqtında úlken qalaǵa aylanǵan.

Hár qıylı ellerden, mámleketlerden, sonıń ishinde Xorezmnen de Shıǵıs Evropaǵa baratuǵın sawda jolları usı qala arqalı ótken. Tariyxıy dereklerdiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda Xazarstan xalqı arasında xorezmliler az bolmaǵan. Xorezm áskerleri qaǵanattıń armiyasında xızmet etken. Awır qurallar menen qurallanǵan, xorezmlilerden dúzilgen on mıń atlı ásker Xazarstan armiyasınıń tiykarı bolǵan. Arab avtorları «Itil qalasında xazarlar qansha bolsa, slavyanlar hám xorezmliler de sonsha bolǵan», — dep jazadı. Óz gezeginde Xorezmde onıń paytaxtı Úrgenishte Xazarstannan kóship kelgen xazarlar, alanlar hám slavyanlar bolǵan. Olar xristian dinin tutqan. Bul toparlar Xorezmde mongollar jawlap alǵanǵa shekem jasaǵan. Olar haqqında Beruniy (XI ásir) hám Plano Karpaniyler (XIII ásir) jazıp qaldırǵan.

X ásirdiń aqırında qaǵanatlıqtıń oǵuzlar hám rus elleri menen góresi keskinlesip ketedi. Usı waqıtları Xazarstan Xorezm menen ayrıqsha tıǵız baylanıs jasaǵan. Sol dáwirge deyin ekige bólinip kelgen Xorezm Úrgenish ámiri Mamun ibn Muhammedtiń qol astına birigip, kúshli mámleketke aylanadı. Xazarstan basqarıwshıları Xorezmnen áskeriy járdem de sorap turǵan. 965-jılı knyaz Svyatoslav basqarǵan rus áskerleri Sarkeldiń (Belaya Veja) qasında xazar áskerleri ústinen sheshiwshi jeńiske erisken. Usı urısta Xazarstannıń qaǵanı da ólgen. Svyatoslav xazar qalaların jawlap almaqshı

bolğan. Usı waqıtları Xazarstan aymağına basıp kire baslağan oğuzlar Svyatoslav penen awqam dúzgen. Tariyxıy dereklerge qarağanda, Xazarstan ushın gúreske Xorezm mámleketi de jigerlilik penen qosılğan. Edildiń (Volganıń) tómengi ağısındağı xazar qalalarına Ál-Mamunnıń áskerleri birneshe ret atlanıs qılğan. Qıyratılğan Xazar qağanatlığınan «miyras pay» alıp qalıw ushın hám jer ielew maqsetinde bolğan urısta Xorezm mámleketi óz armiyasın ğana paydalanıp qoymağan, al sahra qáwimleri menen óziniń burınnan kiyatırğan siyasiy baylanıslarınan da paydalanıwğa umtılğan.

Xorezmniń hákimi ayırım waqıtları Xazarstannıń bir qatar qalaların basıp aldı, — dep jazğan Ál-Makdisi.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Kerder elatı qaysı jerde jaylasqan?
2. Kerder qalaları haqqında aytıp beriń.
3. Kerder wálayatında xalıq qanday xojalıqta kún keshirgen?
4. Kerdelilerdiń gúlalshılıq, ónermentshilik ózgeshelikleri haqqında ne bilesiz?
5. Kerderlilerdiń Xorezmliler menen baylanısı qanday bolğan?
6. Xorezm mámleketiniń qońsılas Xazarstan menen baylanısları haqqında aytıp beriń.
7. Orta ásirdegi sawda jolları hám ondağı tasılatuğın tovarlar haqqında aytıp beriń.
8. Kerderlilerdiń XIII — XV ásirlerde jasap ótken alımların atap ótiń.

## § 9 — 10. IX — X ásirlerde sahra qáwimleri

**Oğuzlar mámleketi hám onıń aymaqları**

Qıtaydan tap Qara teńiz átiraplarına shekemgi aralıqtağı keń paytax sahralarda sharwashılıq penen shuğıllanıp kún keshirgen túrkiy qáwimlerdiń ishinde jawınger topari Oğuzlar boldı. Olar tariyxta toğız oğuzlar dep ataldı. Oğuzlar VI ásirdiń ekinshi yarımı hám VII ásirde Túrk qağanlığınıń quramında boldı.

Túrk qağanlığı ústemligi qulağannan keyin toğız oğuzlardıń úlken bir bólegi guz hám oğuz atı menen Sırdárya alabında hám Aral teńizi átirapında bekkem ornalastı. Sırdáryanıń

orta hám tómengi alabında IX ásirdiń aqırı — X ásirdiń baslarında oǵuz qáwimleriniń feodallıq mámleketi payda boladı. Oǵuzlar mámleketiniń arqa shegarası Irtısh dáryasınıń jaǵalarınan baslap, Ural tawınıń qubla-shıǵıs janbawırlarına shekem sozılǵan. Solay etip, oǵuzlar bul aymaqtaǵı túrkiy qáwimlerdiń biri kiymaklar (kaymaklar) eli menen shegaralas bolǵan. Qublasında Kaspiy teńiziniń qubla-batısındaǵı Gurgan wálayatı menen shegaralasqan.

Oǵuzlar batıs tárepte Kaspiy teńiziniń arqa batısındaǵı xazarlar hám Edil (Itil-Volga) dáryasınıń orta aǵısında jaylasqan bolgarlar mámleketleri menen, al shıǵıs tárepinde Karluklar mámleketleri menen shegaralas bolǵan. Kaspiy teńiziniń arqa shıǵısınan baslap tap Jem (Emba) dáryasına shekemgi aymaqlarda jasap atırǵan kúshli bijanak (pecheneg) qáwimleri hám oǵuz qáwimleri oǵuzlar mámleketine qaraslı bolǵan. Oǵuzlarlardıń tiykarǵı bólegi Sırdáryanıń ayaǵı hám ortańǵı aǵısında, shıǵıs hám arqa Aral átiraplarındaǵı keńjaylawlarda jasaǵan.

Alımlardıń pikirinshe, oǵuz sózi, qáwim hám qáwimler birikpesin ańlatqan. Orta ásirdegi tariyxıy dereklerge qaraǵanda, oǵuzlar 22 ruwdan turǵan. Sırdáryanıń tómengi aǵıs boyında jaylasqan Jańakent qalası oǵuzlardıń paytaxtı esaplanıp, olardı Yabǵu dep atalatuǵın patsha basqarǵan. Oǵuzlar awqamınıń etnikalıq quramı 24 ten artıq qáwiminen turǵan. Oǵuzlar jergilikli Aral boyında jasap turǵan qáwimlerdiń áwladları menen aralasıp áyyemgi indo-evropalıq qáwimler menen birigiwinen payda bolǵan. Sırdáryanıń jaǵalarında Yangikent (Jańakent), Jend hám Sıǵnaq qusaǵan birneshe bay qalalar boldı. Yabǵular bul qalalarda qıslaǵan. Olar qalalarda jasaǵan. Jańakent, Jent, Asanas, Sayran hám Farab qalaları oǵuzlarǵa tiyisli bolǵan. Bul qalalarda úlken bazarlar bolıp, hátteki olarda qullar da satılǵan. Biraq, bul átiraptaǵı qalalardıń heshbirinde oǵuzlar salmaǵan. X ásirde jazılǵan «xudud ul-olam» dóretpesinde

***Oǵuzlar qalaları. Jańakent, Jent, Asanas, Sayran hám Farab***




Oǵuzlar mámleketi

aytılıwına qaraǵanda, oǵuzlar kóshpeli sharwa xalıq bolıp, óz qolları menen birde bir qala salmaǵan. Kóbinese qalalar dáryanı jaǵalap júrgen kárwan jolları ushın salınǵan.

Oǵuzlar negizinen mal sharwashılıǵı, atap aytqanda, jılqı hám qoy ósiriwshilik penen shuǵıllanǵan. Oǵuz dalalarınan otırıqlı wálayatlarǵa hám ónermentshilik rawajlanǵan qalalarǵa, ásirese, Ámiwdáryanıń tómengi aǵısında jaylasqan Xorezm mámleketiniń aymaqlarına qısı-jazı súriw-súriw qoylar aydap aparılıp, jergilikli xalıqlar menen sawda baylanısları bolıp turǵan.

Oǵuzlardıń xojalıǵında yarım kóshpeli hám jaylawdaǵı sharwashılıq basım bolǵan. Xalıqtıń otırıqshı toparları da bolǵan. Olar diyqanshılıq hám balıqshılıq penen shuǵıllanǵan. Oǵuzlar tarı, biyday, jońıshqa ósirgen hám mallardıń hár qıylı túrlerin asıraǵan. Bir qatarınıń baslı awqatı balıq bolǵan. Oǵuzlardıń paytaxtı bolǵan Jańakent qalası Sırdáryanıń quyarlıǵında, Aral teńizine jaqın jerdegi ıǵallı oypatlawdan kelgen jazıq tegislikte, házirgi Qazalıǵa jaqın jerde bolǵan. Qızıl Ordanıń qublasında Sırdáryanıń shep

jaǵalıǵında ornalasqan Asanas (yamasa Ashnas) qorǵan qalası da oǵuzlardıń qalalarınıń biri esaplanǵan. Orta ásirlerdegi Ashnas xalqınıń basım kópshiligi oǵuzlar bolǵan. Sol dáwirdegi jergilikli xalıqlar qazǵan iri kanaldıń tarmaqları arqalı egislik jerler suwǵarılǵan. Qala átirapındaǵı tıǵız irrigaciyalıq suwǵarıw tarmaqlarınıń izleri házirgi kúnleri de ushırasadı.

Oǵuz estelikleriniń túslik toparı Sırdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı Inkar dáryanıń góne salasınıń boyında ornalasqan. Inkar dárya Sırdáryanıń teńizge quyar jerindegi eń eski salalarınıń biri bolǵan. Ol jerlerde Sarlıtamqala, Zangarqala qusaǵan qalalar bolǵan. Qalalarda hám qorǵanlarda jasaǵan oǵuzlar ónermentshilik penen shuǵıllanǵan. Sawda jaqsı rawajlanǵan. Maxmud Qashǵariy Sırdárya boylarındaǵı bir qatar oǵuz qalaların atap ótken. Bul qalalarda jasap atırǵan oǵuzlar qońsıları menen tatıw jasaydı, — dep jazǵan.

X ásirde oǵuzlardıń turmısın baqlaǵan Ibn Fadlan oǵuzlardıń ayırım oǵada bay adamlarınıń on mıń basqa shekem jetetuǵın úyir-úyir jılqıları, júz mıńbastan asıp ketetuǵın pada-pada qoyları bar dep jazǵan. Sonday-aq, ol oǵuz qızlarına kóp sanlı túyelerdi, jılqılardı hám basqa da mallardı qalıń mal retinde beredi, — dep jazǵan.

IX — XI ásirlerdegi Aral boyındaǵı Ústirttiń shıǵıs jaǵasındaǵı Qıyajol, Qarawımbet, Puljay, Ketenqala, Jampıqqala, Qulanlı hám basqa da mákan-jaylar kóshpeli oǵuz qáwimleri menen sawda jasaw oraylarına aylanadı.

***Aral boyındaǵı oǵuz qáwimleri menen sawda jasaw orayları — Qıyajol, Qarawımbet, Puljay, Ketenqala, Jampıqqala, Qulanlı.***

**Oǵuzlardıń diniy dásturleri.**

Oǵuzlar Xorezm, Xazar qaǵanatları hám rus jerleri menen tıǵız sawda baylanısların jasaǵan. Biraq, X ásirdiń aqırında Oǵuz hám Xorezm mámleketleri basshılarınıń ortasında jiyi-jiyi siyasiy kelispewshilikler kelip shıǵa baslaǵan. Rus mámleketleri menen áskeriy awqamlas bolǵan oǵuz qáwimleriniń qúdiretli birlespesi Xorezm ushın qatań qáwip tuwdıra baslaǵan.

Birinshi gezekte batıstağı Xazarstan menen Volga boylarına baratuğın sawda jolı ushın keskin gúres baslanğan. Xorezmniń basqarıwshıları tárepinen X ásirde Ústirtte salınğan hám házirge deyin jaqsı saqlanğan bekinislerdiń dizbekleri Xorezmniń oğuzlar menen júrgizgen usı uzaqqa sozılğan gúresleriniń belgisi sıpatındağı esteliklerden bolıp esaplanadı. Oğuzlar kúshli Xorezm mámleketin jawlap ala almağan, biraq Volga boylarında bekkem ornalasqan.

Rus jılnamalarınıń mağlıwmatlarına qarağanda, 985-jılı Kiev knyazı Vladimir Volgadağı bulgarlardı jawlap alıw ushın atlanısqa shıqqanında, onıń awqamlası sıpatında oğuzlar da usı atlanısqa qatnasqan. Oğuzlardı ruslar «torklar» dep atağan.

Oğuzlar Qam (Shaman) dinine sıyınğan. Tábiyattağı ájayıbatlar, sırlı waqıyalar hám hádiyseler bul dindegi adamlar ushın muqaddes esaplanğan hám olarğa da sıyınğan. Oğuzlar ruw hám qáwim aqsaqalları yamasa dáwletli ruwlasларınıń dúnyadan ótkenlerin tereń tóle pishininde gewlep qazılğan hámústi gúmbezli etip salınğan jaylarğa kiyim-kenshegi, qural-jaraqları menen qosıp jerlegen. Eger, marhum tiri gezinde jawgershilik yamasa áskeriy júrisler bolğan waqtında oğan qaharmanlarsha qatnasqan bolsa hám qarsılasların qansha nabıt etken bolsa, olardıń sanına qaray qábirdiń ústine tastan músinler ornatılğan. Oğuzlardıń túsinigi boyınsha o dúnyada olar marhumğa xızmet etiwi kerek edi. Tınıshlıq dáwirlerde otırıqshı diyqanshılıq oazisleriniń xalqı menen júrgizilgen turaqlı ráwishtegi ayırbaslaw sawdalarınıń uzaq dawam etip rawajlanıwınıń aqıbetinde oğuzlarğa da islam dini aralasadı. X ásirden baslap oğuzlar islam dinin qabıl etti.

Oğuzlar túrkmen hám ázerbayjan, qaraqalpaq, túrk, sonday-aq gagawızlardıń etnogenezinde áhmiyetli rol oynadı. Yağnıy, olardıń ata tegine qatnası boldı.

Oğuzlardıń qaraqalpaqlardıń etnikalıq jaqtan qáliplesiwine qatnasın tómendegi mısallar dálilleydi. Máselen: oğuzlardıń hákiminiń laqabı Yabğu dep atalğan. Qaraqalpaqlardıń qıpshaq ruwlarındağı Yabı-jabı degen tiyresiniń atı biziń kúnimizge shekem jetip kelgen. Qońırat rayonında Oğuz awıl degen at elege shekem saqlanıp kelgen. Qaraqalpaqlardıń kelip shığıw




Pechenegler jasaǵan aymaqlar

tariyxın izertlegen ataqlı alım Tatyana Alekseevna Jdanko Sırdáryanıń tómengi alabındaǵı oǵuzlardıń paytaxtı Jańakent qalasınıń atın Múytenlerdiń keńtanaw ruwınıń atı menen baylanıstıradı.

**Pechenegler**

Pecheneg qáwimleriniń awqamı oǵuz qáwimleri awqamı menen bir waqıtta qońsılaslıq jaǵdayda qáliplesken. Pechenegler túrklesken sak-massaget hám sarmatalan qáwimleriniń áwladları bolǵan. Maxmud Qashǵariy óziniń «Túrk sóylemleri» sózliginde pecheneglerdiń tili bulgarlardıń hám suvarlardıń tiline jaqın bolǵan, — dep jazadı. IX — XI ásirlerde pecheneglerdiń quramında túrk emes, sarmat hám ugor qáwimleriniń áwladları bolǵan. Pecheneg qáwimleri awqamınıń iyelegen aymaǵı oǵuz-

lardıń jerine tutasıp, jalǵasıp jatqan. Hátte pecheneglerdiń shıǵıs toparları ayırım waqıtları oǵuzlar birlespesi quramına kirgen. X ásirde olardıń batıstaǵı shegarası Aral boylarındaǵı mádiyarlılardıń aymaǵına shekem hám Xazar qaǵanatlıǵına shekem barıp jetken. Usı dáwirlerge tiyisli Vizantiya dereklerinde, pechenegler Volga menen Ural dáryalarına jaqın jerlerde jasaǵan hám xazarlar menen oǵuzlar olardıń qońsıları bolǵan, — dep jazılǵan. Ibn Fadlan Ústirtten Volgaǵa shekem barǵanda jolda Emba menen Ural dáryalarınıń aralıǵında pecheneglerdi ushıratqan. Xorezmniń shıǵısında jasaǵan hám IX ásirde Sırdáryadan shıǵısıraqta oǵuzlar, kiymaklar hám karluklar menen qırǵın urıslar júrgizgen pechenegler haqqında da maǵlıwmatlar bar. Vizantiya avtorları — pecheneglerdiń bir bólegi óz qáwiminiń atınan tısqarı «kangar», — degen ulıwma ataq ta alǵan, — dep jazadı.

**Mádiyarlar (ugorlar) IX ásirdiń baslarına deyin Uraldıń qubla átirapında jasaǵan. Olar IX ásirlerde qubla rus sahralarına qaray ilgerilegen hám xazarlarǵa baǵınǵan. Sońınan olardıń bir bólegi pechenegler tárepinen qısıp shıǵarılǵan. Mádiyarlar Dunaydıń ortanǵı aǵısında óz mámleketine tiykar salǵan.**

Pecheneglerdiń xojalıǵı hám kún kórisi kópshilik jaǵdaylarda oǵuzlarǵa usaǵan. Olar sharwashılıq hám diyqanshılıq penen shuǵıllanǵan. Olardıń bir bólegi otırıqshı bolǵan, al bir bólegi kóship qonıwǵa qolay qara úylerde jasaǵan. Olar tarı menen biyday ekken. Ruslardıń olardan iri qara mal, jılqı hám qoy satıp alıp turǵanlıǵı tariyxıy maǵlıwmatlardan belgili.

Pecheneglerdiń qalaları bolıp, olar «kata» dep atalǵan. Bul termin áyyemgi Xorezmniń **«kat»** — *qala* degen atamasına sáykes keledi. Xorezmniń áyyemgi paytaxtı Qıyat qalasınıń atı usı kat sózinen kelip shıqqan.

Pechenegler VIII — IX ásirlerde xazarlar menen úzliksiz urıslar júrgizgen. IX ásirdiń aqırı X ásirdiń basında oǵuzlar xazarlar menen birigip, pecheneglerdiń batıs bólegin Volganıń arjaǵındaǵı Qubla rus sahralarına ısırıp taslaǵan.

Usı waqıyalarǵa baylanıslı pechenegler 915-jılǵı rus jılnamalarında sóz etiledi. X ásirde pechenegler Xazarstannan

baslap Vizantiyağa shekemgi Qubla rus sahralarının barlıq aymağın tolıq iyelegen. Pecheneglerdiń batıs toparlarınıń bir bólegi Dneprdiń shığısında ornalasqan, al ekinshi bir bólegi batısıraqqa ketip, Dunay boyı Bolgariyasına shekem hám Dunaydıń ortanğı ağısındağı mádiyarlar (vengerler) jerine shekem barıp jetken. Ruslar menen qońsı jasağan pechenegler olardıń siyasiy turmısına jiyi-jiyi qatnasıp otırğan. 944-jılı pechenegler knyaz Igordıń Vizantiya menen Bolgariyağa qarsı atlanısına da qatnasqan. Al, Svyatoslavtıń tusında olar kerisinshe, Vizantiyanıń tárepinde bolıp, Kievti qamal qılğan. 972-jılı Dnepr sharlawıqlarınıń túbinde bolgan urısta pechenegler Svyatoslavtıń áskerlerin qıyratqan. Knyaz Svyatoslav usı sawashta qazalanğan.



Pechenegler menen Rus Knyazı

988-jıldan 997-jılğa deyingi aralıqta Knyaz Vladimirdiń tusında da rus jerleri menen pecheneglerdiń urısları dawam etken. Solay etip, IX — X ásirlerde pechenegler áyyemgi mákanınan ayrılıp, batısqa ketedi hám barğan jerinde ullı kúshke aylanıp, kóplegen mámleketlerdiń siyasiy turmısına tásir jasağan. Biraq, Vizantiya tariyxshılarınıń mağlıwmatları boyınsha, barlıq pechenegler ózleriniń mákanın taslap ketpegen. Volganıń shığısındağı Aral átirapındağı pechenegler ózleriniń burınğı aymaqlarında jasap qalğan. Olardıń batısqa ketpey qalğan bólekleri oğuzlar menen aralasıp qala bergen hám bir aymaqta jasağan. Pecheneglerdiń usı shığıs toparları sońın ala oğuzlar menen siyasiy awqamğa birlesedi



Pechenegler urısqa atlanbaqta

hám olardıń qáwimlik awqamınıń quramına kirgen. Olar bul awqamda áhmiyetli orın tutqan. Mısalı, oǵuz qáwimler awqamın basqarıwshılardıń shep qanatındaǵı eki bektiń birewi tásirli hám iri bidjne-pecheneg qáwiminen saylanǵanlıǵı belgili. Atap aytqanda, oǵuzlar menen tıǵız baylanısta bolǵan pecheneglerdiń dál usı shıǵıs toparların házirgi ilimpazlar orta ásirlerdegi qaraqalpaq xalqınıń qáliplesiwiniń baslaması hám tiykarǵı uyıtqısı dep esaplaydı.

XI—XII ásirlerde pechenegler bárqulla oǵuzlar menen birge atlanıslarǵa shıǵıp turǵan. Olar usı dáwirlerde elge basıp kirgen qıpshaqlarǵa qarsı birge urısqan. Kiev Rusı menen birge bolǵan óz ara baylanıslarǵa birge qatnasqan. Biraq, kóp uzamay shıǵıs pecheneglerdiń bir bólegi «torglar» menen birge Kiev Rusınıń shegaralarına Dneprdiń salası Ros dáryasınıń boylarına qonıs basqan.

**IX — X ásirlerdegi Xorezm**

IX—X ásirde samaniyler tusında Xorezm eki wálayatqa bólingen edi. Orayı Qıyat qalası bolǵan Qubla Xorezmdi afrigiylerdiń áwladları bolǵan xorezmshahlar basqaradı. Paytaxtı Gurgandj bolǵan Arqa Xorezmdi (Ámiwdárya deltasınıń shep tárepin) samaniyler qoyǵan ámirler basqarǵan.

995-jılı Xorezmniń hámme wálayatın hám jerlerin Gurgandjdıń ámiri Mamun ibn Muhammed kúshli bir mámleketke birlestiredi. Samaniyler mámleketiniń shetki wálayatı bolǵan Xorezmde Orta Aziyanıń oraylıq jerlerindegidey feodallıq qatnasıqlar rawajlanadı. Burınǵı diyqanlar áste-

nqırınlıq penen jersizlenedi hám olar «diyqan» — aristokratlarğa ğárezli bolıp qaladı. Jergilikli iri jer iyeleri qatarında kóplegen otırıqshı túrk aristokratları da bolğan.

Xalıqtıń tiykarğı bólimi diyqanshılıq hám mal sharwashılığı menen shuğıllanğan. Xorezmde diyqanshılıq jasalma jollar menen suwğarılatuğın bolğanlıqtan suwğarıw qurılısları rawajlanıp, úlken kanallar qazılğan, hátteki Gáwhar, Xeykanik kanallarında kemeler júzip júrgen. Olardı óz ara qatnasıqlar ushın paydalanğan. Ámiwdáryanıń shep jağalığındağı egislik jerlerdi iri kanallar Xazarasp, Qardaranqas, Xeykanik (Palwanjap), Madra hám Badaq kanalları diyqanshılıqtı suw menen támiyinlegen.

Dáryanıń oń tárepin, Qıyat qalasınıń átirapın Gáwhar (Paxtaarna), onnan tómenirekte, deltanıń shığıs tárepindegi jerlerdi suw menen dáryanıń ańğarı boylap qazılğan Kerder kanalları támiyinlep, onıń boyında Haywanqala, Bağdat elatları



Gúlal hám tastan islengen tútik shıralar

jaylasqan. Diyqanshılıqta xalıq tiykarınan dánli eginlerden biyday, arpa, tarı, másh, paxta hám jońıshqa ekken. Qıyat, Xiywa, Xazarasp, Gurgandj, Ullı Gúldirsin, Mizdakxan hám basqa da qalalardıń átirapındağı jerler bağshılıq, júzimgershilik hám palız eginleri menen bánt bolğan. Mal sharwashılıqta qoy-eshki, kóbirek qara mallar asırağan. At, eshek hám ógizlerdi kúsh-kólik retinde paydalanğan.

IX—XI ásirlerde Xorezm-Qaraqalpaqstan jerinde Shoraxan, Xazarasp, Gurgandj, Darğanata, Mizdakxan, Qıyat ónermentshiligi hám sawda jaqsı rawajlanğan qalalar qatarına



Gúlal qazanlar

kiredi. Ámiwdáryanıń shep tárepindegi iri qalalardıń biri Darǵan bolǵan. Ámiwdáryanıń oń tárepinde Qıyat qalası (geyde Al-Fir dep atalǵan) sol dáwirdegi Xorezmniń paytaxtı bolǵan. Qala dáryanıń jaǵasında jaylasqanlıqtan onı birneshe márteبe suw alǵan.

X ásirdiń aqırında qalanıń úlken bólegin suw juwıp ketkenligin ullı ilimpaz Al-Beruniy jazıp qaldırǵan. Onıń jazıp qaldırǵanlıǵına qaraǵanda, qala qam gerbishlerden órilgen hám úsh qatar etip salınǵan úlken qorǵanıw diywalları menen qorshalǵan. Diywallardıń ústinen Xorezm hákiminiń saltanatlı qorǵan-sarayı kórinip turǵan. Jazba dereklerde Qıyat qalasınan dúnyaǵa belgili bolǵan tariyxshılar, alımlar, ilimpazlar, sheber qurılısshılar, sazende hám basqa da kásip iyeleri shıqqanı aytıladı. Qalada kóplegen sawda bazarları, medireseler, zindan, minara hám adam boyınday qara taslardan islegen sútinlerdiń ústine qoyılǵan aǵash óreleri bar juma meshiti bolǵan. Qıyat qalasınıń arqa-shıǵısında Gáwhar kanalınıń tarmaqları boylap sol dáwirge tiyisli kóplegen bekinis qorǵanlar bolǵan. Olardıń qatarına Gúldirsin, Qabatqala, Nárinjan hám basqa da elatlar kiredi.

### *Sorawlar hám tapsırmalar:*

1. IX — X ásirlerde Oraylıq Aziya jerlerinde qanday túrkiy qáwimler bolǵan?
2. Oǵuzlar mámleketiniń aymaǵın kartadan aytıp beriń.
3. Oǵuzlardıń xojalıǵı hám diniy isenimleri haqqında gúrriń etiń.
4. Pecheneglerdiń mákan basqan aymaqların kartadan kórsetiń.
5. Pecheneglerdiń qońsı qáwimler menen múnásibetleri qanday bolǵan?
6. IX — X ásirlerdegi sahra qáwimleri — oǵuzlar, pechenegler haqqında eske túsiriń hám olardıń qaraqalpaq xalqınıń qáliplesiwindegi áhmiyeti haqqında aytıń.
7. IX — X ásirlerdegi Xorezm haqqında aytıp beriń.

## § 11. XI — XII ásir xorezm mámleketiniń gúlleniwi. Abu Rayxan Ál-Beruniy, Ullı Xorezmshahlar mámleketi

**XI ásir hám XII ásirdiń birinshi yarımındağı Xorezm**

Samaniylerdiń mámleketinen yarım ǵárezli bolǵan Xorezm X ásirdiń aqırındağı Samaniyler mámleketiniń aymaǵın bólip alıw ushın bolǵan gúresler dáwirinde de óz ǵárezsizligin saqlap qalǵan. XI — XIII ásirlerdiń basında Gurgandj, Qubla Aral boyı qalalarınıń jaqsı gúllengen dáwiri bolıp, olar siyasiy-ekonomikalıq, ónermentshilik, mádeniy ham sawda orayları bolǵan. Paytaxtta puqaralardıń sıyınıw imaratları, minara, kárwan sarayları hám sawda-ónermentshilik qurılısları salınǵan.

Jazba dereklerge qaraǵanda, Qubla Aral boyları hámme waqıtta ilim menen shuǵıllanıwshı adamlardıń hám danıshpanlardıń jıynalatuǵın hám xalıqaralıq kárwanlar toqtaytuǵın Oraylıq Aziyadaǵı eń iri wálayat bolǵan. Qubla Aral boylarında bilim alǵan kóplegen ilimpazlar shıǵıs musılman ellerinde oqıtıwshılıq, ustazlıq etip hám shákirtler tayarlaǵan.

Xorezmshah Mamun ibn Mamunnıń (999 — 1017jj) tusında Úrgenish iri mádeniy orayǵa aylanǵan. Onıń húkimdarlıq etken tusında úlken kitapxana shólkemlestirilgen. «Mamun akademyası» shólkemlestirilip, bul oray mámleket tárepinen qáwenderlikke alınıp qárejet bólip shıǵarǵan.

Qıyat qalasında tuwılǵan xorezmli ilimpaz Abu Rayxan ál-Beruniy (973 — 1048) «Mamun akademyası»nda xızmet etken, dańqı jayılǵan ilimpaz shıpaker Abu Ali ibn Sinonıń zamanlası hám dostı bolǵan.

Beruniy orta ásirlerdegi Shıǵıstıń iri ilimpaz-enciklopedisti sıpatında astronomiya, geografiya, mineralogiya, tariyx hám etnografiya boyınsha kórnekli miynetler dóretken.

***Beruniy — astronomiya, geografiya, mineralogiya, tariyx hám etnografiya boyınsha kórnekli miynetler dóretken.***





Beruniy rayonında babamız Abu Rayxan ál-Beruniyge arnap ornatılǵan estelik. Abu Rayxan ál-Beruniy (973—1048).

Beruniydiń búgingi kúnge shekem barlıq miynetleri jetip kelmegen. Orta ásirlerde jasaǵan Yakut Marı qalasınıń meshitlerinin birindegi hújjetlerdiń ishinde Beruniydiń 60 betlik ilimiy miynetleriniń dizimin kórgenligin jazadı. XIX ásirdiń ortalarında Irakta dúzilgen hújjetlerde onıń 27 ilimiy miynetiniń dizimi saqlanǵan. Ol bilimniń hár qıylı tarawı boyınsha, ilimge jańa jol salatuǵın dana oyshıl kórnekli ilimpaz retinde tanılǵan. «Ótken áwladlardıń estelikleri» atlı miyneti dúnya xalıqlarınıń jıl sanawları haqqında, mádeniyat tariyxı, filosofiya, astronomiya, hár qıylı xalıqlardıń dini boyınsha bahalı maǵlıwmatlardı óz ishine alǵan. Onıń tariyxıy hám geografiyalıq miynetleriniń áhmiyeti oǵada ullı. Beruniydiń «Hindstan» atlı miyneti orta ásirlerdegi ádebiyatlardıń ishinde teńi-tayı joq shıǵarma bolıp esaplanadı. Sonday-aq, onıń geodeziya, mineralogiya tarawlarındaǵı iri miynetleriniń áhmiyeti de ullı. Beruniy astronomiya, geologiya, gidrostatika, geografiya usaǵan bilimler tarawındaǵı ideyalardı hám boljawlardı Kopernik, Leonardo da Vinchi

hám Evropanıń basqa da danıshpan ilimpazlarınan burın-aq bayan etken. Beruniy óz zamanınıń danıshpanı sıpatında, házirgi kúni de oǵada qunlı hám bahalı bolıp esaplanǵan kóplegen ilimiy miyraslar jazıp qaldırdı.

Mámleketimiz óz ǵárezsizligine erisken búgingi kúnde dúnya tán alǵan bul ullı babamızdıń esteligi Beruniy rayonında ornatılǵan.

**Ullı xorezmshahlar mámleketi**

XII ásirdiń ekinshi yarımınan baslap Xorezmniń jańadan kúsheyiw basqıshı baslandı. Orta Aziyanıń siyasiy turmısındaǵı onıń tutqan ornı ósti. Seljuklerdiń Xorezmdi basqarıw ushın qoyǵan adamları — hákimleri ullı Xorezmshahlar násiliniń ústemliginiń baslamasın salǵan.

Xorezmshahlar turaqlı túrde seljukiyler mámleketinen azat bolıw ushın gúres alıp barǵan. Seljukiyler sultanı Sanjar 1157-jılı óliminen keyin mámleket ıdıray baslaydı. Shama menen tap usı waqıtları Orta Aziyada Xorezmniń jáne bir dushpanı qaraqıtaylar mámleketi de siyasiy jaqtan ıdıray baslaydı. Bul jańa qolaylı jaǵdaylar Xorezm mámleketiniń siyasiy jaqtan kúsheyiwine hám jerleriniń keńeyiwine alıp keldi. 1219-jılı Xorezmde bolǵan arab sayaxatshısı Yakut «Dúnyada Xorezm jerinen basqa keń jerdi ushıratpadım», — dep jazadı. Xorezmshahlar mámleketi tez arada Mawarawnnaxr, Ǵazna, Batıs Irak hám Ázerbayjandı basıp aladı hám onıń shegarası batısta Ázerbayjan, shıǵısta Indiya, arqada Sırdárya hám qublada Persiya qoltıǵına shekem jetken.

Xorezmshahlar basqarǵan dáwirde elde suwǵarıw tarmaqları birqansha uzaydı. Ámiwdáryanıń shep tárepindegi Kardaranxas (Kaladjik), Xeykanik (Palwanjap) hám oń tárepdegi Gáwhar arnalarınıń boyları ózlestirilgen.

XI — XIII ásirdiń basında qalalardıń sanı hám olarda jasaytuǵın xalıq sanı kóbeydi. Xorezmniń paytaxtı Úrgenish qalası (házirgi Túrkmenstan)nan 15 farsaq shıǵısta Xiywa (Xiyvak) qalası jaylasqan, sonday-aq, bul aymaqta Darǵan, Xazarasp, Voengan, Savkan (Almaatısqan) qala hám qalashaları bolıp, onda úlken bazarlar hám meshit bolǵan. Sol dáwirdegi iri qalalar qatarına Xazarasp kiredi. Bul sózdiń mánisi «bekkem qorǵan», «sulıw qala» degen mánisti bildire-

di. Sonday-aq, bulardan basqa sol dáwirdegi gúllengen qalalar qatarına Mizdakxan, Qıyat, Nuzqıyat, Suburna, Sarakusta, Mańǵıshlaq, Jampıqqalaları kiredi. Bul qalalarda sawda menen qosa ónermentshilik jaqsı rawajlanǵan. Ásirese, gúlalshılıq, temirshilik, shiyshesazlıq, teńgeler hám basqa da tabılmalar kóplep ushırasadı. Xorezmshaxlar dáwirinde gúlal ıdıslardıń kóplegen túrleri sapalı túrde islep shıǵarılǵan. Olardıń ishinde sulıw kók reńdegi sırlanǵan ıdıslar bolǵan. Ónermentshilikte bul dáwirdiń ózine tán ózgeshelikleriniń biri shiysheden buyımlar islew bolıp esaplanadı. Ásirese, terezeniń aynasın soǵıw hám onı turaq jaylarda keń paydalanǵan. Tútiksheden úplew jolı menen tayarlanǵan tereze aynalarınıń sınǵan bólekleri Gáwharqala, Jampıqqala, Xazarasp, Xiywa, Almaatısqan, Qabatqala, Shaxsánem, Tókqala, Kerder qalalarında ónermentshiliktiń túrleriniń biri bolıp keń rawajlanǵan.

Xorezmshahlardıń, ásirese, Tekesh hám Alawatdin Muhammedtiń húkimdarlıq etken jılları eldegi mádeniy turmıstıń kóteruńkiligi menen sıpatlanadı. Xorezmshahlar sarayındaǵı alımlar ishinde Rashid ad Din Vatbat (laqabı jarǵanat) ayrıqsha orınǵa iye bolıp, ol qosıq penen shıǵarma jazıw janrınıń eń sheber dárejesine jetken hám poeziya sheberligindegi «sıyqırlı baǵ» degen miynetin Xorezmshah Atsızǵa arnaǵan.

Bul elde bolǵan arab sayaxatshısı Yakut Xorezmniń gúllenip rawajlanǵan el ekenligin jazadı. Onıń jazıwınsha, bir-birine jaqın jaylasqan sheksiz keń egislik jerler, kóp awıllı elatlardıń bar ekenligi, onda paydalanılmay jatqan jerlerdiń azlıǵın, awıl qalalardıń júdá kópligi hám onda xalıqtıń turmısı ushın qolaylı sharayatlar bolıp, bazarları, dúkanları joq awıllar kem ushırasatuǵınlıǵın jazadı. Bul arab sayaxatshısı. 17-hijre jılınıń shaval ayında (1219-jıldıń dekabr, 1220-jıldıń yanvarı) Xorezmge Shıńǵısxannıń bastırıp keliwi aldınan sayaxatta bolǵan.

Orta Aziyanıń hámme jerinde XII—XIII ásir basına tiyisli xorezmshah Muhammed ibn Tekeshtiń teńgeleri taraladı. Mámlekettiń xalıq aralıq sawda hám ekonomikadaǵı tabısları XIII ásir basında shıǵıstaǵı eń kúshli mámleketke aylanıwına sebepshi boladı.

Soǵan qaramastan, xalıqtıń awhalı júdá awır boldı. Ásirese, xorezmshah Muhammed tusında kóplegen jallanbalı áske-

lerdiń bolıwına qaramastan xalıqtan áskerler jıynap, tınımsız urıslar alıp barǵan. Nátiyjede, mámlekettiń barlıq jerinde xalıq narazalıqları bolıp turǵan hám olar ayawsız bastırılǵan.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. XI — XIII ásirlerdiń basındaǵı Qubla Aral boyları haqqında aytıp beriń.
2. Mamun akademiyası hám babamız Beruniy haqqında ne bilesiz?
3. Ál-Beruniy babamızdıń qanday miynetleri biziń kúnimizge shekem jetip kelgen?
4. Xorezmniń seljuklerge ǵárezli bolıp turǵan dáwiri qanday boldı?
5. Xorezm ǵárezsiz hám kúshli mámleketke qalay aylandı, buǵan qanday tariyxıy jaǵdaylar sebep boldı?
6. Qaysı Xorezmshah dáwirinde Xorezmshahlar mámleketi kúsheydi?

## § 12. XI — XII ásirlerdegi Aral átirapı sahra qáwimleri hám olardıń Qaraqalpaq xalqınıń ata-tegine qatnası

**Oraylıq Aziyanıń siyasiy turmısı**

Bul dáwirde Oraylıq Aziyanıń siyasiy turmısında Qara xaniyler mámleketi kúshli boldı. Siyasiy jaqtan bul aymaqlar Qaraxaniyler mámleketine birikti. Nátiyjede, eki dárya aralıǵında, Jetisuwda hám Shıǵıs Túrkstanda jasaǵan xalıqlar ekonomikalıq, mádeniy hám etnikalıq jaqtan bir-biri menen jaqınlastı. Kóshpeli hám yarım kóshpeli qáwimleriniń Orta Aziyadaǵı jeri bay alablarǵa aǵılıp kóship keliwi burınǵıdan da beter kúsheydi. Olar dıyqanshılıq awılları jaylasqan zonalarǵa taralıp qonıs bastı hám olardıń burınnan otırıqshı jergilikli xalıqlar menen baylanısı barǵan sayın ósti, endi túrk tilinde sóyleytuǵın xalıqlar anaǵurlım keń alaplardı iyelegen. Túrkiy qáwimlerdiń aralasıwınıń arqasında jergilikli xalıq kem-kemnen túrklese baslaǵan.

Qaraxaniylı túrk ilimpazı-lingvist — Maxmud Qashǵar tárepinen 1072 — 1074-jılları arab tilinde jazılǵan «Devoni luǵat

at-túrk» sózligi túrkiy tilleri tariyxınıń bahalı deregi. Bul sózlik XI ásirde ózbek tiliniń ádewir qálipleskenligin kórsetedi. Qaraxaniyler dáwiri (XI ásir) ózbek xalqınıń qáliplesiwinde tiykarğı basqısh boldı. Ózbeklerdiń xalıq bolıp qáliplesiwi tájikler menen bir waqıtta bir tutas aymaqta baslanğan.

XI ásirden XIII ásirdiń baslarına deyingi aralıq, qaraqalpaqlar, túrkmenler hám qazaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiw tariyxındağı eń áhmiyetli basqısh boldı. Sol dáwirdegi bolıp ótken sahra qáwimleriniń iri-iri qonıs ózgertiwleri, usı xalıqlardıń qáliplesiwinde sheshiwshi orın tuttı.

Seljuk túrkleriniń — oğuzlardıń Sırdárya boyındağı wálayatlardan Túrkmenstannıń házirgi aymağına kóship barıp qonıslanıwı hám sol jerdegi jergilikli xalıqlar menen aralasıwı túrkmen xalqınıń tiykarğı etnikalıq toparınıń qáliplesiwine alıp kelgen. Seljuklerdiń háreketi belgili dárejede ózbeklerdiń etnogenezine de tásirin tiygizdi. Ol Xorezm xalqınıń hám Buxaranıń bir qatar wálayatları xalqınıń túrklesiwine ádewir tásir jasağan.

XI ásirdegi Irtısh boylarınan Aral átirapına kóship kelgen qıpshaqlar qazaq xalqınıń qáliplesiwin birqansha ilgeriletken. Qıpshaqlar qaraqalpaqlardıń da xalıq bolıp dúziliwinde hám bekkemleniwinde áhmiyetli orın tutqan.

**Qıpshaqlar**

X — XI ásirlerde Batıs hám Oraylıq Qazaqstannıń aymaqlarında qıpshaqlardıń birneshe qáwimlik awqamları dúzilgen. Bul túrk tilinde sóyleytuğın qáwimler Irtısh alaplarında jasap atırğan kimaklardıń ishinen bólinip shıqqan. Qıpshaq sóziniń mánisi haqqında kóplegen tariyxshı alımlar óz pikirlerin bildirgen hám olardıń kópshiligi «sarı shashlılar» yamasa «sarı baslılar» degen pikirdi qollap quwatlaydı.

1064-jılı qıpshaqlar óz náwbetinde Aral boyı hám Sırdárya alabındağı oğuzlardı quwıp hám olardıń jaylaw jerlerin basıp alğan. Onnan soń batısqa qaray júrip Dneprge, al, XII ásirde Dunayğa shekem barıp jetken. Qubla rus sahraları menen Qazaqstannıń keń paytax sahra dalaları Deshti-Qıpshaq dep atalğan. Qıpshaqlar sonday-aq, Kavkaz tawınıń etegindegi sahralarda da qonıslanğan.

Qıpshaqlar kóshpeli sharwalar bolǵan. Olar tiykarınan burın Altayda jasaǵan. Qıpshaqlar rus jerleri menen, Xorezm hám basqa da diyqanshılıq penen shuǵıllanıwshı otırıqshı eller menen qońsılas bolıp jasaǵan. Olar kem-kem otırıqshılıqqa ótken. Deshti-Qıpshaqtıń bir qatar jerlerinde, atap aytqanda, Ullıtaw eteklerinde, Sarısuw hám Esim dáryalarınıń boylarında diyqanshılıq keń rawajlanǵan. Orta ásirlerdegi sayaxatshılar: «qıpshaqlar biyday menen arpanı jekke-siyrek ekken, al olardıń eginleriniń ishinde tarı basım bolǵan. Tarı olardıń diyqanshılıǵınıń ishinde awqat ushın paydalanatuǵın bas dán ónimi bolǵan», — dep jazıp qaldırǵan.

XI — XII ásirlerde Sırdárya boylarındaǵı qıpshaqlardıń hákimleri Sıǵnaq hám Jent qalalarmda turadı. Pecheneglerdiń bir bólegi qańlı dep atalıp, qıpshaqlar awqamına kirgen. Qıpshaqlar Xorezm mámleketi menen kelisip hám oǵan siyasiy jaqtan boysınıp jasaǵan. Qıpshaq hám qańlı ruwınan shıqqan aqsúyeklerdiń Xorezm patsha sarayında tásiri kúshli bolǵan. Olar kóbinese áskeriy basshı hámellerdi iyelegen. Xorezmshah Muhammedtiń anası Turkanxatun qıpshaqlardıń uran yamasa bayawıt ruwınan shıqqan hám onıń xızmetinde on mıń áskeri bolǵan.

XI ásirde qıpshaqlardıń úlken awqamı dúzilgen. Deshti-Qıpshaqtıń keń sahralıq aymaqlarında burınnan jasap atırǵan kóshpeli túrkiy qáwimler usı awqamǵa kirgen. Nátiyjede, qáwimler menen etnikalıq jaqtan aralasıp ketken túrkiy qáwimlerdiń sóylew tilinde qıpshaqlardıń sóylew tili ústemlik súrgen. Endi olar tiykarınan, qıpshaq tilinen paydalanǵan yamasa qıpshaq tiliniń kúshli tásirine túsken.

Nátiyjede, túrk tillerinen qıpshaq topan qáliplesken hám ol til Deshti-Qıpshaq aymaǵındaǵı xalıqlar arasında keń taralǵan. Qıpshaq til birliginiń dúziliwi hám bekkemleniwi Deshti-Qıpshaq aymaǵı menen baylanıslı bolǵan. Bul tiller toparına qazaqlardıń, qaraqalpaqlardıń, qırǵızlardıń tilleri hám ózbek tiliniń bir qatar dialektleri (Xorezm ózbekleri) kirgen. Bul toparǵa, sonday-aq, Oraylıq Aziyadan tısqarıda jasaytuǵın — noǵay, bashqurt, tatar, qumıq, qarashay-balkar hám basqa tiller de kiredi. Usı atı atalǵan xalıqlardıń kópshiliginde házirgi kúnlerge shekem qıpshaq dep atalatuǵın qáwim toparları — ruwlar saqlanǵan.

XI — XIII ásirlerde qıpshaqlardıń uranı toksaba, yağnıy toğız ruw dep ataladı. Rus jılnamalarında bul ruw «toksobishi» degen at penen belgili bolğan. Toksaba qaraqalpaqlardıń qıpshaq ruwınıń uranı. Demek, usı xalıqtıń kelip shığıwında hám xalıq bolıp qáliplesiwinde qıpshaqlardıń qatnası bolğan.

Qıpshaqlardıń (rus jılnamalarında «polovecler» dep ataladı, al Batıs Evropalıq tariyxıy dereklerde «komanlar» dep ataladı) hújimine shıdamağan oğuzlardıń bir bólegi Volganıń arjağına ótip ketken.

Biraq, oğuzlardıń barlığı da batısqa qarap alıslap ketpegen. Qıpshaqlar tárepinen qısılıp, óz jerlerin taslap ketken oğuzlardıń bir bólegi shığıs pecheneglerdiń bir qatar qáwimleri menen birge Dnepr dáryasınıń alaplarına barıp toqtağan. Solay etip, olar Kiev Rusındağı Dnepr dáryasınıń bir salası bolğan Ros dáryasınıń boylarında mákan basqan.

**Qara bórikliler**

Sahra jerlerine kóship qonıslana baslağan oğuz-pecheneg qáwimleri haqqındağı mağlıwmatlar rus jılnamalarında XII ásirde birinshi mártebe kórine baslağan. Jılnamalarda olar Qara bórikliler (Chernıe klobuki — chernıe shapki) — dep atalğan. Bul atama Qaraqalpaq degen túrk etnoniminiń rus jılnamaları tárepinen rus tiline awdarıp jazğanı edi.

«Qara bórikliler», yağnıy qaraqalpaqlar X ásirde ózleriniń watanı bolğan Ámiwdárya boylarında oğuz, pecheneg qáwimleriniń qaldıqlarınıń birge qosılwı nátiyjesinde payda bolğan xalıq. X ásirdin birinshi shereginde Xorezmge qıpshaq qáwiminiń topılıwı nátiyjesinde qara bóriklilerdiń kópshilik bólimi Kiev Rusınıń jerlerine kóship ketken. Al, bir qatarları Xorezmde qalğan.

Qara bórikliler rus knyazları menen kelisimge kelip jaqsı qatnasıqlar ornatqan. Olar 1055-jılı rus knyazlarınan mákan jurt ushın jer alğan hám bunıń esesine rus shegaraların dushpanlardan qorğawğa minnetlengen. Qara bóriklilerdiń mákan jurtınıń orayı Ros dáryasınıń boyındağı Torshesk qalası bolğan. Qara bórikliler Kiev Rusınıń turmısına jigerlilik penen qatnasıp otırğan. Olar Kiev Rusı quramına kirgen hám puqaraları bolıp esaplanğan. Kiev Rusınıń jeri ushın dushpanlarğa qarsı rus áskerleriniń qatarında bolıp sawash



Qara bórikli atlı ásker

júrgizgen. Tariyxshı-alımlar qaraqalpaqlar, qara bórikliler degen at shıǵıs pecheneglerge qollanılǵan, dep tastıyıqlaydı. Pecheneglerdiń shıǵıs bólegi XI—XII ásirlerde Kiev Rusınıń shegaralarına qaray kóship ketpey Qubla Aral átirapında qalǵan. Qıpshaq qáwimleri awqamı jeńip alǵannan keyin olar Volga menen Ámiwdárya aralıǵında jasap qalǵan hám qıpshaq qáwimleri awqamınıń quramına kirgen. Usı shıǵıs pecheneg qáwimleri qaraqalpaqlar degen atamanı alǵan. Bul eki tuwısqan xalıq — qıpshaqlar hám pechenegler qońsılas bolıp, awıl aralas, qoy qoralas bolıp jasaǵan. Olar áskeriy atlanıslarǵa birgelikte shıǵıp otırdı. Bul eki xalıqtıń tili, turmısı, mádeniyatı oǵada jaqın bolǵan. Bul jaǵday olardı birlestirip jiberdi. Dereklerde polovecler-qıpshaqlar menen pechenegler qız berip—qız alısqan, dep atap kórsetiledi. XI—XII ásirlerdegi qıpshaq awqamı dáwiri qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwinde tereń iz qaldırdı. Házirgi kúnde qaraqalpaqlardıń úlken qáwimi «qıpshaqlar» dep ataladı.

XIV ásirdegi tariyxshı Án-Nuveyriydiń shıǵarmasında polovec-qıpshaqlardıń 11 qáwiminiń atı keltirilgen. Sonıń ishinde qara bórikliler de bar. Tariyxshı-alımlardıń piki-

rinshe, qıpshaq qáwimleriniń awqamına kirgen oğuz-pecheneglerqara bórikliler qıpshaqlarğa aralasıp óz atın joq etip jibermegen. Olar ayırım etnikalıq birlik bolıp jasağan. Soñın ala Altın Ordanıń ıdırağan dáwirinde de olar ózleriniń «qara malaqaylılar» («Chernıe shapki») degen atın saqlap qalğan. Olar ózlerin qaraqalpaqlar dep atağan hám usı at penen birotala xalıq bolıp qáliplesken.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. XI—XII ásirlerde Aral átirapında jasağan sahrayı qáwimlerdiń atın atap ótiń.
2. Qıpshaqlar haqqında aytıń.
3. Deshti-Qıpshaq aymaqların kartadan kórsetip beriń.
4. «Devoni luğat at-túrk» sózligin kim dúzgen?
5. «Qara bórikliler» haqqında aytıp beriń.
6. Qaraqalpaqlardıń ata-tegine qatnası bar qáwimlerdi aytıp beriń.
7. Berdaqtıń «Shejire» shığarmasın oqıp shığıń.

# III BAP. QARAQALPAQSTAN JERLERI XIII—XIV ÁSIRLER

## § 13. Mońgollar basqınshılıǵı dáwirindegi Qaraqalpaqstan jerleri (XIII ásirdiń bası—XIV ásirdiń birinshi yarımı)

**Mońgollar basqınshılıǵı**

Xorezmshahlar mámleketi aymaǵı úlken bolǵanı menen siyasiy jaqtan kúshli mámleket emes edi. Ayırım jergilikli hákimler xorezmshahlar mámleketin moyınlaǵanı menen is júzinde óz wálayatların ǵárezsiz basqarıwǵa háreket etken. Hátteki, xorezmshahlar shańaraǵı arasında awızbirshilik bolmay, Xorezmshah Muhammedtiń anası da oǵan qarsı bolǵan. Turkanxatun óz balası Muhammedtiń siyasatına qosılmaydı, al kerisinshe saraydaǵı belgili áskeriy kúshke iye bolǵan, túrk-qıpshaq basshılarınıń toparın quwatlaydı. Mámlekettiń ishki siyasatınıń hálsiz ekenligin bilgen Shıńǵısxan basshılıǵında mońgollar xorezmshahlardan kúshli áskeriy kúshke iye bolmasa da, ózlerine isenim menen bastırıp keledi. Ásker basshılardıń satqınlıǵınan qáwiplengen Muhammed óz áskerlerin onsha úlken emes toparlarǵa bólip, qalalarǵa jaylastıradı. Nátiyjede, Shıńǵısxannıń birlesken kúshleri aldında tótepki bere almay Xorezmshah qalaları dushpan qolına ótedi. Mońgollarǵa qarsı xorezmshah Muhammedtiń kishi balası Jalaladdin Manguberdi tınımsız gúres alıp bardı.

Mońgollar Orta Aziyanı jawlap alǵannan keyin (1219—1221-jj) Deshti-Qıpshaq qalalarındaǵı ruwlardıń jaylasıwında úlken ózgerislerge ushıraydı. Mońgollar menen birge kelgen qaraqıtay, karluk, tangut hám basqa da etnikalıq bólekler Orta Aziya xalıqlarına keńnen aralasa baslaydı. Mońgollardıń mámleketlik islerine uyǵırlardıń aralasıwı menen XIII—XIV ásirlerde Orta Aziyada uyǵır etnosı keń taraladı. Usı dáwirde Orta Aziyada karluk, tyurgesh, uyǵır, qıpshaq, mańǵıtlar hám qońıratlılar iri qáwimlerge aylanadı. Mońgollar basıp alǵan jerlerdegi qáwimlerdi hár jerge kóshirip aparıw siyasatın alıp barǵan. XIII—XIV ásirlerde bir bólek kóshpeli qáwimler Qırımǵa, bir toparı Qara teńizdiń arqa jaǵalarına, Azov boy-

larına, qalǵan bólekleri Sibir, Arqa Kavkaz hám Moldaviya jerlerine shekem jılısıp jasap qaladı.

**Mońǵollar basqınshılıǵınıń úlkemizdegi aqıbetleri**

Házirgi Qaraqalpaqstan jerlerindegi, anıǵıraq aytqanda, Qabatqala oazisindegi qalalar hám awıllar qarabaqanalarǵa aylandı. Gúllep jasnap turǵan awıl, qalalar ornında bayıwlılar menen ǵarǵa, quzǵunlar jasaytuǵın shaǵallar uwıldaytuǵın qarabaqanalarǵa aylanǵan mákanlar payda boldı. Mádeniy estelikler, bahalı ilimiy shıǵarmalar, mıń-mıńlaǵan qoljazbalar, kitapxanalar joq etildi. Arxeologlardıń qazıw izertlew jumısları boyınsha, sol dáwirdegi jaylardıń mádeniy qatlamlarınan qurılıs materiallarınıń sınıqları, qural-jaraqlar, adamlardıń súyekleri hám órttiń qaldıqları ushırasadı. Kúlge aylanǵan mádeniy qatlamlar úlkemizdegi qalalar Mizdakxan, Gúldirsin, Qabatqalalardan hám de qońsılas Xiywa, Xazarasp qalalarınan tabıldı. Gáwirqalanı xalıq ulıwma taslap ketedi, sol dáwirde xalıqtıń sanı azayıp ketedi. Shıńǵısxan áskerleri wayran etken diyqanshılıq jerlerin, suwǵarıw tarmaqların qayta tiklew oǵada qıyın boldı.

Dáryanıń oń tárepindegi gúllengen mádeniy oazis qańırap qaldı. Solay bolsa da, Mizdakxan, Jampıqqala, Qıyat hám Nárinjan jerlerindegi elatlıqlarda azǵana bolsa da xalıq jasap turdı. Dáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı kanallardıń hám suwǵarıw tarmaqlarınıń buzılıwı Ámiwdáryanıń óz aǵısın ózgertip óziniń áyyemgi ańǵarı boyınsha aǵıp Sarıqamıs kóline quyıwına alıp keldi. Oń jaǵalıqtaǵı qalalardıń biri Qıyat qalası bolıp 996-jılǵa shekem Xorezm elatınıń bas qalası bolǵan, al X ásirdiń ekinshi yarımında jetekshi orındı shep jaǵalıqtaǵı Úrgenish qalası iyeleydi. 1333-jılı Buxara qalasına Qıyat arqalı ótken Ibn-Battuta bul qalanı kólemli bolmaǵan, sulıw elatlardıń biri retinde aytıp ótedi.

Mońǵollar dáwirinde Qıyat qalası Shaǵatay ulısına qaraǵan. Oń jaǵalıqtaǵı Ámiwdárya boyındaǵı eń ájayıp tábiyat qoynında jaylasqan qalalardıń biri Jampıqqala bolıp esaplanadı. Bul qala Ámiwdárya boyında, Sultan Ways taw dizbeklerine japsıra salınıp, óziniń kórinisi menen dárya arqalı ótken sayaxatshılardıń dıqqatın ózine tartqan. Ataqlı



Jampıqqala IX—XI, XIII—XIV ásirler.

arxeolog-tariyxshı S.P.Tolstov 40-jılları dóretken «Áyyemgi Xorezm» miynetinde: «Bul—Xorezm qorǵanlarınıń ishinde eń kórkemlisi. Onı qorshaǵan landshaft (tábiyat) basqa izertlengen estelikler kompleksinen pútkilley ajıralıp turadı....»—dep táriyiplegen. Qalada antik Xorezmshahlar hám Altın Orda dáwirinde mádeniy turmıs rawajlanǵan.

**Altın Orda dáwirindegi qalalar**

Altın Orda dáwirinde bul qala oń jaǵadaǵı áhmiyetli sawda-ónermentshilik oraylarınıń birine aylanadı. Bul jerde Shıǵıs Evropa jerlerinen alıp kelingen aq qayıń qabıqları menen Altın Orda xanları Ózbektiń, Jánibektiń atları bitilgen aqsha-tiyınları arxeologiyalıq qazıwlar waqtında tabılǵan. Belgili ilimpaz A.Y. Yakubovskiydiń boljawınsha, aq qayıń qabıǵı terini iylewde paydalanılǵan. Aq qayıń qabıqları basqa da Aral boyı esteliklerinen, Góne Úrgenish, Shemaxaqala, Ayata (Ústirt territoriyasında) qalalarınan tabılǵan.

Jampıqqaladan, Irannan alıp kelingen «Miynay» túrindegi joqarı sapalı keramika úlgisiniń tabılıwı onıń Altın Orda qalaları, Shıǵıs Evropa, Jaqın Shıǵıs elatları menen sawda baylanıslarında qatnasqanın kóremiz. Esteliktiń batıs bóliminen ónermentshilik hám adamlar jasaytuǵın kvartallar tabıldı. Bul jerden tabılǵan materiallıq mádeniyat qaldıqları temirshilik, shiyshesazlıq, tastı qayta islew ónermentshiligi menen

sawda qatnasıqları bolǵanlıǵın bildiredi. Jampıqqalada tutasıp ketken abadanlasqan xojalıq jasaw bólmeleri, yarım dálіz, monsha, kanalizaciya ótkerilgen kósheler bolǵan. Qala qurılısına Altın Orda dáwirine tán bolǵan gerbishler menen, sol jerde jaqın jaylasqan taw karerlerinde (kánlerde) óndirilgen tas plitalarınan tiklengen. Bul jerde XII—XIV ásirge tiyisli bolǵan gúlalshılıq ónimlerdiń úlgileri—kashin keramikası, sur reńli qara boyawǵa batırılıp ayrıqsha usıl menen jıltıratılǵan qazan-tabaq ıdıslarınıń túrleri, súyekten tayarlanǵan kúndelikli turmıs zatları hám ustaxanalar tabılǵanlıǵı qalada joqarı mádeniyat úlgileriniń rawajlanǵanlıǵınan derek beredi.



Jampıqqaladan tabılǵan gúlal ıdıs hám monsha.

Monǵollar dáwirinde qalalardıń sırtqı kórinisi, mádeniyatında aytarlıqtay ózgerisler júz berdi. Bul dáwirdegi qalalardıń qorǵanıw diywalları bolmaǵan. Haqıyqatında da, Mizdakxan, Shexrlik XIV ásir ortalarında Xiywa qalasında sırtqı qorǵan diywalları bolmaǵan, oq atıw minaraları, suw toltırılǵan orlar qurmaǵan. Bunı orta ásirlik italiyalı sayaxatshı Marko Polo bılay túsindiredi: Monǵollar basıp alǵan jerlerinde de hám Monǵoliya aymaǵında da XIII ásirde diywalları bar qalalar qurmaǵan. Sebebi, hárbir qalada isenimsiz hám satqın adamlar toplanıp shıǵıwǵa tayar, sonıń ushın da qalalarda kóp sandaǵı ásker uslap turıwı kerek bolǵan.

Olardı qala sırtında jaylastırıp, qalaǵa áskerlerdiń irkinishsiz kiriwi ushın dárwaza hám diywallar qurıw kerek emes, dep esaplaǵan. Shınında da, mongollar basqınshılıǵına qarsı biziń xalıqlarımız tımmsız azatlıq gúresin alıp bardı. Buǵan mısal retinde Buxaradaǵı Maxmud Tarabiy kóterilisi hám sarbadarlar kóterilisi bolıp esaplanadı.

Ekinshi jaǵınan, mongollar mámleketi Altın Ordada oraylasıw sistemasın alıp barıwı, mámlekettiń sawda jolları menen qalalardıń qáwipsizligin támiyinlewi qalalarda turaqlı fortifikaciya elementlerin saqlap turıwǵa zárúrlik tuwdırmaydı.



Shaxsánem qorǵanı (XIII—XIV ásirler).

Sonday-aq, XIII — XIV ásirlerde qalalardıń mádeniy-ekonomikalıq jaǵdayınıń ósiwi qorshalmaǵan qala shegaralarınıń keńeyiwine alıp keldi. Qala kósheleri mongollar dáwirindegiden keńeydi.

Solay etip, XIII ásirdiń 50-jıllarında Qubla Aral boyları menen Ámiwdárya boylarında mádeniy-ekonomikalıq turmıs qaytadan tiklengen qalalar bolǵan. Bul qalalar Shıǵıs Evropa Volga boylarında Altın Orda qalalarına qaraǵanda shetten ákelgen qol ónermentler tárepinen emes, al jergilikli erkin yaki yarım erkin ónermentshiler — Xorezm oazisi xalıqları tárepinen qurılǵan. Mongol xanları adamlardı óz jerlerine aydap ketkeni menen keyin paydakúnemlik máplerin gózlep, óz watanına qaytarǵan. Bul ilajlar, ásirese, Ugadayxan (Oqtay) (1186 — 1241) (mongollardıń ullı xanı (1229-jıldan), Shıńǵısxannıń úshinshi balası) dáwirinde (1229 — 1239-jj) jedel iske asırılǵan. XIII — XIV ásirlerde Xorezm oazisinde basqa da sawda ónermentshilik mádeniyatı rawajlanǵan qalalar



XI — XIV ásirlerge tiyisli sırlanǵan ıdıslar

bolǵan. Olarǵa Shaxsánem (Suburna), Shemaxaqala, Shexrlik, Monshaqlı, Ketenler, Dyarbekir hám taǵı da basqa qalalar jatadı.

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Shıńǵısxan basqınshılıǵınan keyin Qaraqalpaqstan aymaǵında, atap aytqanda, Qabatqala oazisi qanday awhalǵa tústi?
2. Qaraqalpaqstanda qaysı qalalar bul dáwirde ómir súrip turdı?
3. Ámiwdáryanıń oń tárepindegi qalalar haqqında aytıp beriń.
4. Mońǵollar dáwirindegi qalalarda ne ushın qorǵanıw diywalları bolmaǵan?
5. Altın Orda dawirindegi qalalarǵa mısallar keltiriń?

## § 14. Qaraqalpaqstan jerleriniń Altın Orda soramında bolǵan dáwirleri

**Qubla Aral boyları Joshı ulısınıń quramında**

Qubla Aral átirapları Shaǵatay hám Joshıxan ulıslarınıń soramına ótti. Xorezm jerleri Qubla hám Arqa Xorezm bolıp bólindi. Qubla Xorezmniń paytaxtı Qıyat qalası bolıp, ol Xiywa, Xazarasp qalaları menen qosıla Shaǵatay ulısına ótti. Arqa Xorezmniń paytaxtı Úrgenish qalası bolıp, ol Mizdakxan, Kerder qalaları menen qosıla Joshı ulısınıń soramına ótti. Solay etip, házirgi Qaraqalpaqstan jerleri Shaǵatay hám Joshı ulıslarınıń soramında boldı. Joshıxan ólgennen keyin onıń taxtın iyelegen balası Batıyxan Altın Orda mámleketin dúzdi. Arqa Xorezm endi Altın Orda mámleketiniń quramında boldı. Shaǵatay ulısı menen Joshı ulısınıń shegarası Úrgenish hám Qıyat qalalarınıń arasınan ótti.

XIII ásirdiń ekinshi yarımınan baslap Altın Orda soramındaǵı Qubla Aral boylarınıń turmısında ózgerisler bola baslaǵan. Joshı ulısınıń quramındaǵı Xorezmde Altın Ordanıń Qırım, Volga Bolgariyası, Rus jerleri qatarında mádeniy hám ekonomikalıq jaqtan qaytadan tiklendi. Qubla Aral boyındaǵı xojalıq turmıs, ónermentshilik hám sawda jańalandı. Xalıqtıń ekonomikası azǵana bolsa da kóterilip, qalalar kórkeye baslaǵan. Elde suwǵarıw tarmaqları birqansha

qayta tiklengen hám ónermentshilik, diyqanshılıq, sawda ósti. Usı aymaqlardan Evropaǵa qarap Shıǵıs ellerinen kelgen sawda kárwanları ótip turdı. Solay etip, bul aymaq xalıq aralıq sawda jolında boldı.

**Qubla Aral boylarındaǵı siyasiy ekonomikalıq jaǵday**

Dáslepki monǵol xanları dáwirinde Xorezm hám Orta Aziya jerlerin basqarıw arnawlı qoyılǵan hákimler tárepinen alıp barıldı. Basqınshılar burınǵı mádeniy rawajlanǵan wálayatlardı qol astında uslawda jergilikli ústem klass wákillerinen paydalanıw qolaylıraq ekenligin jaqsı túsindi. Sebebi, kópshilik monǵollar burınnan siyasiy hám mádeniy jaqtan rawajlanǵan jerlerdi basqarıwda tájiriybege iye emes edi. Usınday adamlardıń qatarında Maxmud-Yalovach Xorezmiy de boldı.

Aral boyı jerleriniń Altın Orda quramına ótiwi menen Ámiwdárya hám Sırdárya basseynindegi elatlarda qalalar qaytadan jańalana basladı. XIII ásirdiń 50—70-jıllarında bul jerlerdegi ekonomikalıq jaǵdaydıń tiklengenligi jazba derekler hám numizmatikalıq (teńge pullar) materiallar tastıyıqlaydı. Bul dáwirde shıǵarılǵan pullardıń ishinde ótirik pullar da ushırasadı. Sebebi, Xorezm, Aral boyları ushın Shaǵatay hám Joshı áwladlarınıń siyasiy tartısları háwij alıwı nátiyjesinde Xorezmde Joshı pul birlikleri (dirxem) ornına Shaǵatay úyiniń tamǵaları basılǵan. Solay etip, bul pul birlikleri arqalı bir tárepten ekonomikalıq tikleniwdi kórsek, ekinshi tárepten, Shıńǵısxan áwladları arasındaǵı siyasiy tartıslardı kóremiz. Keyingi dáwirde XIII ásirdiń aqırı hám XIV ásirdiń basında, Xorezm qalaları qaytadan tikleniw dáwirinde, Qubla Aral boyı elatları Altın Ordanıń ekonomikalıq bazasına aylanıp, hátteki monǵollar mámleketiniń kúshli siyasiy wálayatı da boldı. Bul dáwirde Xorezmniń materiallıq baylıǵı ǵana Altın Orda elatlarına tásir jasamay, al ruwxıy mádeniyat úlgileri de monǵollar arasında taradı.

Xorezm ruwxaniyları, ámir hám áskerbasılarınıń Altın Ordada ústemlik etken aqsúyekler menen jaqınlasıwı, olarǵa artıqmashılıqlar menen jeńillikler alıp berdi. Arab avtorı Fazıl Allax al-Omariy Xorezm jerleri haqqında jazǵanda usı artıqmashılıqlar haqqında jazadı: «Bul mámleket Xorezm

patshalarınan keyin, Shıńǵısxanlarǵa ótkende, jergilikli áskerbasılar, ámirler qolında burınǵı jerler saqlanıp qaldı, ákeler mal-múlki balalar qol astına ótti. Ámirlerdiń óz jerleri bolıp, olarǵa jılına 100 mıńnan 200 mıń dinarǵa deyin payda keltirdi».

Altın Orda dáwirindegi Arqa Xorezmniń hákimi Qutlıq Temur bolǵan. Onıń pármanı menen 1321—1333-jılları salınǵan 60 metrden aslam biyik minara, Najimiddin Qubranıń maqbarası, Tórebek xanımnıń meshit-maqbarası (Tórebek xanım Qutlıq Temurdıń hayalı edi), kárwan saraylar qalalardı kórkeytip turdı. Paytaxt penen birge onıń átirapındaǵı awıl qalalar da qayta tiklenip gúllengen. Qutlıq Temurdıń basqarıwınan keyingi dáwirde Xorezmniń siyasiy tariyxı haqqındaǵı jazba maǵlıwmatlar joq. Biraq, sol dáwirdegi shıǵarılǵan teńge pullar arqalı XIV ásirdiń 60—80-jıllarında Xorezm jerlerinde ǵárezsizlik ushın gúresler keskinleskenin kóremiz. XIII—XIV ásirlerde Qubla Aral boyı qalalar mádeniyatınıń ósiwine qolaylı geografiyalıq jaylasıwı da óz tásirin tiygizdi.

Qubla Aral qalalarınıń ishinde Mizdakxan úlken áhmiyetke iye. Ol Altın Orda dáwiriniń qala hám máhállelerinen ibarat. Ol izertlewler juwmaǵı boyınsha XIV ásirdiń basında tiklengen. Dáslep onıń jer astı bólimi salınıp, soń birqansha waqıt ótkennen keyin jer ústindegi bólmeleri salınǵan. Usı maǵlıwmatlarǵa tiykarlanıp, ayırım alımlar onıń jer astına qurılǵan mavzoley ekenligin aytsa, al, ayırım alımlar onıń dáslep hákim sarayı retinde qurılǵan al, sońınan ǵana adam jerleytuǵın mavzoleyge aylandırǵan, degen pikirdi quwatlaydı. Haqıyqatında da, bul estelik Mizdakxan hákimlerin jerleytuǵın orın bolǵan. Mizdakxan arxeologiyalıq kompleksine Jumart qassap, Qırqshopan, Erejep Xalpe, Juma meshiti hám taǵı basqa da Estelikler kiredi hám olar xalıqtıń sıyınıw ornı bolıp xalıqqa xızmet etken. Usı dáwirde Nárinjanqala, Jampıqqala, Baǵdat qalalarında xalıq jasaǵan.

**Sawda qatnasıqları**

Solay etip, elde tirishilik dawam etken. Qońsı eller menen baylanıslar jolǵa qoyılǵan. Ayrıqsha, Oraylıq Aziya Deshti-Qıpshaq sahrasındaǵı kóshpeliler menen, Edil alabındaǵı xalıqlar menen sawda baylanısları qızǵın júrgizilgen.

Usı dáwirde Qubla Aral boyların Shığıs Evropa menen baylanıstırıp turǵan Ústirt jolınıń hárbir 30—40 shaqırımında qudıq yamasa suwsaqlaǵıshı (sardobası) bar kárwan saraylar salınǵan. Xorezmnen áhmiyetli xalıqaralıq sawda jolı ótken hám onnan kóp payda alıp otırǵan. Bunıń dálili sıpatında 1340-jılı Florenciya sawda firmasınıń wákili Pegolotti «Evropanıń bazarı ushın kerek tawarlardıń hámmesi Úrgenish bazarlarınan tabıladı», — dep maǵlıwmat beredi.

Orta ásir dereklerinde eldiń mazalı, shiyrin qawınları Hindstan hám Qıtaydıń bazarlarına aparıp satılǵan. XIV ásirde Xorezm Altın Ordanıń eń bay, mádeniyatlı elatı bolǵan. Ol Altın Orda mádeniyatınıń ósiwine unamlı tásir etip otırǵan.

XIV ásirdiń ortalarındaǵı Altın Ordada júz bergen siyasiy turaqsızlıqtan paydalanǵan Qutlıq Temur Xorezmdi ǵárezsiz basqarıwǵa erisken. Ol Xorezmniń ekonomikalıq quwatına súyenip, Altın Ordaǵa baǵınıwdan bas tartqan. 1342-jılı monǵollardıń sońǵı xanı Ózbek xan óliminen keyin bunı ámelge asırǵan.

Solay etip, XIII ásirdiń ekinshi yarımı XIV ásirdiń birinshi yarımında Qubla Aral átiraplarında jasap atırǵan xalıqlardıń ekonomikalıq hám mádeniy turmısında qayta tikleniw hám rawajlanıw boldı.





Belewli kárwan sarayı hám kárwan




Túslik Aral jerleriniń sawda mádeniy qatnasıqlarınıń
sxematik kartası

***Sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Shıńģısxan áwladları tárepinen Qaraqalpaqstan aymaģı qalay bólindi?
2. Altın Orda dáwirinde Xorezm hám Qubla Aral boyların kimler basqarģan?
3. Altın Orda dáwirindegi ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıw haqqında aytıp beriń.
4. Altın Orda dáwirinde qaysı qalalar ómir súrdi hám rawajlandı?
5. Mizdakxan arxeologiyalıq kompleksi haqqında neler bilesiz, siz bul estelikke barıp kórdińiz be?
6. Qaraqalpaqstan jerleri qaysı eller menen sawda baylanıslarin ornatqan. Kartadan kórsetiń.



## § 15. Ámir Temur mámleketi quramındağı Qaraqalpaqstan jerleri

**Ámir Temur hám Xorezm qatnasıqları**

XIV ásirdiń ortalarına kelip Xorezm soramındağı siyasiy turmısta Joshı áwladları arasında hákimiyat ushın gúres kúsheyedi. 1357-jılı Jánibek hám 1359-jılı Berdibek xanlardıń sırlı ólimlerinen keyin óz ara urıslar kúsheydi. 1357—1380-jıllar aralığında 25 xan ózgerdi. Bul waqıtları Altın Orda siyasiy jaqtan hálsireydi.

Oraylıq basqarıwdıń hálsizliginen paydalanğan Xorezm Astraxan, Altın Ordadan bólinip shığıp, óz aldına xanlıq boldı. Usı payıtta Shağatay ulısında da turaqsızlıq ústemlik súrip turğan edi. Elde júz bergen siyasiy turaqsızlıqtan Xuseyn suwpı (sufı túsinigi Aral boyı xalıqlarında adam atamasınıń bir bólegi. Sonıń menen Orta Aziya xalıqlarınıń islamlasqan bóleginde «Sufi» túsinigi iri musılman ulamalarınıń shákirti retinde túsiniledi) basshılığındağı topar paydalandı. Olar Qońırat qáwiminen shıqqan túrkiyler edi. Xuseyn suwpı Arqa

hám Qubla Xorezmdi birlestirip Xorezm patshalığın dúzdi. Ol Shağatay ulısına qaraslı Qıyat, Xiywa, Xazarasp qalaların hám olardıń átirapındağı elatlıqlardı jawlap aldı hám ol aymaqlardı 1367-jılı Xorezm patshalığına qosıp aldı.

1371-jılı Ámir Temur áskerleri Qıyat qalasınan Xuseyn suwpı nókerlerin quwıp shıqtı. 1372-jılı yanvarda Úrgenish qamalı waqtında Xuseyn suwpı qaytıs boldı. Bunnan keyin onıń ornına Yusup suwpı Xorezm hákimi boldı. Ámir Temur Xuseynniń tuwısqanı Yusup suwpı menen tuwısqanlastı. Aq patiya oqıp quda tústi. Adak suwpınıń qızı, Ózbekxannıń aqlığı Súyinbiyke ayım málika xanzadanı Temur óz ulı Jáhángirge nekeledi.

Temur Samarqandqa qaytıp ketkennen keyin Yusup suwpı óz wádesinen bas tarttı hám qızın Samarqandqa jibermedi. Onıń ústine 1372-jılı gúzde Yusup Qıyat qalasın basıp aldı hám xalqın tonadı. Bul sumlıqlı xabardan keyin Temur Xorezmge tağı atlanısqa shığatuğın boldı. 1373-jılı Temurdıń Xorezmge qarsı atlanısqa shıqqanın esitip qorıqqan Yusup suwpı óz isine pushayman jeytuğınlığın, Qıyat qalasınıń Shağatay ulısına tiyisli ekenligin moyınlaytuğınlığın bildirdi. Yusup suwpı elshileri Temur láshkerlerin Qızılqum ishinde ushıratadı hám keshirim soraydı. Burıńğı shártnamalardı orınlaymız, dep Temurdı isendiredi. Temur óz nókerlerin alıp keyin qaytadı. Yusup kóp oljalar júklengen túyeler kárwanın qosıp, úlken saltanat penen xanzadanı Samarqandqa jónetedi. Altın Orda xanı Ózbek xannıń aqlıq qızı Xanzadağa úylengennen keyin Muhammed Jáhángir óz ákesi Temurğa uqsap «Guragan» degen ataqqa iye boladı. Guragan atağı — xannıń kúyew balası, degen mánisti ańlatar edı. Jáhángir 1375-jıldıń aqırında qaytıs boladı. Dástúr boyınsha jeńgesiniń basın qáynisine baylaydı. Solay etip, Jáhángirdiń hayalı Xanzada Temurdıń jáne bir balası Miranshahqa turmısqa shıqqan.

**Temurdıń Úrgenishti jawlap alıwı hám onnan sońğı eldegi siyasiy awhal**

XIV ásirdiń sońğı shereginiń basında Qońırat suwpıları Temur mámleketiniń arqa-batıs shegaralarına qáwip tuwğızıp turdı. 1375-jılı iyun, iyul aylarında Temur óz áskerleri menen Úrgenishke qarap áskeriy

atlanısqa shıqtı. Olar Sultan Ways tawınan ótip Qos minárga kelgeninde Samarqandtan jağımsız xabar keldi. Temurga qarsı bolgan Sarı Buğı hám Ádilshah basshılığındağı láshkerler Samarqand qalasın qamal etken. Bul xabardı esitken Temur tez izine qaytıwğa májbúr boldı. Samarqandtağı topalańshılardıń háreketin bastırdı. Kóterilis basshıları kóshpeli qıpshaqlar arasına ketip baspanalaydı.

1377-jılı Temur Sırdáryanıń orta alabındağı óz dushpanlarına qarsı atlanısqa shıqqan edi. Usı payıtta, Arqa Xorezm hákimi Yusup suwpı Buxaranı talaydı. Óz qudasınıń bunday jaramas qılığına Temur qattı narazı boladı. Ol Jalalatdiyin Bahadır basshılığında Úrgenishke elshi jiberedi. Yusup suwpı bolsa, kelgen elshilerdiń ayaq-qollarına kisen salıp, olardı zindanğa taslaydı. Bunı esitken Temur Yusup suwpığa: «Elshiler qol qatılmaytuğın adamlar. Olardı óltiriwge, qamawğa, irkip qoyıwğa bolmaydı. Elshilerdiń xızmeti, ózine tapsırılğan wazıypalardı jetkiziwden ğana ibarat. Sonlıqtan meniń elshilerime jábir-qısım kórsetilmey qaytarılsın» — dep xat jollaydı.

Yusup suwpı Ámirdiń xatın alıp kelgen shabarmanlardı da qamap taslaydı. Bul da az bolğanday, Tuy-Buğı basshılığındağı bir topar qaraqshılardı Buxarağa jiberip, onıń átirapındağı ózbek, túrkmen awılların tonattı. Olardıń mal múlkin olja etti. Bul háreketlerdiń barlığı Temurdıń qáhárin keltirdi.

Temur pútkil Xorezmdi Shağatay ulısınıń ajıralmas bólegi dep esaplaytuğın edi. Sonıń ushın ol Xorezmdi basıp alıw siyasatın júrgizdi. 1378 — 1379-jılları Arqa Xorezmniń bas qalası Úrgenishke áskeriy atlanıs jasadı. Paytaxtqa jaqın jerdegi sawashta Yusup suwpı jeńildi. Temur láshkerleri Úrgenishti úsh ay dawamında qamal etti. Qala qamal halında, urıstıń qızıp turğan waqtında Qońırat suwpılarınıń arasında siyasiy biylik ushın óz ara tartıslar kelip shıqtı. Yusup suwpığa qarsı May suwpı tárepi háreket etti. Usı máhálde Yusup suwpı mezgilsiz qaytıs boldı. Qalada Temurdı qollap júrgen Xoja Alaqbiy tárepi de bar edi. Ol Temurğa Úrgenish dárwazasın ashıp berip járdem etti. Ullı sárkarda Ámir Temur Úrgenish qalasın jawlap alıp eldi óz tutımına bağındırdı. Arqa Xorezm Temur quramına qosıldı.

Temur tuwılğan jeri Shaxrisabzde saray saldırıw ushın Qubla Aral boylarınan sheber ustalardı, ónermentlerdi, súwretshilerdi, arxitektorlardı, ulama-alımlardı jıynap alıp, olar menen birge óz eline jeńis penen qayttı. 1380-jılı Ámiw topırağında kámalğa kelgen sheberler ullı sárkardağa bağıshlap Shaxrisabz jerinde Aq saraydı pitkerdi. Aq saraydıń dańqı pútkil dúnyağa jayıldı. Ol házirgi kúnlerge shekem adamlardıń dıqqatın ózine tartpaqta.

Arqa Xorezmniń Temur soramında bolıwı uzaqqa sozılmadı. 1383-jılı Úrgenish hákimi Sulayman suwpı Altın Orda xanlarınıń siyasiy ústemligin moyınladı. Olar Toqtamısxan atı menen teńgeler shığardı. Onıń menen sheklenip qoymastan Arqa Xorezm Altın Ordanıń Temurğa qarsı gúres júrgiziw orayına aylandı.

1387-jılı qısta Toqtamısxan Úrgenish hákimi Sulayman suwpınıń járdemi menen Buxara hám Samarqand átirapındağı elatlardı tonaydı. Suwğarıw tarmaqları buzıldı. Bul waqıtta Temur Mawarawnnaxrda joq edi. Ol Persiyada atlanısta júrip bul sumlıq xabardı esitti. Endi ol 1388-jılı fevralda asığıs túrde Samarqandqa qayttı. Usı jılı Temur Xorezmge sońğı besinshi atlanıstı basladı. Ol Samarqandtan shığıp, Buxara arqalı Ámiwdárya boyındağı eski Sepaya jolı menen júrdi hám Qıyat qalasına jetti. Onnan Úrgenish qalasına qaray láshker tarttı. Bunı esitken Sulayman suwpı, Shıńğısxan awladı Il-Ilmish Oğlan hám basqa da hámeldarlar Úrgenish qalasın taslap qashıp ketti. Olardıń izinen Temur óz balası Miyranshaxtıń basshılığında ásker jiberdi. Usı saparı Temur Úrgenish qalasın jer menen jeksen etti. Qalanıń xalqın Samarqandqa kóshirip alıp ketti.

Sulayman suwpı, Il-Ilmish Oğlan Deshti-Qıpshaq dalasına qashıp qutıldı. Sulaymannıń nókerleri Ústirttegi Qumkent (Shemaxa) qalasında bolğan sawashta jeńildi hám tutqın etip alındı. Solay etip, uzaq jıllar dawamında Temur mámleketinen ğárezsiz jasawğa háreket etken Qońırat suwpılarınıń násili ústemligi tarqatıldı. Temur Qubla Aral átirapın óz mámleketine qosıp aldı. Xorezmge hákim etip Musaxandı tayarladı. Musaxan 1391-jılı Temurdıń pármanı menen Úrgenishtiń buzılğan oraylıq bólimin qayta tikleydi.

Bul Tashqala atı menen búgingi kúnge deyin belgili. XIV ásirdiń aqırı Altın Orda hám Aral boylarındaǵı urıslar XV ásir baslarında da dawam etiw aqıbetinde ekonomikanıń hálsirewine alıp keldi. Nátiyjede, Qubla Aral boyı, Xorezm oazisi Xiywa xanlıǵı dúzilgenshe (XVI) Orta Aziyanıń siyasiy jaqtan hálsiz rawajlanǵan aymaqlarınıń biri boldı.

*Sorawlar ham tapsırmalar:*

1. Ámir Temur mámleketi haqqında ne bilesiz?
2. Qońırat suwpıları dúzgen mámleket haqqında aytıp beriń.
3. Ámir Temur menen Qońırat suwpıları arasındaǵı siyasiy qatnasıqlar qanday bolǵan?
4. Ámir Temurdıń Úrgenishti jawlap alıwı haqqında aytıp beriń.
5. Bul dáwirdegi Qaraqalpaqstan jerleri haqqında qanday maǵlıwmatlar bilip aldıńız?

## § 16. Qaraqalpaqstan úlkesiniń Edige mırza mámleketi soramında bolıwı hám onnan sońǵı dáwirdegi siyasiy waqıyalar

**Edige mırza hám onıń jasaǵan dáwiri**

XIV ásir aqırı — XV ásir basında Altın Orda xanlıǵı qulaǵannan soń onıń ornında birneshe mámleketler payda boldı. 1391-jılı Ámir Temur Altın Orda xanın urısta jeńgennen keyin Edige Mırzanıń basshılıǵında Noǵay xanlıǵı dúziledi. Noǵay xanlıǵına Volga (Edil) Kama dárya aralıǵı, Ural (Jayıq) boyları, Uraltaw etekleri hám Xorezm oazisine shekemgi jerler qaraydı. Qaraqalqaqlar XIV ásir aqırınan XVI ásirdiń ekinshi yarımına shekem quramında bolǵan. Xanlıqtıń siyasiy islerine aralasıp, óz hákimliklerine iye bolǵan. Qaraqalpaq folklorında Edil, (Volga) Noǵay xanı Edige hám Noǵay mırzaları: Orıs biy, Ormambet biylerge baylanıslı tolǵaw — qosıqlar kóp ushırasadı.

1405-jılı 18-fevral kúni keshqurın Ámir Temur dúnyadan ótti, ol 35 jıl húkimdarlıq etti. Biraq, kúsh penen biriktirip turǵan Temur saltanatı onıń óliminen keyin bóleklenip ketedi. Temur mámleketi onıń áwladları tárepinen bólip

alınıp basqarıldı. XV ásirdiń basında Altın Orda ámiri Edige Mırzanıń abırayı ósti. Mańǵıt ruwınan shıqqan Edige Mırzanıń Altın Ordada tásiri kúshli boldı. Ol 1406-jılı Qubla Aral átirapların óz mámleketiniń quramına qosıp aldı. Edige 1413-jılǵa shekemgi aralıqta bul átiraptı basqarıp turdı. Ol Shıńǵısxan áwladınan bolmaǵanlıqtan ózine ámir ataǵın aladı.

**Edige mırza xızmetleri**

Edige qaraqalpaq xalqınıń mańǵıt ruwınan shıqqan tariyxıy qaharman retinde xalıq yadında saqlanǵan. Edige ápsanalıq shaxs bolıp esaplanadı. Ol tuwralı uzınnan-uzaq gúrrińler toqılǵan. XV ásirde ómir súrgen arab az-Zaxabiy ol haqqında bılay dep jazadı: «Men Edigeni jaqın bilgen hám onıń menen birneshe jıl birge bolǵan adamdı kórdim. Ol maǵan Edigeniń hayran qalarlıq erlik, qaharmanlıqları, basqarıw sheberligi hám ullılıǵı haqqında aytıp berdi». Sonday-aq, XV ásirdiń 20—30-jılları Mawarawnnaxrda jasaǵan Ibn Arabshax Altın Ordada boladı hám bılay dep jazadı: «Edige orta boylıdan kelgen, qara torı tolıq deneli, júzinde jaǵımlı mıyıq tartıp júrse de, aybatlı hám qorqınıshlı kóringen. Ol joqarı aqıl iyesi bolǵan hám átirapına alım, oyshıllardı, sol dáwirdiń abıroylı adamların jıynaǵan. Edige bánt bolıwına qaramastan olar menen sóylesken hám házillesken. Waqtında namaz oqıǵan, oraza tutqan. Onıń 20 balası bolıp, hárbiriniń iyelikleri óz áskerleri hám tárepdarları bolǵan. Edige Deshti-Qıpshaqtı 20 jıl basqarǵan». Edige basqarǵan dáwirde mámlekette tártip ornatılıp, islam dini endirilgen hám xalıqtıń turmıs jaǵdayı jaqsılanǵan. Ol haqqında sóz etiletuǵın qaharmanlıq dástan «Edige» qaraqalpaqlardıń mádeniy turmısında keń orın alǵan. Dástannan xalıq tariyxına tiyisli derekler tabıwǵa boladı. Edige 1352-jılı Qarataw átirapındaǵı Qumkent qalasında dúnyaǵa kelip, tarixıy arenada Toxtamısxan menen zamanlas boldı. 1376-jılı Orısxan menen bolǵan sawashtan qashıp Samarqandqa Ámir Temur janına kelgen.

Bul jerde ol Toxtamısxan menen baylanıs jasap oǵan Altın Orda mámleketiniń taxtına otırıwına járdem kórsetti. Sońınan onıń menen sawash ashıp, onıń tuwısqanı Qutlıq Temur




Xorezmniń III — VI ásirlerdegi suwǵarıw tarmaqları kartası, (avtor Y.Ǵulomov) Shártli belgiler:
a) suw aǵıp turǵan kanallar, b) Sol dáwirdegi Ámiwdárya, v) Batpaqlıqlar hám tasqınlar, g) qalalar.

menen birge Ámir Temur tárepine ótti. 1391-jıldan baslap Edige Ámir Temurdan bólinip Volga hám Ural dáryalarınıń boyındağı jerler xalıqların basqarıp, sońınan pútkil Altın Ordanı qol astına kirgiziwge eristi. Edige Noğay Ordasınıń tiykarın saldı. 1397-jılı ol Altın Orda áskerlerin basqarıp baslap, 1399-jılı Litva knyazı Vitovtıń hám Litvağa qashqan Toxtamıstıń áskerlerin qıyrattı.

Onıń basshılıq etken dáwirinde Altın Orda mámleketi sońğı márte tolığı menen birlesken edi. 1409-jılı Batıs Sibir jerlerinde qashıp júrgen Toxtamıstı óltirip usı jılı Xorezmdi de iyeledi. 1407-jılı ózin Bulgariya xanı dep atağan Jalalad-Diyinge qarsı áskeriy atlanıs jasadı hám 1408 — 1409-jılları Edige Rus jerlerine hújim jasadı. Hújimniń maqseti Rus xalıqlarınan Altın Orda mámleketine salıq óndiriwden ibarat boldı. Ol Rus mámleketiniń Serpuxov, Dmitrov, Rastov, Pereyaslavl, Nijniy Novgorod qalaların qıyratıp Moskva qalasın qorshap aldı, lekin onı ala almadı. 1410 — 1412-jılları Altın Orda mámleketi ishindegi «awdarıslar» dáwirinde hákimlikti qoldan berip qoydı hám patshalıq Toxtamısxannıń balalarına ótip ketti. Toxtamısxannıń balası Qadirberdiniń qolınan 1419-jılı Saraychik qalasınıń janında Edige mırza óltirildi.

Biraq, 1413-jılı Xorezm qaytadan temuriyler qarawına ótti. Endi 1413-jıldan baslap Ulığbektiń isenimli adamı Shaxmalik Xorezmdi basqardı. Temur dáwirinde de, temuriyler waqtında da Qubla Aral átirapındağı qalalardan, Qıyat, Mizdakxan, Xiywa qalaları mádeniyat hám sawda orayı bolıp turdı.

XIV ásirdiń aqırı Altın Orda hám basqa da mońğol ulıslarınıń qulaw dáwiri boldı. Usı dáwirde Aral átirapı sahralarında kóshpeli qáwimlerdiń jańa iri siyasiy birlespeleri payda boldı. Sırdárya alabında hám Deshti-Qıpshaq dalasında kóshpeli «ózbekler» payda boldı. Olar XV ásirdiń 20-jıllarında Xorezm oazisine birneshe ret basıp kirdi. Shaybaniyler násiliniń dáslepki belgili wákilleriniń biri Abılxayır (1428 — 1468-jj) Xorezmge atlanıs jasap, 1431-jılı onıń arqa tárepin qısqa múddetke iyelep turdı. XV ásirdiń aqırında onıń aqlığı Muhammed Shaybaniy Xorezmge qarap óziniń áskeriy júrislerin basladı.

### *Sorawlar hám tapsırmalar:*

1. Edige Mırza kim bolǵan? Onıń xızmetleri haqqında aytıp beriń.
2. Edige dástanın oqıp tanısıp keliń.
3. Shaybaniyxan dáwirindegi siyasiy awhal qanday edi?
4. Qaraqalpaqlardıń tiykarǵı ruwları qaysılar?
5. Ata-analarıńızdan qaraqalpaq ruwları haqqında bilgenlerin jazıp keliń.

## ÓTILGENLERDI QAYTALAW HÁM TÁKIRARLAW USHÍN TAPSÍRMALAR:

1. Tómendegi juwaplardıń durısların belgileń I—IV ásirlerde úlkemiz aymaǵına qaysı qáwimler kóship keldi?

1. alan qáwimleri
2. ǵunnlar
3. túrkler
4. eftali
5. massagetler
6. xionitler

2. Eki dóńgelek tastı aylandırıw arqalı un tartıwǵa________ qollanıwǵa ótken?

A. digirmandı
B. shıǵırdı
S. shaqmaq tastı
D. temirdi

3. Afrigler dáwiri haqqında kimniń hám qaysı shıǵarmasında eske túsirip ótedi?

A. Beruniy óziniń «Ótken áwladlardıń estelikleri» degen shıǵarmasında eske túsirip ótedi;
B. Geradottıń "Tariyx" degen shıǵarmasında eske túsirip ótedi;
S. Arrianınıń «Aleksandr Anabasisi» shıǵarmasında eske túsirip ótedi;
D. Zardushtiylik dininiń—muqáddes kitabi "Avesto"da aytıladı

4. Afrigiyler dáwiri qalalarınıń qaysılarında sırtqı dushpan háwlı qorǵanlardı qorshap alǵanda, qala ishindegi qamaldaǵı xalıqtı belgili waqıtqa shekem suw menen támiyinleytuǵın qala ishinde suw tolǵan háwizler hám qudıqlar bolǵan?

A. Yakke-Parsan, Baraqtam, Atsızqala, Búrkitqala, Adamlıqala

B. Yakke-Parsan, Tesikqala, Atsızqala, Búrkitqala, Adamlıqala
S. Yakke-Parsan, Tesikqala, Atsızqala, Baraqtam, Úyqala
D. Yakke-Parsan, Tesikqala, Atsızqala, Úyqala, Adamlıqala

5. Baraqtam (IV—V ásir) qonısı qaysı rayonda jaylasqan?

A. Nókis rayonında jaylasqan
B. Tórtkúl rayonında
S. Ellikqala rayonında
D. Taxtakópir rayonında

6. Afrigiyler dawirinde___________________________ kanallardıń saǵa betinde mákan basqan hám kanallardıń suwın óz qadaǵalawına alıp otırǵan.

A. eń iri jer iyeleri bolǵan diyqanlar
B. áskerlikte xızmet etken adamlar
S. jámáattiń miynetkesh qatlamı
D. Afrig patshaları

7. Xorezmniń III—VI ásirlerdegi suwǵarıw tarmaqları kartasın qaysı ilimpaz dúzgen Ya. Ǵulomov

A. S. P. Tolstov
B. Ya. Ǵulomov

S. V. Yagodin
D.Abu Rayxan Beruniy

8. Arab áskerbasısı Kuteyba Xorezmnen salıq alǵanda altın-gúmis ornına joqarı sapalı _____________ alıp ketken.

A. kendir gezlemelerin
B. jipek gezlemelerin
S. paxta gezlemelerin
D. jún gezlemelerin

9. Xorezmde teńge reforması qashan ótkeriledi?

A. IV ásirde
B. VI ásirde
S. VIII ásirde
D. VII ásirde

10. Erte orta ásir qalaları neshe bólimnen turǵan?

A. 3
B. 4
S. 2
D. 5

11. Xorezm patshası Savshafan teńgeleri aylanısqa shıǵadı, bul teńgelerdiń awırlıǵı ,sheńberi qansha mıs hám gúmis teńgeler shıǵarǵan?

A. 1,4 gramm, 2,4 sm bolǵan mıs hám gúmis teńgeler
B. 1,3 gramm, 2,4 sm bolǵan mıs hám gúmis teńgeler
S. 1,2 gramm, 2,4 sm bolǵan mıs hám gúmis teńgeler
D. 1,3 gramm, 1,4 sm bolǵan mıs hám gúmis teńgeler

12. Qubla Aral boyı otırıqshı xalıqları islam dinin hám mádeniyatın qabıl etti.

A. VII ásirde
B. X ásirde
S. VIII ásirde
D. IX ásirde

13. Arablarǵa qarsı Qubla Aral boyı xalıqlarınıń kóterilisi qashan hám qay jerde kelip shıqtı?

A. Xorezmde, 728-jılı
B. Gúrgandjde, 728-jılı
S. Kerderde, 728-jılı
D. Xiywada, 728-jılı

14. Arablardıń qaysı ásker basshısı Xorezmdi tolıq boysındırdı?

A. Ál-Axnab
B. Salma ibn Ziyad
S. Kuteyba
D. Abdullax

15. Xorezm eli 873-jılǵa deyin qaysı mámlekettiń quramında boldı?

A. Taxiriyler
B. Samaniyler
S. Xorasan
D. Gurgandj

16. Xorezm 996-jılǵa deyin qaysı mámlekettiń quramında boldı?

A. Taxiriyler
B. Samaniyler
S. Xorasan
D. Gurgandj

17. Xojeli rayonındaǵı Gáwirqala qanday jerge qurılǵan?

A. tegis jerge qurılǵan
B. úlken tábiyǵıy biyiklikte qurılǵan
S. dárya boyına qurılǵan
D. taslaqtıń ústine qurılǵan

18. Kerder qalası orayı qaysı?

A. Nókis rayonı aymaǵında jaylasqan házirgi Haywanqala qaldıqları ornında jaylasqan
B. Ellikqala rayonı aymaǵında jaylasqan házirgi Topıraqqala qaldıqları ornında jaylasqan
S. Tórtkúl rayonı aymaǵında jaylasqan házirgi Harınjan qaldıqları ornında jaylasqan

D. Xojeli rayonı aymağında jaylasqan házirgi Gáwirqala qaldıqları ornında jaylasqan

19. Kompleksli xojalıq bul-

A. sharwashılıq, diyqanshılıq, balıqshılıq hám ańshılıq penen birdey shuğullanıw
B. sharwashılıq, qurılısshılıq, balıqshılıq hám ańshılıq penen birdey shuğullanıw
S. sharwashılıq, diyqanshılıq, bağshılıq hám ańshılıq penen birdey shuğullamw
D. ónermentshilik, diyqanshılıq, balıqshılıq hám ańshılıq penen birdey shuğullanıw

20. Pechenegler qaysı qáwimleridiń áwladları bolğan?

A. túrklesken gun qáwimleriniń
B. xionit hám eftallardıń
S. túrklesken sak-massaget hám sarmat-alan
D. alan hám eftal qáwimleriniń

21. Edige mırza qashan hám kim tárepinen óltirildi?

A. Toxtamısxannıń balası Qadirberdi tárepinen 1419-jılı óltirildi
B. Toxtamısxan tárepinen 1421-jılı óltirildi

S. Qutlıq Temur tárepinen 1420-jılı óltirildi
D. Toxtamısxannıń balası Qadirberdi tárepinen 1418-jılı óltirildi

22. Mongollar dáwirinde Qıyat qalası kimniń ulısına qarağan?

A. Jánibek
B. Shağatay
S. Batıyxan
D. Joshıxan

23. XIII—XIV ásirlerde Xorezm oazisinde rawajlanğan qalalar qaysılar?

A. Shaxsánem (Suburna), Haywanqala, Shexrlik, Monshaqlı, Ketenler, Dyarbekir
B. Shaxsánem (Suburna), Shemaxaqala, Gáwirqala, Monshaqlı, Ketenler, Dyarbekir
S. Shaxsánem (Suburna), Shemaxaqala, Shexrlik, Monshaqlı, Kerder, Gurgandj
D. Shaxsánem (Suburna), Shemaxaqala, Shexrlik, Monshaqlı, Ketenler, Dyarbekir

24. Altın Ordadan Xorezm Astraxanlar ne sebepli bólinip shığıp óz aldına xanlıq boldı?

A. óz ara urıslar sebepli
B. oraylıq basqarıwdıń hálsizliginen paydalanıp
S. Edige mırzanıń háreketi sebepli
D. Ámir Temurdıń Altın Ordanı basıp alıwı sebepli

25. Noğay Ordasınıń tiykarın kim saldı?

A. Ámir Temur
B. Edige mırza
S. Qutlıq Temur
D. Toxtamısxan

## QARAQALPAQSTAN TARIYXÍNÍŃ ORTA ÁSIRLERDEGI EŃ TIYKARǴÍ SÁNELERI

(V ásirden XVI ásirdiń basına shekem)

IV — X ásirler-Afrigiyler násiliniń áyyemgi Xorezm mámleketin basqarıwı.

VI — VIII — Orta Aziyada zoroastrizm, buddizm, money hám qam (shaman) dinleri.

VII — VIII ásirler — Xorezmniń óz jazıwınıń rawajlanıwı (Tókqala esteligi).

649-jıl — Arablardıń Xorezmge dáslepki atlanısları.

712-jıl — Kuteybanıń Xorezmdi jawlap alıwı.

728-jıl — Kerderdegi arablarǵa qarsı kóterilis.

751-jıl — Xorezmde arablardıń bekkemleniwi.

IX — X ásirler — Xorezmniń Samaniyler mámleketi quramında bolıwı. Xorezmniń oń hám shep jaǵalıq bolıp ekige bóliniwi. Oń jaǵalıq Xorezm paytaxt Qıyat qalası bolıp, Xorezmshahlar afrigiyler násili áwladları tárepinen basqarılıwı. Shep jaǵalıq Xorezmniń paytaxtı Úrgenish (Gurgandj) qalası bolıp, Samaniyler hákimleri — ámirler tárepinen basqarılıwı.

944-jıl — Kiev knyazı Igordıń Vizantiya menen Bolgariyaǵa qarsı atlanısında pecheneglerdiń qatnasıwı.

972-jıl — Dnepr sharlawıqlarında pechenegler menen Svyatoslav áskerleri arasındaǵı sawash hám onda Svyatoslavtıń basınıń kesip alınıwı.

973 — 1048-jıllar — Ullı alım Abu Rayxan ál-Beruniydiń ómiri.

X ásirdiń ortaları — Qaraxaniyler mámleketiniń dúziliwi.

995-jıl— Xorezmdegi barlıq iyelikler menen wálayatlardıń qúdiretli Gúrgandj (Úrgenish) ámiri Mamun ibn Muhammed ústemligi astında bir mámleketke birlesiwi.

997 — 1030-jıllar — Maxmud Ǵaznawiydiń basqarıwı.

999 — 1017-jıllar — Xorezmshah Mamun ibn Mamunnıń basqarıwı.

1004-jıl — Úrgenish «Bilimliler úyi» akademiyası.

1017-jıl — Xorezmdegi Mamuniylerge qarsı kóterilis. Maxmud Ǵaznawiy áskerleriniń Xorezmge basıp kiriwi. Xorezmniń Ǵaznawiyler mámleketi quramına ótiwi.

1040-jıl — Xorezmdi oǵuzlar baǵındırıwı.

XI ásir — Seljukiyler mámleketiniń dúziliwi.
XI ásir — Maxmud Qashǵariy.
XII ásir — Axmed Yassawiy.
1145—1221-jıllar — Nájimiddiyin Qubranıń ómiri.
1194-jıl — Irannıń Xorezmge boysındırılıwı.
1200 — 1220-jıllar — Xorezmshah Sultan Muhammedtiń basqarıwı.
1216 — 1218-jıllar — Xorezmshax penen Shıńǵısxan arasındaǵı baylanıslardıń jaqsılanıwı.
1220-jıl — Muhammed Xorezmshahtıń Shıńǵısxannıń quwdalawınan qashıwı hám qor-zar bolıp, ǵáriplikte óliwi.
1221-jıl — Shıńǵısxan áskerleriniń Úrgenishti basıp alıwı.
1221 — 1231-jıllar — Sońǵı Xorezmshah Jalalatdiyin Manguberdiniń Shıńǵısxan áskerleri menen mártlik penen júrgizgen urısları.
1221-jıl — Jalalatdiyinniń Parwana dalasında hám Hind dáryasınıń boyında monǵol áskerleri ústinen erisken jeńisi.
1224-jıl — Shaǵatay ulısınıń dúziliwi. Sonday-aq, Joshı ulısınıń dúziliwi. Xorezm mámleketi jerleriniń Shaǵatay hám Joshı ulıslarına qosılıwı.
1224 — 1370-jıllar — Shaǵataylar násili ústemligi.
XIV ásirdiń 60-jılları — Xorezmde Qońırat qáwimlerinen shıqqan Suwpılar násiliniń hákimiyat basına keliwi.
1367-jıl — Arqa Xorezm hám Qubla Xorezmdi biriktirip Xusayn suwpınıń Xorezm patshalıǵın dúziwi.
1336 — 1405-jıllar — Ámir Temur ibn Torgay (Taraǵay) Bahadırdıń ómiri.
1370-jıl — Ámir Temur Mawarawnnaxrdıń ámiri.
1371-jıl jazda — Ámir Temurdıń Qıyat qalasınan Xuseyn suwpı nókerlerin quwıp shıǵıwı.
1372-jıl — Ámir Temurdıń Úrgenishti qamal etiwi.
1372-jıl 5-yanvar — Xuseyn suwpınıń Úrgenish qamalı waqtında qaytıs bolıwı.
1375-jıl — Temurdıń ulı Jáhángirdiń qaytıs bolıwı.
1375-jıl iyun, iyul ayları — Temurdıń Úrgenishke atlanısı.
1377-jıl — Arqa Xorezm hákimi Yusup suwpınıń Temurdıń iyeligi — Buxaranı talawı.
1378 — 1379-jıllar — Temurdıń Arqa Xorezm paytaxtı

Úrgenishti úsh ay qamal qılıwı hám basıp ahwı.

1383-jıl — Úrgenish (Arqa Xorezm) hákimi Sulayman suwpınıń Altın Orda ústemligin moyınlawı.

1387-jıl — Altın Orda xanı Toqtamısxannıń Sulayman suwpınıń járdemi menen Buxara hám Samarqandtı tonawı.

1388-jıl — Temurdıń Úrgenishke sońǵı besinshi atlanısı. Úrgenish qalasınıń jer menen jeksen etiliwi.

1406 — 1413-jıllar — Xorezmniń Altın Orda ámiri Edige Mırzanıń soramında bolıwı.

1413-jıl — Xorezm qaytadan temuriyler soramında boldı. Ulıǵbektiń isenimli adamı Shaxmalik Xorezm hákimi boldı.

1405 — 1500-jıllar — Temuriyler mámleketi.

1428 — 1468-jıllar — Shaybaniyler násiliniń dáslepki wákili Abılxayır dáwiri.

1431-jıl — Xorezmdi qısqa waqıtqa Abılxayır iyelep turǵan.

## QARAQALPAQSTAN AYMAǴÍNDA ORTA ÁSIR QALALARÍ HÁM BÚGINGI DÁWIRDEGI JAYLASQAN RAYONLAR

| Qalaları | Ásirler | Rayonlar |
|---|---|---|
| Yakke-Parsan | IV — VIII | Ellikqala |
| Atsızqala, | IV — VI | Ellikqala |
| Adamlıqala | VI — VII | Tórtkúl |
| Úyqala | IV — VI | Ellikqala |
| Xazarasp | XI — XIII | Xorezm wálayatı |
| Iyshanqala | XVII — XIX | Kegeyli |
| Tesikqala | IV — VI | Ellikqala |
| Tókqala (Darǵan) | B.e.sh. IV — b.e XIII | Nókis |
| Shaxsánem | XII — XIII | Xorezm wálayatı |
| Búrkitqala | VI — VIII | Ellikqala |
| Qırqqız | I,V — VI | Ellikqala |
| Kúyikqala | VII — VIII | Shımbay |
| Qıyatqalası | XII — XIV | Beruniy |
| Kerderqalası | VI — IX | Nókis |
| Qırantaw | VI — IX | Nókis |
| Mizdakxan kompleksi | B.e.sh. V — b.e XIV | Xojeli |
| Gáwirqala | B.e.sh. IV — b.e XIV | Xojeli |

| | | |
|---|---|---|
| Anqaqala | I — III,<br>X — XII | Tórtkúl |
| Topıraqqala | I — VI | Ellikqala |
| Ayazqala 2 | VII — VIII | Ellikqala |
| Qabatqala | XII — XIII | Ellikqala |
| Haywanqala | VII — X | Nókis |
| Shoraxan | IX — X | Tórtkúl |
| Gurgandj (Góne Úrgenish) Djurjaniya | IX — XVI | Túrkmenstan Respublikasınıń Tashawız wálayatı |
| Nárinjanqala | VII — VIII, X — XI,<br>XIII — XIV | Ellikqala |
| (Úlken) Gúldirsin | XII — XIII | Ellikqala |
| Gáwirqala | II — IV | Qaraózek |
| Jampıqqala | IX — XI,<br>XIII — XIV | Qaraózek |
| Yarbekir | XII — XIII | Xorezm wálayatı |
| Zamaxshar | XII — XIII | Xorezm wálayatı |
| Shexrlik | XII — XIII | Xorezm wálayatı |
| Qumkent (Shemaxa) | XIV | Shomanay |
| Voengan (Ardaxushmitan) | IX — XI | Xorezm wálayatı Shabat rayonı Manaxawılı |

## MAZMUNÍ

Kirisiw ........................................................................................... 3

### I Bap. QARAQALPAQSTAN ERTE ORTA ÁSIRLER DÁWIRINDE

§ 1. Qaraqalpaqstanda erte orta ásirler dáwirinde dáslepki feodallıq qatnasıqlar ........................................................................... 5
§ 2. Qaraqalpaqstan aymaǵın afriygiyler basqarǵan dáwirde ........ 8
§ 3. Qaraqalpaqstan jerindegi afrigiyler áwladı basqarǵan Xorezm mámleketiniń VII — VIII ásirdegi xojalıǵı ..............................13
§ 4. VII — VIII ásirlerdegi Xorezm mámleketiniń mádeniyatı ................................................................................ 20
§ 5. Arab xalifatlıǵı hám orta ásirdegi Qaraqalpaqstan jerleri ....24

### II Bap. RAWAJLANǴAN FEODALIZM DÁWIRINDEGI QARAQALPAQSTAN (IX—XV ásirler)

§ 6. Qaraqalpaqstan IX — X ásirlerde ......................................29
§ 7 — 8. VIII — XI ásirdegi Kerder mádeniyatı ........................38
§ 9 — 10 IX — X ásirlerde sahra qáwimleri ............................ 48
§ 11. XI — XII ásir Xorezm mámleketiniń gúlleniwi. Abu Rayxan Ál-Beruniy, Ullı Xorezmshahlar mámleketi ............................ 60
§ 12. XI — XII ásirlerdegi Aral átirapı sahra qáwimleri hám olardıń Qraqalpaq xalqınıń ata-tegine qatnası .............................. 64

## III Bap. QARAQALPAQSTAN JERLERI XIII – XIV ÁSIRLER

§ 13. Mońgollar basqınshılıǵı dáwirindegi Qaraqalpaqstan jerleri (XIII ásirdiń bası – XIV ásirdiń birinshi yarımı) ............. 70
§ 14. Qaraqalpaqstan jerleriniń Altın Orda soramında bolǵan dáwirleri ........................................................ 76
§ 15. Ámir Temur mámleketi quramındaǵı Qaraqalpaqstan jerleri ........................................................81
§ 16. Qaraqalpaqstan úlkesiniń Edige mırza mámleketi soramında bolıwı hám onnan sońǵı dáwirdegi siyasiy waqıyalar ................ 85
Ótilgenlerdi qaytalaw hám tákirarlaw ushın tapsırmalar ........... 90

ÁBDIKERIM QOSHANOV, OKTYABR DOSPANOV,
TAMARA UZAKHBERGENOVA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ

7-KLASS

(V ásirden XVI asırdiń baslarına shekem)

«Bilim» baspası
Nókis — 2018